Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

4 / 2017
июль - август





# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

# 4

# 2017

**июль - август**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургьалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

---

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**РЕДАКТОРАСУЛ РАГІИ**

**М.ПатахІов.** МацІ цІуниялъулги бицунаго, мацІалдаса лъутулел руго нилъ............3

**ХІАЖИ ГЪАЗИМИРЗАЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 90 СОН**

**Ш.МухІидинов.** Халкъалъул рекІелъе нух батарав шагІир........................................7

**ХІ.Гъазимирзаев**. Ах1улгохІ *(поэма)* ........................................................................13

**МУФТИЯСУЛ КАЛАМ**

**А.ГІабдулаев**. Инсанасул тІабигІат берцинлъи.........................................................21

**ТАРИХАЛЪУЛ ТІАНЧАЛ**

**ХІ.МуртазагІалиев**. Надиршагь гІодараб гІандалазул ракь....................................29

**КУЧІДУЛ**

**М.АхІмадов.** ТутІун бараб заман *(кучІдул)* .............................................................33

**ШАМИЛ ГЬАВУРАЛДАСА – 220 СОН**

**ГІ.Юсупов.** Имамасул ахирал сонал...........................................................................39

**ЦІИЯЛ АСАРАЛ**

**ГІ.Малачиева.** КучІдул..................................................................................................43

**ЮБИЛЕЙ**

**ГІ.ИсмагІилов.** Харбал..................................................................................................55

**КІОЧОНАРЕЛ ЦІАРАЛ**

**М.ТІагьиров**. Сивухъа РахІмат....................................................................................65

**ХАРБАЛ**

**Ш.Хъазанбиева.** Херазул рокъоса кІудил талихІалъул маргьа...............................72

**ВАЦЛЪИЯЛЪУЛ АДАБИЯТАЛДАСА**

**С.ХІажиева**. Эбелалъул хІеренаб ракІ *(хабар)*..........................................................80

**ЦІАЛДОЛЕЗУЛ ПИКРАБИ**

**С.ГІазизов.** РекІел хІал рагьулеб хабар.......................................................................88

**ГІАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Щивас жиндир рекІелъ бугеб кьола ..........................................................................91

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

**М. ПатахІов.** Жакъасеб маргъу...................................................................................94


---


Журналалъул хъвай - хъвагІай гьабун буго хъвай-хъвагІай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хІакъалъулъ. РФялъул закон цІуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: Издательский дом “Дагестан”**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр -т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №4 2017 г.**

июль - август

*На аварском языке*

Выход в свет 8.08. 2017 г. Тираж 775 экз.
Заказ № 0709 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул рагIи

**МАЦI ЦIУНИЯЛЪУЛГИ БИЦУНАГО, МАЦIАЛДАСА ЛЪУТУЛЕЛ РУГО НИЛЪ**

*ГъанжегIагар дун балагьана 1993 соналда ХъахIабросулъ букIараб МахIмудил нусго сон тIубаялъул байрамалда бахъараб видео-кассетаялъухъ. ЦIакъ гIемерал гIадамал гIахьаллъараб, тIолабго магIаруллъиялдасаги цоги-цоги бакIаздасаги гьалбал рачIараб гьеб дандеруссин авалалдаса ахиралде щвезегIан унеб букIана магIарул мацIалда. КечI-бакъанги цогиял тадбиралги рикIкIинчIого, гьенив кIалъана къогоялдасаги цIикIкIун чи. ХъахIабросулъа МахIмудил гIумруялъулги творчествоялъулги бицун, гьесул махщелчилъиялъе къимат кьун рагIи абуна Расул ХIамзатовас, гIемерал соназ Унсоколо районалъе нухмалъи гьабурав МухIамад Гьиматовас, доб заманалда ДРялъул Верховный Советалъул председателасул заместительлъун вукIарав МухIу ГIалиевас, Дагъистаналъул печаталъулгун информациялъул министрлъун йикIарай ХIаписат ХIамзатовалъ, районазулги шагьаразулги вакилзабаз. Байрамалда тамадалъи гьабулеб букIана дол соназда Унсоколо районалъул бетIерлъун вукIарав ГIумар ХIамзатовас.*

*ВукIана дунги доб байрамалда. Гьабун букIана диеги, цогидазего гIадин, унго-унголъунги рохалил асар гьеб байрамалъ. Амма гьанже гьоркьоб къоло ункъо сон ун хадуб, кассетаялъухъ балагьидалин абуни, цIакъго-цIакъ пашманаб асар гьабуна.*

*Щай?!*

*Доб байрамалда киналго бацIцIадаб, роцIараб, бечедаб магIарул мацIалда кIалъай гуребги, мисалалъе МахIмудил кучIдузул жугьабиги рачун, цояз цоял такрар гьаричIого, рагьулел рукIана шагIирасул махщелчилъиялъул аслиял рахъалги.*

*Жакъа вугищха МахIмудил. ГIалихIажиясул, ХIамзатил, Расулил, яги цогидал цIар рагIарал нилъер шагIирзабазул юбилеялъул дандеруссиназда кIалъазе ккани, гьезул творчествоялъул бицинени абиларин, микьго, яги ункъоцин мухъ ракIалдасан цIализе лъалев лъабгоги хIаким, я республикаялъул, ялъуни районазул даражаялда? Рати щакаб буго.*

*Гьеле гьеб дандекквей пикрабалъ рещтIиндал бижана пашманлъиялъул асарги.*

*РукIуна гьанжеги нилъер классиказулги цогидал хъвадарухъабазулги юбилеял районаздаги МахIачхъалаялдаги, цоги-цоги бакIаздаги. Гьенир кIалъалаго нилъер хIакимзабазда лъалеб батула гьев чиясул цIарги гьев жидер ракьцояв вукIинги. Цогияб жо гьесул творчествоялъул, яги гIумруялъул лъалев хIаким къанагIатги вукIунаро.*

*Нилъеца ахираб лъебергогIан соналъ бицунебго бицунеб буго магIарул мацI цIунизе ккеялъул. ХIасилин абуни кколеб буго, къо бахъанагIан нилъго нилъецаго магIарул мацIалдаса цIуни.*

*Жидехъ сундулго кверщел гьечIел хъвадарухъабазги гIалимзабазги кигIан ахIи баниги, бицинегIанасеб хIасил кколеб суал мацI цIуниги, гьелде тIаде гIолеб гIелалъул рокьи бижизабиги гуреблъи бихьулеб буго. Амма республикаялъулги районазулги даражаялда ругел магIарул миллаталъул хIакимзабазда, бокьани, гьелъие гIемераб хIалтIи гьабизе кIола. Бачинин гIадатияб мисал. Библиотекабазул хIалтIухъаби ахIдолел руго жидее магIарул мацIалда рахъарал тIахьал хIажат ругилан. Гьел росизе гIарацин абуни районазул нухмалъулез кьолеб гьечIо. БукIунелъулха щибаб районалдаги шагьаралдаги библиотекабазе хIажатаб литература босизе бихьизабураб гIарац. Гьебни щиб, магIарул мацIалда рахъулел газетазеги журналазеги подписка гьабизецин щолеб гьечIо гIарац районазулги, росабазулги, шагьаразулги библиотекабазеги цогидалги маданиялъул идарабазеги. Гьелъиеги гьечIогойищха гIарац районазулги шагьаразулги бюджетазда? ГьечIилан абураб жоялда щивго божиларо.*

*ГьанжегIагар нилъер хъвадарухъаби щвана Гъуниб районалде. Гьениб букIараб дандчIваялда бицунеб бацIцIадаб магIарул мацIальги цIаларал кучIдузги асар гьабурав районалъул цIивищарав бетIер АхIмад МухIамадовас рагIи кьуна хадубккун райадминистрациялъул щибаб анкьил дандельи магIарул мацIалда бачине. ЦерегIан соназ, ГIабдулхIалим Мачаев районалъул бетIерлъун вугеб мехалда авар мацIалде данде гьужумги Гъунисан байбихьун букIана. Гьанже авар мацI чIаголъизабизеги Гъунисан байбихьизехъин буго. АхIмадидаса мисал босани лъикIан, магIарул мацIалъул гъанситолъун рикIкIунеб мадугьалихъ бугеб Хунзахъ районалъул бетIер СагIид Юсуповасги, цадахъго киналго магIарул районазул нухмалъулезги. Кинабжо букIунеб, магIарулал гурони жанир гьечIел районазда райадминистрациязулги цогидалги данделъаби гIурус мацIалда рачин. Гьенисан гурищ байбихьулеб бугеб магIарул мацIалъул кьалбал ракъвазаризе. Щай бегьулареб районазулги росабазулги идараязул кIалтIа гIурус мацIалъго гIадин гьеб идараялъул цIар магIарул мацIалъги хъвазе. Масала: «Центр социальной поддержки населения Гергебльского района», акIобго «Хьаргаби районалъул социалияб рахъалъ гIадамазе кумек гьабиялъул центр», яги «Управление образования Ботлихского района», аскIобго «Болъихъ районалъул лъай кьеялъул управление» ва гь.ц. – гьединго цогидалги.*

*Гьедин гьабизе нилъее лъицаниги гьукъунги гьечIо, законалде данде кколареб жоги гьениб щибниги гьечIо.*

*Нилъеца гIемер бицараб, бицунги чIалгIараб хабар буго эбел-инсуца лъималазе ракъосанго рахьдал мацI гьуин гьабизе ккеялъул. Гьуинали киб гьабулеб, гьуинлъулеб бугони кьогIлъизабулеб буго гьанжесел*

*«гIакъилал» эбел-инсуца гьеб. Гьале гьелъие хIужа: Киса-кибго цIех-рехги гьабун, жидер лъималазе рахьдал мацI хIажат гьечIин гIемерисел умумузги абун, ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялъ хIукму гьабизехъин букIана школазда миллиял мацIал малъи лъугIизабизе. Гьеб цIияб хабаралъ рахIатхвезабун Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалда данделъун рукIана магIарул мацIалъул учительзабазул ассоциациялъулги, авар басмабазул цолъиялъулги вакилзабиги, нилъер хъвадарухъабиги. Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIипов гьоркьове лъугьун, гьес гьеб «цIилъиялъе» нух къачIебани, хIакъабжо, бачIунеб соналдаса Дагъистаналъул школазда миллиял мацIалги миллиял литературиябги малъи лъугIизе бегьулаан.*

*Гьединаб ахIвал-хIал бугеб мехалда, киназго, бажарарас бажараб гьабун тIаде гIолеб гIелалъулъ нилъерго мацIалде рокьи бижизабиялъе хIаракат бахъизе хIажат буго нилъее. Бегьилаан росабазул школаздаги, хадуб районазул, цинги республикаялъул даражаялдаги цIалдохъабазда гьоркьоб нилъер мацIалъул, адабияталъул, маданияталъул, тарихалъул суалазда тIасан къецал, бахIсал, цоги гьезда релълъаралги тадбирал тIоритIизе. МацI, тарих, адабият лъаялда лъил кинаб цебетIей бугебали, лъил сундуе махщел бугебали тIатинабиялъе квербакъилаан гьелъ. Гьединго нилъеца гIемер бицараб, жеги хIасилги ккечIеб иш буго гIисинал лъималазе цIализе магIарул маргьабазул, биценазул, суратаздалъун берцин гьарурал гIисинал тIахьал риччайги, гьединго, гьитIичазе мультфильмал рахъиги. Руго жеги-жеги гьаризе бегьулел гIемерал хIалтIабиги. Цого жо гIемер бицун халат гьабиларин. Амма гьеб кинабго бицунебго бицунеб хутIула гьелъие квербакъулев чи гьечIони. КигIан гьитIинабги хIалтIи гьабизе гьанже гIарац къваригIунеблъи лъалеб жо буго. Гьадал тадбиразеги, лъималазул жидеца гьабулеб гьеб лъикIаб ишалде рокьи бижизабизеги, ракIбазабизеги хIажалъула гIарац. Гьеб гIарацин абуни батизабизе кIола районазулги шагьаразулги бутIруздаги, республикаялъул министерствабаздаги, цоги идарабазул нухмалъиялъул ишазда ругелги магIарулаздаги, Халкъияб Собраниялда ругел нилъер депутатаздаги. Рищулел, хъулухъалде тIамулел мехалъ магIарулаллъун рукIун, жидерго мурадалде щведал магIарулаллъун рукIин гьезда кIочон тейги буго аслияздаса цо гIилла нилъер мацIалдасаги, адабияталдасаги, маданияталдасаги тIаде гIолеб гIел нахъегIан чIун букIин.*

*Нилъеца цIакъ чIухIун бицуна миллионалде гIагарараб халкъ бугила нилъергилан. Амма, хIисаб гьабуларо, халкъ, гьеб миллаталъул мацIалда кIалъалел гIадамазул къадаралъ борцунеблъиялъул. Гьедин балагьани, шагьаралда ругел магIарулазул, хъвазе-цIализени абизего абиларин, лъикIги-квешги бицинецин авар мацI лъалел лъимал кигIанасел ругел? Нусгоязда гьоркьор щуго ратаниги гIелаан. МацI лъаларев чиясде магIарулавин абизе бегьилищ, гьезул эбел-эмен магIарулал рукIунилан. Гьебго жо абизе бегьула цогидал гIодоблъиялъул ракьалда ругел магIарулазул хIакъалъулги. Гьеб унти дагь-дагьккун магIарухъ-*

*еги щолеб буго. ХIисаб гьабураб мехалъ, цIикIкIунел гуро, къо бахъа-нагIан дагьлъулел руго магIарулал.*

*Рахьдал мацI гьечIелъуб букIунаро миллияб хаслъиги. КIочон тола кинабго кьолболабщинаб. ХIасил-калам, магIарулабги билараб, гIуру-саздеги гIагарлъичIеб, кинабали, лъезе цIар лъалареб гIел гIолеб буго нилъер.*

*Доб байбихьуда ракIалде щвезабураб ХъахIабросулъа МахIмудил юбилеялда бицунеб букIараб авар мацIалъул хутIараб жого гьечIо гьанже. Жеги къоло ункъо соналдаса щибдай букIина нилъерги нилъер мацIалъулги?! Гьелъул хIисаб гьабулев чи чам вугев?!*

*Лъалеб жо буго, гIисинал, пачалихъияб къваригIел жидедасан гьечIел мацIал дунялалда лъугIун унел рукIин. Халкъ кIудияб бугониги, цоцазда киналго мацIал ращад гьарураб гIемермиллатазулаб Дагъистаналда авар мацIги гьединаблъун кколеб буго. Мадугьалихъ рунгел республикабазул нилъедасаги гIемерго гьитIинал халкъазде дандеккунцин гьеб рахъалъ нилъер ресал дагьал руго. Кинабго бараб буго нилъедаго магIарулазда. ХIажат буго нилъее мацIги, адабиятги, маданиятги цIилъизабиялъе кьучIаб программа гьабизе. Гьебги цо хасал, жидерго мурадал ругел чагIазда божун течIого, гIаммаб куцалъ иш лъалел гIадамалги гIахьал гьарун къабул гьабизеги, гьелда рекъон, дандбан хIалтIи цебе бачинеги ккола.*

*МагIарул мацIалъ тIубалеб пачалихъияб къваригIел гьечIилан течIого, гьеб суалалда тIад районазулги республикаялъул даражаял-да ругелги магIарул хIакимзаби – кверщел кодосел гIадамал ургъани, ургъун течIого бажарарас бажарараб хIалтIиги гьабуни, хадусел гIелазе нилъер мацI цIуниялъе дагьа-макъабниги хIасил кьелаан. Гье-динго гьеб ишалъе квербакъизе рекъараб букIинаан Дагъистаналда жанирги къватIирехунги ругел нилъер ресалда ругел гIадамазги.*

**МухIмад ПАТАХIОВ**



# ХIажи Гъазимирзаев гьавуралдаса - 90 сон

## ХАЛКЪАЛЪУЛ РЕКIЕЛЪЕ НУХ БАТАРАВ ШАГIИР

БекьечIдерил росдал тарихалъул шигIрияб зоб аслияб къагIидаялъ БакьагьечIиса Тажудиница (ЧIанкIаца) ккун буго. Амма ЧIанкIа гьеб зодов ялгъузаб цIвалъун киданиги вукIинчIо. Гьесдаса цере рукIана, Къебедасулав, Тажудинил эбел Хъатун, яц Хажа, цогидалги. Амма Тажудиница гIадин Дагъистанго гвангъизабураб канлъи кьолеб шигIрияб цIва бакизе цогидахъа бажаричIо. Гьесдаса хадурги БакьагьечIир шагIирзаби гIемер рукIана, Муртазал цIар бахъарабго гьимуларев чи ватизе захIмат буго.

Жакъа, тохтир, живгоги шагIир, художникI, хъвадарухъан, ахихъан, боцIухъан БакьагьечIиса ГIалиев Гъайирбегица хъвавухъе, БакьагьечIир 70-гIан шигIраби хъвалел поэтал руго. Гьезда гьоркьов ЧIанкIал цIаралда аскIоб цIар хъвазе мустахIикъав, гьесго гIадин халкъалъул рекIелъе нух бахъарав, Дагъистаналъулго халкъалъе вокьулевлъун лъугьарав шагIир ккана СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул член, магIарулазул машгьурав поэт, магIарул радиоялъ ахIулел гIемерал кучIдузул автор ХIажи Гъарзимирзаев. Жакъа магIарулазул вокьулев поэтасул сонал 90-ялде рахараб мехалъ, гьев Аллагьасул къадаралде щун санал раниги, дие бокьун буго гьесул ва гьесул шигIрабазул хIакъалъулъ цо чанго рагIи абизе.

ХIажи Гъарзимирзаевасе гьитIинго бокьулаан аваданаб кечIги, кепаб хабарги. ГIумруялъ гIадамазе гIемерал дарсал кьола. Киназго гуро гьел гIумруялъул дарсаздасан пайда босулеб. ГьитIинав ХIажи кIвар кьун гIенеккулаан, кIудияз кечI ахIулелъулги, кепаб хабар бицунелъулги. Рагъул соназда жеги пикру камиллъичIев ХIажи цIали-къалиялде ваялъ кьолеб жоги гьечIого, цIалуде вуссине ресги гьечIого, ругьунлъана хIалтIуде. Гьабуна колхозалда вехьлъиги, илхъичилъиги, гIиял ва чуязул фермабазе заведующийлъиги. Амма кидаго вукIана жигарав, аваданав, кеп-ихтилат хирияв, рагIи бегIерав гIолилавлъун. Кепалъе хъвалаан ва гьудулзабазе цIалулаан кучIдул.

Загьирго кучIдул хъвазе байбихьана I953 соналдаса нахъе, ай гIумруялъги, захIматалъги лъадарарав лъикIав гIолохъанчиясул гIумруялде вахараб мехалъ. Цогидал шагIираз цин загIипал кучIдуздасан байбихьун, гьунар дагь-дагьккун цебе бачунеб батани, ХIажица бачIинахъего байбихьана, цо нухалъ цIалани цIаларасда рекIехъе лъалел, пасихIал, магIнаялъул рахъалъ балугъал кучIдул хъваялдасан.

**Бокьулеб мугIрул халкъ, нужер божелгун,**
**Дун кочIол ралъдалъе гъорлъе лъугьана,**
**Гъанкъулев вугони, данде квер бегье,**
**РагIалда вихьани, гъорлъегIан тунке.**
**Нагагь, магIарулав, мун кIочон хадуб,**
**Хобцин хIарам буго дур ракьалда дий,**
**Рокьулел мугIрузе дун хисун хадув,**
**Хабал агьлуялде гъорлъе виччаге.**

Гьал мухъаздасан бичIчIула кинаб жавабчилъигун ХIажи кочIол ралъдалъе лъугьаравали, ва щал кочIолъ ахIизе къасдгун, нигатгун гьес тIоцересел галаби тIамуралали. Гьединлъидал батила, ХIажил кучIдул гьираялда къабул гьаруна, районазул газетаз, «БагIараб байрахъ» газеталъ, «Гьудуллъи» литературияб альманахалъ, аслияб жо, магIарул халкъалъ, мугIруз. I965 соналъ бахъараб «Лъаразул гаргар» абураб чанго шагIирасул цадахъаб тIехьалда ХIажил «Дир мугIрул» абураб бутIаялда рахъун руго гIезегIанго кучIдул.

ЦохIо гьезде бер щвезабуниги бичIчIула ХIажил пасихIлъиги, рагIул балъголъиялде ваккизе бугеб гьунарги, магIнаялъул рахъалъ камиллъиги.

Кинал пикрабазха ХIажил рахIат хвезабулеб бугеб, щиб гьес кочIолъ ахIулеб бугеб? Киназдаго лъала, ХIажица аслияб къагIидаялъ кучIдузулъ рорхулел суалал руго Дагъистанги мугIрулги, магIарулазул бахIарчилъиги, гьезул лебалаб тарихги, гьезде бугеб рокьиги.

**Роржун унел цIумал цIвабзазда хъвалел,**
**МоцIрода дагIнил лълъар лълъуранин кколел,**
**Лъаралги гIедерал, гIоралги гучал, –**
**Гьале дий рокьулел рорхатал мугIрул.**

**Къехь ретIун цIунарал, тIех кун рагъарал,**
**Умумуз ирсалъул бутIалъун тарал,**
**Лебалал васазул ВатIанги ракьги,**
**Гьале дий рокьулел рорхатал мугIрул.**

**Гьаб ВатIан цIуничIев магIаруласе,**
**МагIарул васасул цIар хIарамлъула,**
**Гьал мугIрул рихарав бахIарчиясе,**
**Чохьол Эбелалъул рахь хIарамлъула.**

«Эбелги» «ВатIанги» абурал рагIаби шагIирасе тIадегIанал, цого магIнаялъул ругелъул батила, «Эбел» абураб рагIи гьаниб ХIажица «ВатIан» абураб рагIиго гIадин, кIудияб хIарпалдалъун хъвалеб буго.

ВатIаналде бугеб рокьиялъул хъвалаго, гьелда тIей гьечIого бухьараб ВатIан цIуниялъул, бахIарчилъиялъул хъвачIого рес гьечIо. ШагIирасда кIола къокъал рагIабазда жаниб цIакъ гIемераб, кIудияб асар лъезе цо чанго куплеталъулъ ВатIаналде рокьиги, бахIарчилъиги, умумузул ирс босизе ккейги, гьелъие хилиплъарасе инсул ВатIаналъ гьабулеб гIадлуги бихьизабизе.

**Полкалъе гьа кьезе кьерда чIолаго,**
**Хьолбохъ эхетана Генуса Шамил.**
**Гулбузул картIазухъ чIарталги ругIун**
**Воре мун къвакIеян кIалъана имам.**

**Гьелъул байрахъалда баулеб мехалъ,**
**ВачIун цеве чIана дов ХIажимурад,**
**ХIалалаб ракьалъе хилиплъун хадув**
**Хунзахъ тIалъиялде тIокIав унгеян.**

ХӀажицаги кучӀдузулъ ахӀулеб буго йокьарай ясалде бугеб хӀасратаб гӀищкъу. Амма, ХӀажица кочӀолъ ахӀулеб гӀищкъу, гьелгьел рокьи гуро. Гьеб буго яхӀ-намусалъе хилиплъуларев, мугӀрузухъ, Дагъистаналъухъ рокьи ккарав, гӀаданлъиги чилъиги цӀунулев, бахӀарчияв вехьасул, мугӀрузда гӀурав ракӀ бацӀцӀадав гӀолиласул гӀищкъу.

**Баккулаго бакъалъе къвал бан данде бачине,**
**КъанцӀуни рахӀмат кьолеб накӀкӀул парча бокьула.**
**ГӀалам цебе чӀаниги, рокьи ккарав васасул,**
**РекӀел гӀищкъу унаро гьудулалде гурони.**

* * *

**Гьаб дуе бачунеб чагъана бугин,**
**Чохьол эбел диде ягъилей йиго,**
**Чорхол къуват хварав херав эменги**
**Нилъер накъиталда рекъолев гьечӀо.**

**Дун йокьун ятани кьеян чи витӀе,**
**ТӀокӀаб дир горда гъоркь гъургъур бачунге,**
**РекӀей гӀун ятани гьаре инсуда**
**Я гьев щакдаризе чӀимхал рехуге.**

Умумузул гӀадатги, исламалъул тӀалабги, кьучӀчӀ гьечӀеб гьелгьел рокьиялдаса цӀуниги, ясалъ жиндирго къадру, цӀар мекъи ккезе рес бугеб нухдаса жийгоги гӀагарлъиги цӀуниги, заманалъул сипат – кинабго жанибе бачун буго гьаб кӀиго куплеталъ.

МагӀарул намусалъул, жиндиего бокьулареб иш цогидасе гьабизе бегьунгутӀиялъул, тӀадегӀанаб яхӀалъул роцен цебе лъолеб буго ХӀажил гьаб куплеталда жанибги:

**Чияр гьудулалда гьимун кӀалъазе,**
**РакӀалъ дир кӀалалда кӀулал рахала.**
**Нагагь дунго гӀадав, дирго лъадуда**
**КӀалъани дирго ракӀ унтизе гурин.**

Гьунар бугев поэтас къокъал пасихӀал мухъазулъ лъола жив жанив вугеб гӀасруялъул, гӀамал-хасияталъул, дунялалда кколел хиса-басиязул сурат.

**Заман адин буго, ирга дур буго,**
**Дун дур асир вуго – босе дурго кеп**

Гьедин кӀалъалев вуго ХӀажил шигӀруялда гӀолилав ясалдехун. Къоабилеб гӀасруялъ Совет хӀукуматалъул ракьалда хассго, чӀужугӀаданалъе ихтиярал кьолелилан, бихьиназухъа гьезухъ рукӀинчӀони мекъи кколелцин ихтияралги рахъун, киналго суалазулъ чӀужугӀадан бергьинаюлей йикӀана. ХӀатта иш ккун букӀана бихьинчиясул ихтиярал цӀунун гӀадамал къватӀире рахъине ккеялде. Гьеб ахӀвал-хӀалалъе мукӀурлъичӀого жиндир чара гьечӀолъи, замана хисун букӀиналъ жив къун чӀезе кколев вугин абулеб буго гӀолилас.

Гьел мухъаз тIоритIел гьабулеб буго, авторасул, гьеб заман хисизе рес бугин, бачIинин бихьинчи бихьинчилъунги рикIкIунеб, чIужугIаданалъе ихтияр кьолебилан, гьелда, кIоледаса цIикIкIараб бакIлъи тIад лъоларебги заманилан абураб пикруялде. ХIажи вукIана хIакъикъаталдаги халкъалъе вокьулев, гьез, хъванщинал кучIдузул гIемерисел рекIехъе рицунев, цIалулев поэт.

Гьесул кучIдул гъираялда цIалулаан цIалдохъабазги, ХIажица чанго тIехь сайигъат гьабуна лъималазеги. РакIалда буго ХIажи жиндирго гIагараб БакьагьечIиб гьоркьохъеб школалде цIалдохъабигун, жив цIализавурал учительзабигун дандчIвазе вачIун вукIана. ВачIун вукIана Москваялдаса жиндирго гьудул, гIурусазул поэт ва таржуман Лысцовгун цадахъ. ДандчIвай букIана аваданаб. Лъималаз гьенир гъираялда цIалана ХIажил кучIдул. Москваялдаса поэтасги цIалана жиндирго кучIдул. Гьениб Лысцовас бицана, жинца ХIажи аслияб къагIидаялъ лъималазе хъвадарулев поэтлъун рикIкIуниланги, чIахIиязулалде данде лъималазе кучIдул хъвазе гIемерго захIматаб букIиналъулги. Ахиралда Лысцовас абуна: «Дица гIурус мацIалде таржамаги гьабун хIадурулеб буго лъималазе хъварал ХIажил кучIдузул тIехь. Бахъизе буго Москваялъул «Детгиз» басмаханаялъ. ХIажил шигIраби Дагъистаналда машгьурал рукIин дида лъалаан. Амма гьадигIан цIакъ лъималазеги ХIажиги ХIажил кучIдулги рокьулел ратиялдаса дун цIакъ разилъана» –ян.

Таржама гьабулаго кватIараб лъаларо, хIакъикъаталдаги гIурус мацIалда лъималазе «Детгизалъ» бахъулеб букIун буго ХIажил тIехь. Гьелъул тиражги букIине планалде босун букIун буго I00 азарго тIехь. Совет хIукумат биххиялъул карачелги тIаде бачIун, басмаялда кьаби гурого гьечIеб, хIадурараб тIехь бахъичIого хутIун буго. Гьелда цебе буго гIурусазул поэт Лысцовас хъвараб цеберагIиги. КватIичIого шагIирги къадаралде щун, бахъичIого нилъехъе щвараб гьеб тIехь гьанжениги къватIибе бахъиялъе рес бугез квербакъани, гьеб цIакъ кIудияб сайигъатлъун букIинаан нилъер лъималазеги, боххилаан магIарулаз абухъе ХIажил рухIги.

ХIажил руго жакъаги халкъалъ ахIулел кепал, аваданал инсан лъикIалде кантIизарулел кучIдул. ТIоцебесеб цадахъаб тIехьалда бахъараб «Гуржаниса яс» абураб кечI ахIуларев яги ахIулеб рагIичIев чи магIарулазда гьоркьов ватиларо. Хасго рекIелъе бортуледухъ гьеб ахIулаан ХIажил лъикIав гьудул ва Дагъистаналъул халкъалъе, хасго магIарулазе вокьулев кочIохъан Даку Асадулаевас. ХIажил гIемерисел кучIдул ахIулаан Даку Асадулаевас. Гьелъ батила, Дакуе къадар щвараб мехалъ бищун рекIее асар гьабулеб марсият гьесде хъварав чиги лъугьана ХIажи.

Живгоги вехьлъун хIалтIидал, вехьасул гIумруги мугIрузул тIогьалги рокьиялъ ХIажил кучIдузда, кинаб босаниги, гьеб махщелалъул дангъва камуларо. Масала, гIемер ахIулеб «Рилъа ясал, магIарде!», Гьеб ахIулелъул гьимуларев магIарулав вукIунаро, гьеб буго жибго халкъалъул рекIелъан босун хъвараб кепаб, махсародул кечI. Гьелъ батила гьеб гIемер ахIулебги. Яги «Вехьасул кечI»:

**МугIрул тIабигIат лъалев,**
**ТIугьдузул махI бичIчIулев,**
**Вугодай гьаб ракьалда,**
**Дун гIадинав гIалимчи.**

Гьедин байбихьулеб кечӀалъ бачун цебе лъолеб буго вехьасул гӀумруялъул захӀматалги аваданалги киналго рахъал. ХӀажидехунги гьесул кучӀдуздехунги халкъалъул букӀараб рокьиялъул бицунел чанго хӀужа рехсезин. Дун цо нухалъ ХӀажигун ва Мущулиса поэт ХӀосенил МухӀамадгун цадахъ ХӀажил бетӀерлъиялда ана ЦӀумада, Болъихъ, ГӀахьвахъ районазде творческияб сапаралъ. Щибаб росулъ шагӀирал гъираялда къабул гьарулаан, хасго ХӀажил цӀар бахъарабго, кин гьесие гьоболлъи гьабилебали лъаларого рортанхъизе лъугьунаан.

ТӀидиб росулъ букӀанин ккола, росу рагӀалде щваралго, цо гӀолохъанай ясалъул гьумер ХӀажида бер чӀварабго гвангъун ана ва щибго абичӀого росулъе екерун ана. Гьелъул магӀна бичӀчӀуларого дунги вукӀана. Росдал рагӀалдаса росдал клубалде ниж щвелалде ХӀажи вачӀиналъул хабаралъ росу цӀун батана ва гӀадамал чӀела-чӀелал гьарун клубалде ракӀаризе лъугьана. Ниж клубалда аскӀоб букӀараб гьитӀинабго библиотекаялде жанире лъугьана. Гьениб бакьулъ столги лъун гьелда тӀад тӀиритӀун ругоан ХӀажил тӀахьал, аскӀобго лъун бугоан берцинаб рамкаялъуб ХӀажил сурат, сураталда цебе мугӀрузул тӀугьдулги ругоан. Дица гӀажаиблъи гьабун гьикъана, кингӀаги гьадигӀан хехго гьаб гӀуцӀарабилан. «ХӀажил кучӀдуздеги ХӀажидеги нижер бугеб рокьи дуда лъалебани, дуца гьеб суал кьезе рес букӀинчӀо» – ян букӀана жаваб.

Цойги росулъ парткомалъул секретарас ХӀажиги лъалила, гьесул поэзияги лъалила, амма жакъа бугеб ахӀвал хӀалалъ халкъалъулгун нужер дандчӀвай гьабизе кинго рес гьечӀила, цо кӀиго къоялдасан вачӀани бокьилаанилан абидал, бихьизе бокьилаан гьеб росдал школалъул директорасул бадиб пирхараб ццидал цӀа. «Хириял гьалбал, рилъа дида цадахъ дица гьабила нужергун дандчӀвай, лъималги ахӀила гӀагарлъиги аскӀоб чӀезабила» –ян хехдарана гьев. Каникулазул заман букӀаниги, школалда лъималазулгун дандчӀвай гӀуцӀана ва къаси рокъореги ахӀун лъикӀаб гьоболлъиги гьабун хадуб гьесул тӀолабго гӀагарлъиялъе кочӀол ва ХӀажи вачӀиналъул байрам гӀуцӀана ва гьеб, сардилъ сагӀат кӀиго тӀубазегӀан халалъана.

ХӀажил цо - цо кучӀдул цензураялъ риччалареллъиги лъан, балъго гӀадамазда гьоркьор тӀиритӀаралги рукӀана. Гьединаблъун букӀана милициялъул хӀалтӀухъабазул тохал ишал къватӀир чӀвазарулеб «ЩӀогьор кквей» абураб кечӀ. Гьеб гӀадамаз кепалъеги ахӀулаан, жидеего нусхаби (копияби) рахъун цӀализеги цӀалулаан. Гьелги рукӀана магӀарул халкъалъе хасиятаб беццулеб ххвелги гьабун каки гъорлъ жубараб, махсаро бугеб:

**РикӀкӀада бугеб жо гӀагарде цӀазе**
**ЩӀурдул гьечӀониги дурнаби рана.**

ХӀажил шигӀрабазе хасиятал рукӀана умумузул фольклоралъул тӀагӀамги, тӀадегӀанал классиказул, МахӀмудил, ЧӀанкӀал пасихӀал кучӀдузул асарги, ЦӀадаса ХӀамзатил махсароялда пархенги. Гьедин гьечӀого букӀине ресги букӀинчӀо. ХӀажи цӀалана литературияб институталда гурев, гьезул школалда. Дагъистаналъул магӀарул шигӀру букӀана гьесул гьекъолеб лъим, цӀалеб хӀухьел. Гьайгьай, букӀана Аллагьас кьураб гьунарги, гӀасруялъул жиндирго къагӀидаялъ сурат бахъизе, сипат гьабизе махщелги.

Дунялалда гIемерисев чияс цо гIумру гьабулеб батани, ХIажица гьабуна кIиго гIумру, кIиябгоги тIадегIанаб даражаялда. Цояб, киназго гIадин гьабуна магIишат, захIмат бихьун гьитIинаб къоялдаса нахъе гIи –боцIул фронталда гьабуна ВатIаналъе хъулухъ. ТIалаб гьабуна хъизан –лъималазул. Цойги хIалтIана шигIрияб фронталда. Гьенибги гьесда кIвана жидее жинца шигIраби хъвалеб халкъ рази гьабизе, гьезие вокьулевлъун лъугьине.

ХIажица хъвана гIемерал поэмабиги. Гьездасан бищун машгьураблъун лъугьана «АхIулгохI» абураб поэма. ХIажица хъварал поэмабазе хасияталъун букIана ВатIаналде, умумузул ирсалде рокьи, иш лъан гъорлъе ваккун хъвай, лъугьабахъиназде жиндирго рекIел асар загьир гьаби. ХIажи вукIана лъикIав гьудул, аваданав чи, гьесда сверун ракIаризе, гьесул харбихъ гIенеккизе, гьесул махсароялдаса кеп босизе бокьулаан киназего.

Мунагь гьабичIев чи ХIажи вукIинчIо:

Эбелалъ ХIажиян цIар ахIаниги,

Дун хIажи вукIинчIо, нужеда лъала – ян хъвана ХIажица цо кочIолъ.

БекьечIдерил колхозалъул собраниязул залалда ХIажилги росдал жамагIаталъулги дандчIвай букIана. Гьениб гьес цIалана рехсарал мухъал жанир ругеб, жиндирго гIумруялъулъ ккарал гъалатIазул ва гьездаса ракI бухIи загьир гьабураб кечI. Гьелдаса хадуб залалдаса къватIире рахъунаго цо гIакъилав херас абуна: «Жакъа росдал жамагIаталдаги Аллагьасдаги цере ХIажил мунагьал чурана». – ян. Нилъецаги абила: «Аллагьас ХIажил мунагьал чураги, гьев Аллагьас Жив разиял лагъзадеридасан гьавеги, гьес хъван нахъе тарал шигIраби Аллагьас гьесие пайдаяллъун, хадубккунги нилъееги пайдаяллъун гьареги» – абун. Гьесул пасихIал, рекIелъе ртулел, цо цIалани рекIехъе лъалел шигIрабаз нилъее, магIарул мацI бокьулезе хъулухъ гьабулеб жакъаги бугелъул. ХIажил шигIрабазул мисалалги рачун, гьесул поэзиялъул хIакъалъулъ тIехь хъвазе бегьила.

Амма дие бокьилаан ХIажил кучIдузул, поэмабазул цо кIудияб тIехь данде гьабун ва бахъун бихьизе. Бокьилаан гьесул хIакъалъулъ ракIалде щвеязул тIехьги тIаде жубазе. Бокьилаан гьесул гьудулзабаз ракIалде щвеял хъван ритIун, гьесде гьарурал кучIдул ритIун дие гьел данде ракIаризе кумек гьабизе. РакIалдещвей, бахъичIеб кечI, лъугьа-бахъин, хъван битIани баркалагун къабул гьабилаан. Аллагьас квербакъи гьабеги!

***Шамил МУХIИДИНОВ,***
***Россиялъул Хъвадарухъабазул***
***ва Журналистазул Союзалъул член.***



ХIажи
ГЪАЗИМИРЗАЕВ



## АХIУЛГОХI

*(поэма)*

ГIанди гъойсуялъул карачелаби
ГIешдерил кьурабалъ кьабгIелел руго.
КьогIаб къисматалъул къуркьи гьечIеб нугI
Тарихалъул бицун, гьулчулеб буго.
Гьелъ ахIулеб буго, бугеб рухIалда,
БахIарчилъиялъул, доб къеркьеялъул,
Къоло щуго соналъ ярагъ бичичIел,
Нилъер умумузул, имам Шамилил.
Гьелъ ахIулеб буго АхIулгохIалъул,
Аргъут сородараб, сардар хIинкъараб,
Гьелъ ахIулеб буго Пулло гIодараб
ГIешдерил лъаралъул, ЩулалъулгохIил.
Гьаниб тIухьиялъги тIураб биялъги
БагIарлъун букIанин эхеб унеб лъар.
Гьаниб кьвагьиялъги кьалул кIкIуялъги
Кьер хисун букIанин бакъул нуралъул.
Гьаниб лаилагьги гьуррадул сасги
Кьурабалъ багъулеб моцIаз къотIичIин.
Гучаб пачалихъгун хьатгIанаб тIалъи
Нусго сордо-къоялъ къел ккун багъанин.
Гьенисан Пуллоца пачаясухъе
Чапар витIун анин тIадвуссинищан.
ТIолго аскар лъугIун, дун къварид вугин,
Къей гьечIев Шамилгун иш релълъунарин.

### ПУЛЛОЛ КАГЪАТ

### I

Огь, Шамилил гIадатлъи,
ГIадлуялъул ритIухълъи.
Бодулъ муридзабазул
Имамасе мутIигIлъи.

АхIулгохIил гьитIинлъи,
Гьаб къавмалъул щулалъи,
Лъимер баччун чIужуцин
ЧIола гуллида цее.

ВатIаналъул хиралъи,
Халкъалде бугеб рокьи,
Дица дуй кьураб рагIи
РагIалде бахъинадай?
Квенги гьазул батIияб:
Лъимги, тIехги, мохмохги,
РатIлилги цо гIадатлъи:
ТIомги, сугъурги, къехьги.
Живго имамасдацин
Сугърал чухъа рагIула,
Квасул куналъ букъараб,
Рукъабаз чарлъараб.
ТIагъур буго гъалараб,
Чалма буго гIурччинаб,
Чакма-галош кидаго
Ас ретIун батиларо.
Амма гъеж буго досул
Духъе гIунтIилеб гIадаб,
Цо хвалчаде ворчIани,
ЧIаран лъола нилъерал.
Чол чахьикьан сверула,
Ишан босзе щоларо,
Ургъунго гьав Аллагьас
Рагъуй вижарав вуго.
Гъужумалда как бала,
Рагъуй квалквал кколаро,
Гъасухъа мугIрул рахъун
Пача, нилъ рохуларо.
ГIорал кIанцIун ворчIула,
ЧIваниги гьев холаро.
Нилъер хвалчадул чIухIи
Эсул хонжроца чIвана.
Чуги гьасул гIаларча,
ГIала къинлъун гьабичIеб,
Кьурулъ шинкIил рекIунеб,
ЩвартIан гIорал кIанцIулеб.
Хочоеги, гьикъуге –
Гьасда гьеб къалеб гьечIо,
Гьасда цо рагъул гьикъе,
Гъужумалъ ине виччай.
Дица гьурра ахIула,
Ав зикруялде вала,
ЩIа боркьараб рагъдаги
Чи хвечIого ворчIула.
Дир аскар дагьлъун буго,
Сахал полкал лъугIана,
Бокьилаан дур изну
АхIулгохI рехун тезе.

* * *

Гьедин хъвана Пуллоца
Пачаясухъе кагъат,
Гьалагал дол рагъазда
Дагъистан бахъулаго.

II

Рилълъа нуж ГIашилтIе, щва АхIулгохIтIе –
Щибаб гохIтIа дуда ватила Шамил.
Сордо рогьа дуца гIещдерил росулъ –
Мун гъазаваталде гъорлъе лъугьина.
Гьезул годекIанир цIвакарал ганчIаз
ЦIалила дуй къиса доб къеркьеялъул,
Михъилъ хIур чIвачIезги гъазаваталъул
Гъаргъар балеб зикру ахIила дуе.
Живго бергьаниги, тушман гIодараб,
ГIещдерил щулалъи хутIила рекIелъ,
Харил цIа лъуниги, цIеца бухIичIеб
БахIарчияб росу бихьила дуда.
Гьаниб чIагояб нугI – чIабатIги бухIун,
Хер гьабураб гамачI годекIанибго.
Гьаниб кьурда кьурул нохъода жаниб

Кьвararав Шамилил харил хазина.
Квер босун росу тун руччаби-лъимал
ЛъагІелалъ рахчарал чармил кьураби,
Чундузе нух гьечІеб болжаца къарал
ТІабигІаталъ кьурал кьалул сангарал.
Агьлу-хъизаналъул хІакъикъат лъазе
Кварил кьо букІараб кІиго кьурул гІус,
Кьвагье, речІчІейилан, чІинтІе, гъуреян
Руччабазул ахІи, лъимадул завухъ.
Кварил гьулак гІадаб гьелчолеб кьотІа
Мунгун данде чІвала ГІашилтІаса яс,
Гъажалда гІеретІгун, кодоб туманкІгун,
Каранда лъимергун, бадиб пардавгун.
АхІулгохІ къечарал къоял данде чІван,
Къадруяв Шамилил рагъухъан йикІун.
Вокьулев цІунизе, рокьи цІунизе,
Эркенлъидай гІоло гІумру бичизе.
Щаклъуге, цІалдолев, щва мун ГІашилтІе,
ГІемерал къисаби рагІила дуда,
Къаси бецІаб сардилъ, гІарщаца юхьун
ГІурулъе йиччарай гІеретІ цІезе яс.

III

Гъале дун вахана ЩулалъулгохІтІе
Щибаб заниялъе бетІерги къулун,
Кьалда бер къалареб къвекІаб цІумалъул
ЩІар арал тІанчІазул тІалъи бихьизе.
Гъале дида цебе Сурхайил хъала,
ТІухьиялъ басараб сангаралъул къед,
Харица чІурхІараб михъ-мегежалда
Бахъулаго квергун, вачІунев мурид.
Сон нусго чи гурев чІвазе щвечІилан
РекІекълъарав Шихша, ШугІайб, Муртаза,
Хвалчен кколареб квер хІажат гьечІилан
ХІатІикь ккун гьеб тІолев лачен ГІалибег.
Зикру бачунаго, кьвагьулеб туманкІ,
Кьурабалъ багъулеб гъугъаб гІарада,
Щибаб кьватІелалъур, ганчІида нахъа
Гулла алхунарел дир магІарулал.
Гьаниб щибаб кьуру, чІегІераб кьватІел
КьабгІараб хвалчаца къотІараб буго,
Гьаниб щибаб тІинде гирараб тІалу
ТІасан тушманасде биччараб буго.
Дида цебе буго кІиго борхалъи
ГанчІил чалма къараб, чармил кьералъул,
ГьитІинаб халкъалъул кІудияб кьеркьей
ТІолго дунялалда машгъуллъараб тІанкІ.

РикIкIадасан ккола чармил кьураби
Имамасул чухъил кьералъул ругин,
МугIрул тIох свераpаб щулияб галан
Генуса Шамилил чалма батилин.
Бихьизе гьитIинаб, рагIизе гучаб
Гьаб тIалъиялъ вуго дун тIаде цIалев,
ТIолго дунялалда цIар тIибитIараб
Къисаялъ вуго дун паналъизавун.

IV

ЦIалун Къуръан гуро, къойил как гуро,
Кинан дун кIалъалев дов Шамилида?
Дир каки чуризе, дир черх бацIцIине
Ралъадал гIеларо, гIорал дагьлъила.
РекIел согIлъиялъул сангар биххани,
Сверун бугеб дунял цIаялъ бухIила,
ЦIияб дунялалда вижарав инсан
Гьедин бегьулилан абиладай дос?
Дида цохIо лъала салам гIалайкум –
Сахлъи гьарулеб жо магIарулазул,
ХIинкъарав чи досул гьудул вукIинчIо,
Саламги кьун ана дун АхIулгохIтIе.
Дида сонгрол тIогьив, кьуртIа цIум гIадин,
Хвалчада кверги лъун цо чи вихьана,
ГIурччинаб чалмаялъ бетIерги бухьун,
Ункъабго рахъалъул хъаравул гIадин.
Дида ккана гьев чи мурид ватилин,
Шамил мажгиталъув жанив ватилин,
Дун гIадав чиясде гьев регIиларин,
Гьесий бо-ракьалъул ургъел батилин.
Гьесул гIодой виччай, гьесул гIадатлъи,
Хвалчадул хIадурлъи, хонжрол бегIерлъи,
Разияб гьимигун гьуинаб калам,
Машгьураб цIаралда гьав релълъунаро.
ЧIалаца рухьарал, хьин жаниб барал
Чарухъазул хохой, чухъил басралъи,
Жибго сугъуралъул букIин гурони,
ЦIалкIуйилан ккола ретIараб чухъа.
Гъалараб тIаргъида жемараб чалма
Хвалчадул алмасалъ буссун лъун буго.
Черхалде багьараб кIиябго ругъун
Боснов вегичIого гьудан рихьула.
Бицунге лебаллъи, гьесул хIадурлъи –
ХIинчIлъун пархун ина, ххвел гьабуниги,
Бузна гIор кIанцIулеб цIиркъил гIадаб къартI
Жив имам вугилан аскIой ахIана.

**V**

**ТIасалъугьа, имам, дир рухIалдаса,**
**Дида мун кколаан батIияв чилъун.**
**Зодоса вачIарав, ракьалда гIечIев**
**Гьал нилъер мугIрузе хасав Аллагьлъун.**
**Дун хIинкъун вукIана, бахIарчи имам,**
**Хвалчаде гьесилин, бетIер къотIилин**
**Дир пикру букIана, кочIохъанлъидал,**
**КвачIги ккун, гIурулъе хьуризавилин.**
**Имам, дир ботIрода тIад кверги бахъун,**
**Дир хIинкъараб рекIехъ гIенеккун чIана,**
**Жинца гIайиб гьечIеб гIин кьуруларин,**
**Жинца мунагь гьечIеб бетIер къотIичIин.**
**ГIолохъанав шагIир, магIарул поэт**
**Гьасул хабаралъухъ гIенеккун вуго,**
**ГIодобе рехизе цо рагIи гьечIеб**
**Гьасул каламалда хIикмалъун вуго.**
**Гьес бицана дие хилиплъаразул,**
**Халкъалъул нагIана тIаде цIаразул,**
**БоцIухъ динги бичун бечелъаразул,**
**Чинал гъежтIа райдал мугъ рехаразул…**
**Дица имамасда гьикъулеб буго**
**Гьал кочIохъабазе хIакъ букIинищан,**
**ХIасратги гIищкъуги кагътиде боси**
**Квешаблъун рикIкIунищ бусурбан диналъ?**
**Дур гъазаваталъул тIолго тарихалъ**
**Таравищ кочIохъан кIал букъичIого.**
**ШигIру-назмуялъул гьудул вугищ мун,**
**Гьединазул бутIрул къотIанищ дуца?**
**Михъилъан гьимана Генуса Шамил,**
**Гуреб мунагьалде гъорлъе цIагейин,**
**КьогIаб къисматалъул къоло щуго сон,**
**РегIичIо кечIалде, гIайиб гьабуге.**
**Амма шагIирзаби рокьулаан дий**
**Реццалъе къуличIел, къартIалда чIарал,**
**Умумузул къадру, гьезул ритIухълъи**
**Къалмиде босизе сардал рорчIарал.**
**Дир шагIир вукIана цо магIарулав,**
**Дир къеркьей бичIчIарав, дие къиматав,**
**Дица щибаб какда хадуб гьарула**
**Гьединазул мунагь чуре Аллагьан.**
**МугIрул таралдаса дида рагIулеб**
**Цоги шигIру буго цо рахъ цIунараб,**
**Дун щакав вукIинчIин, кьучIав вукIанин,**
**Дагъистан цIунизе гIумру бичанин.**
**Азарго баркала гьев шагIирасе**
**Дир гъазаваталъул магIна бичIчIарав,**

ХIарамзадабаца дун какулелъул
Квер эхеде борхун кIалъазе кIварав.
МагIарул пандрида панаял бакъназ
Гьеб дихъе бачIуна чияр ракьалде,
Анкьго ралъад бахун, нусго гIор бахун,
Дие хабал гванду хинлъизабизе.

## ГЬАЛЕ ГЬЕБ КЕЧI

ВатIаналде къо ккедал
КъватIиб бахъараб хвалчен,
Щайдай цо-цо гьудулас
Гьагаб жолъун рикIкIунеб?
ГIумруялъ нугIлъун чIараб
Тарихияб хIакъикъат,
Тамаша сундуй гIоло
Сверизабун бицунеб?
Шамилица как бана,
Аллагьилан ахIана,
Амма улкаялъул рухI
ГIумруги кьун цIунана.
Лаилагь нилъер мугIруз
Цоцада бан бачана,
Ццидалав пачаясде
Гьеб гьужумалъ ахIана,
Гьесул рагъухъабаца
Метер кколеб цIехечIо,
БахIарчилъи, гьунар, цIар –
Гьеб букIана аслулъун.
Тушманасе хIелани,
ХIакъ бугин тIегьалдаян,
Ахирисеб рухIги гьез
Сонгрода нахъа кьуна.
Гьедин ватIан цIунарал
ЦIар рагIарал умумул,
Жакъа какизе кIолел
Кинал ракIалъул чагIи?
Батухъе гIадат цIунун,
ГIумру кьун ватIан цIунун,
Шамилица мугIрузул
Тарих меседалъ хъвана.
Гъоле чарамул хвалчен,
ЧотIа букIараб кьили,
Лъил габур къотIарабан
Гьикъани, баянлъила.
Вижараб ВатIан цIунун
ЦIумлъун вагъи гурони,
Борхун хвалченгун имам
Чидар ракьалде анищ?
МоцIрол сурат бахъараб,
Байрахъ борхи гурони,
Дин хисиян улкаби
Квердейищ гьес росарал?
Рокьукъав тушманасе
Тункараб жаваб кьезе,
Гулла-хер бичун боси
Багьанадай рехуге.
Улка чидай бичанин
Ничаб рагIи бицине,
АхIулгохIтIа чангIаги
ГIарабияв вукIарав?
Аслиял рагъазда гьорлъ
Гъуниб магIарда тIаса,
Кьунадай ингилисас
Имамасе гIоло рухI?
БетIун мугIрул гIидраялъ
Гуллилил ругъналги рацун,
Лъие эркенлъи цIунун
ЦIадай кIанцIарав Шамил?
Гьесул лебалаб чабхъен
Мекъаб рахъалда цIарав,
Жиндирго ВатIаналда
Бугьтан лъолев чи ккола.
Хвалчен мекъи борханин
Багьана чIван кIалъалев,
Дагъистанияв вати
РакIбухIарав чи вуго…

## VI

**Дица суал кьуна гьав имамасе**
**Щиб букIараб мурад дур къеркьеялъул?**
**Дагъистан цIунийищ, ислам цIунийищ,**
**Мунго гIураб ВатIан чидай кьезейищ?**
**Имамасул гьумер гьалагаб цциналъ**
**Цин чIегIерлъун ана, хадуб хъахIлъана.**
**Хвалчада букIараб чарангIадаб квер**
**ГIебедеги битIун, дий жаваб кьуна:**
**– Дица лъимер кьуна, мугIрул Дагъистан,**
**МугIрузул цIум гIадин эркен букIине.**
**ХъахIав пачаясул чиназда цере**
**Дирго магIарулал къулунгутIизе.**
**Дица гIумру кьураб бокьулеб тIалъи**
**Кьурулъ хьиргъу гIадин эркен хутIизе.**
**Дун гьедун вукIарав ГъазимухIумий,**
**ХIамзатил рахъги ккун цIадай кIанцIилин.**
**БукIинчIо дир мурад гъазаваталда**
**Нилъер ракь толарев тушман чIвай гуреб.**
**КкечIо дир багьана, мугIрузул тIалъи,**
**ВатIан цIунизе халкъ ахIи гурони.**
**Амма исламалъул байрахъалда гъоркь**
**БукIараб гъазават Дагъистаналда;**
**Гьеб магIарулазе гIагараб букIун,**
**ГIагараб ракьалъе хIажатаб букIун...**
**Зобал гъугъадана, гохI гьаргьадана,**
**АхIулгохIил тIогьиб русул накIкI лъуна.**
**Гъоркьан пачаясул, тIасан Шамилил**
**Гъурраги зикруги цоцалъ багъана.**
**Хьопол гор тIамураб цIулал гIарада**
**ГIужда речIчIулеб куц муридзабаца,**
**ГIинтIа хер ччултIулеб рахьхъахIаб хьирим**
**Хъанч бараб каранда басандулеб куц.**
**Пуни рас къотIулел гIебал хунжрукьа**
**Аргъутил полкалъул кара биххула.**
**Киласал росараб сардарасул бо**
**ТIаде гьарчал риччан, мучлъун щущала.**
**ИяхI-сабуралъул сангаралги къан,**

**Сардилъги рагъула гьал муридзаби.**
**Вабаъ, къавудаялъ къвал жеманиги,**
**КъвакIи бичуларо лочнол тIанчIазул.**
**Гьекъолеб лъарахъе нухал къаниги,**
**Хъуби риччала гьаз ГIанди гIурулъе.**
**ГIарададул гулби тIад рихъаниги,**
**Михъцин тIуркIуларо тIалъи ккуразул.**
**Лъаларо цIалдолев дун мекъи ккелищ –**
**Дие гьаб релълъуна «Сапун» магIарда**
**«Малахов курганги», «Бородиноги»**
**Дида цебе чIола АхIулгохI бихьун.**
**Бокьарас бокьараб бице ракьалда**
**Дун гьаб къеркьеялъе къулулев вуго**
**Дирго миллатилан чIухIунги гуро,**
**Шамилил цIар бахъун дун цIавуцIуна.**



# Муфтиясул калам



**АхІмад ГІАБДУЛАЕВ.**
Дагъистаналъул муфтий.

## ИНАНАСУЛ ТІАБИГІАТ БЕРЦИНЛЪИ

### ТІАБИГІАТ БЕРЦИНЛЪИЯЛЪУЛ ХИРАЛЪИ

ТІабигІат берцинлъи лагъасул манакъибазул (реццарал хасиятал) бищунго хирияб буго. Гьелдалъун загьирлъула камилал чагІазул хІакъикъат. ТІадегІанав Аллагьас Жиндирго Авараг (с.гІ.с.) гІемерал тІокІлъабаздалъун хас гьавуна. Аллагьас гьев (с.гІ.с.) тІабигІатаздалъун веццарав гІадин, цогидал тІокІлъабаздалъун веццичІо. ТІадегІанав Алллагьас Къуръаналда абун буго (магІна): «ХІакълъунго мун, Авараг (с.гІ.с.), тІадегІанаб тІабигІаталда вуго», – ян. (Суратул «Къалам», аят 4). ГІалимзабаз абуна: «ТІадегІанаб тІабигІат» абулеб жо – Аллагь лъаялъул кутакалъ жинца цогидаздехунги, цогидаз жиндехунги дагІба гьабунгутІи буго». Цойги абун буго, «тІадегІанаб тІабигІат» абиялъул магІна бугин ТІадегІанав Аллагь лъан хадув, халкъалъ гьоркьоблъи хвезабуниги, гьелъ дуе щибго асар гьабунгутІи. Цойги абун буго: «ТІадегІанаб тІабигІат кколин ТІадегІанав Аллагьасул гурони, цоги щибго жоялъул дуца ургъел гьабунгутІи», – ян. ГІалимзабаз гьаб аяталъе рагІа-ракьанде щвараб баян кьуна: «Халкъалъул цониги чи нахъгІунтІулареб борхалъиялда, тІадегІанаб тІабигІаталда вуго мун, Авараг (с.гІ.с.) Гьединлъидал, дуца цогидал гІадамазда баччизе кІоларебгІан къадаралда халкъалъул зарал баччулеб буго». Гьеб аяталъул магІна гьабулаго, цойги гІалимчияс гьадин абуна: «Мун Аллагьасул тІабигІатаздалъун тІабигІат ккурав вукІиналъ, гІадамазул бугьтаназ дуе асар гьабуларо ва, кигІан зарал гьез гьабуниги, дуе гьебги захІмалъуларо. Щайгурелъул, дуца Аллагьасдалъун сабру гьабулеб буго, дудалъунго гуро. ТІадегІанав Аллагьас абун бугеб гІадин (магІна): «Дуца сабру гьабе, Авараг (с.гІ.с.), дур сабру Аллагьасул кумекалдалъун гурони гьечІо», – ян. (Суратул «НахІл», І27 аят). Аллагьасдаса цІикІкІун сабру гьабулев щивго гьечІо». «ГІала хулукъин» абураб рагІиги тІабигІаталда тІад кверщел гьаби абураб магІнаялда буго. Гьединлъидал, гьеб рагІиялъ тІоритІел гьабулеб буго киналго реццарал тІабигІатал Аварагасулъ данделъун рукІиналдеги, Аллагь разиял гІамалазда тІад кверщел батарав вукІиналдеги, гьел гІамалал Аварагасул (с.гІ.с.) тІабигІатлъун лъугьун рукІиналдеги. Гьединлъидал ТІадегІанав Аллагьас абуна (магІна): «Дуца абе, Авараг (с.гІ.с.), дица нужедаса гьеб Къуръан бачІиналъухъ мухь гьарулеб гьечІо. Дильго гьечІеб тІабигІат, бугеб ххвел гьабун, нужеда бихьизабулевги гьечІо дун», – абун. Щайгурелъул, жиндилъ гьечІеб жо бихьизабулев чиясул иш гІемер халалъуларо, гьесде жиндирго хІакъикъияб тІабигІат тІадбуссуна. Гьединлъидал гІалимзабаз абуна: цогидазулгун гьалмагълъи-гьоркьоблъи гьабиялдалъун чиясул

тIабигIатал хисула. Берцинаб тIабигIат къабихIаблъунги лъугьуна, къабихIаб берцинаблъунги лъугьуна, жиндехун гьудуллъи ва жува-гъувай гьабулев чиясул хIалалда рекъон. ХIадисалда бугеб гIадин: «Кинавниги чи жиндирго гьудуласул диналда вукIуна, нуж лъилгун гьудуллъи гьабулеб бугебали балагье». Цойги хIадисалда буго: «Нуж бидгIаялъул агьлугун гIодор чIоге! Гьезул унти, хъирис гIадин, цогиязде бахуна», – ян.

Цогидаб жоялдаса батIаги гьабун, Аллагьас Къуръаналъего гIадин, Аварагасул (с.гI.с.) тIабигIатазе тIадегIанлъиялдалъун сипат щай гьабурабин абуни, гьесул (с.гI.с.) тIабигIатаз киналго лъикIал тIабигIатал жанире рачиналде гIадамал кантIизаризе гIоло гьабуна. Аварагасулъ (с.гI.с.) данделъун руго: НухI аварагасул гIадаб шукруги, Ибрагьим аварагасул БетIергьанасулгун букIараб гIадаб гьудуллъиги, Муса аварагасул гIадаб ракIбацIцIалъиги, ИсмагIил аварагасул гIадаб къотIи тIубаялъулъ ритIухълъиги, ЯгIкъуб ва Аюб аваргзабазул гIадаб берцинаб сабруги, Давуд аварагасул гIадаб тIасалъугьаян гьариги (гIузру бачинги), Сулейман ва ГIиса аваргзабазул гIадаб Аллагьасе хIелиги (чIухIи гьечIолъиги), ва киналго аваргзабазул тIабигIатаздаса цогидал тIабигIаталги. ТIадегIанав Аллагьас абураб гIадин: «Мун гьезул тIовитIиялда нахъвилълъа», – ян. Гьаб тIовитIи Аллагь лъай гуро. Щай абуни, Аллагь лъаялъулъ цогиясда нахъвилълъин, нилъер Аварагасда рекъечIеб иш буго. Гьеб «тIовитIи» шаригIаталлъунги гьечIо. Щайгурелъул, Аварагасул (с.гI.с.) шаригIат цере арал киналго шаригIатал хисулеб ва аслиял гурел хIукмабазулъ батIалъи гьабулеб буго.

Дол аваргзабазул тIоритIелалда нахъвилълъаян абиялъул магIна буго гьезул щивасул букIараб, жидедаго хасаб берцинаб тIабигIаталда нахъвилълъин. Аллагьас щивав авараг хас гьавун вукIана цогидал тIабигIатаздаса бергьараб, берцинаб тIабигIаталдалъун. Гьезул тIоритIелалда нахъви¬лълъаян Аллагьас амру гьаби релълъун буго киналго аваргзабазулъ рикь-рикьун рукIарал берцинал тIабигIатал данде гьареян абиялда. Гьаб буго аваргзабазул цонигиясе щвечIеб тIадегIанаб даража. Гьединлъидал, ТIадегIанав Аллагьас гьесие сипат гьабуна: «Мун тIадегIанаб тIабигIаталда вуго», – ян. ГIарифуназул цояс абуна: «Щивав аварагасе халкъалда гьоркьоб хиралъи-тIокIлъи буго ва гьел хиралъабиги киналго МухIаммад авара¬гасулъ (с.гI.с.) данделъун руго», – ян.

Гьаб рехсарабщинаб данде гьабула муъминзабазул эбел ГIаишатил рагIиялъ. Аварагасул (с.гI.с.) тIабигIаталдасан гьикъидал, гьелъ абуна: «Гьесул тIабигIат Къуръан букIана», – ян. Гьелдалъун гьелъие бокьана Авараг (с.гI.с.) Къуръаналда рехсарал хириял тIабигIатаздалъунги, хириял сипатаздалъунги берцин гьавурав ва Къуръаналъ нахъчIвалел квешлъабаздасаги гIодорегIанал сипатаздасаги вацIцIадав вукIанилан абизе.

Цоги риваяталда буго, ГIаишатица гьикъарасе жаваб гьабун, абунин: «Дуца Къуръаналъул гьал аятал цIалуларищ?». ТIадегIанав Аллагьас абун буго (магIна): «ХIакълъунго, какилъ Аллагьасеги хIелулел, гIададисеб каламалдасаги цIунарал, букIине кколеб хIалалъ закатги тIубалел, хIалалал руччабазда аскIор хутIизегIан жидерго гIавратги цIунулел муъминзабазул кверщел батана. Гьеб хIалалаб бакIалда гьезде гIайиб гьабуларо. ХIалалал руччаби гуреб, цогидаб нухалдалъун шагьват тIубазе тIалаб гьабулел чагIи хIалаллъиялъул гIорхъи бахарал чагIи руго. Жидеца аманаталги цIунулел, къотIабиги тIуралел, гIужда какал раялда тIадчIейги гьабулел муъминзабазул кверщел батана. Гьал сипатал ккурал чагIи руго жидеца Фирдавус алжан ирсалъе босулел ва гьенир даимлъулел ирсилал», – абун. (Суратул «Муъминун», аят I-II).

Гьал рехсарал киналго тIабигIатал Аварагасулъ (с.гI.с.) рукIана. Гьал аятазулъ буго гIенеккарал чагIи Аварагасул (с.гI.с.) тIадегIанал тIабигIатазде кантIизари: рекIел тIабигIатазул аслулъун бугеб иман гIадаб, черхалъул тIабигIатазул хIубилъун бугеб как гIадаб, боцIи-малалда хурхарал тIабигIатазул бетIерлъун бугеб закат гIадаб, чияр руччабаздалъун мунагьазулъе ккеялдаса цIуни гIадаб, къотIи-аманат тIубай гIадаб. Аллагьас «какалда тIадчIей гьабулел» абураб сипат такрар гьабуна, какил амруялъул кIварги гьелъул кIодолъиги гIадамазда бичIчIизе ва гьелде кантIизе. Жунайдул Багъдадияс абуна: «Жиндирго нафсалъе гIоло щибго жо тIалаб гьабичIого, дунял-ахираталъул лъикIлъабаздалъун умматалъе сахаватлъиялъ Авараг (с.гI.с.) тIадегIанаб тIабигIаталда вукIана», – ян.

ХIусен Нурияс абуна: «Аварагасул (с.гI.с.) тIабигIат тIадегIанаблъун кин букIинареб, Аллагьас гьесул (с.гI.с.) сирру –батIин Жиндирго тIабигIатазул нураздалъун гвангъизабидал. Аварагасул (с.гI.с.) батIиналъ канлъи-нур босана ТIадегIанав Аллагьасул тIабигIатаздаса. Цинги Аварагас (с.гI.с.) Аллагьасул тIабигIатаздалъун тIабигIаталги ккуна», – ян.

Аллагьас жиндир рухI бацIцIад гьабеяв кIудияв шайихасул «ТалкъихIул азгьан» абураб тIехьалда буго: «Авараг (с.гI.с.) киналго берцинал тIабигIатал тIуразаризе витIун вукIиналъ, гьесие (с.гI.с.) жавамигIул калим (гIемерал магIнаби кьолел дагьал рагIаби) кьун рукIана. ГьединлъидаI ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Мун тIадегIанаб тIабигIаталда вуго», – ян. Гьеб буго «битIараб нухлъун» гьев (с.гI.с.) вукIин».

Аварагас (с.гI.с.) абуна: «ХIакълъунго, Аллагьасул лъабнусиялда лъабкъого тIабигIат буго. Аллагьги цо гьавун, гьездаса цониги тIабигIатги ккун, Аллагьасда дандчIварав чи, алжаналде лъугьуна», – ян. Абубакарица гьикъана: «Я Бичасул Авараг (с.гI.с.), гьезул цонигияб дилъ бугищ?» – абун. Аварагас (с.гI.с.) абуна: «Я Абубакар, гьел киналго дулъ руго. Гьезул бищун Аллагьасе бокьулеб тIабигIатги – сахаватлъи буго», – ян. Гьединлъидал инсанас Аллагьасулгун гьабулеб гьоркьоблъиялъул бищун лъикIаб тIабигIат ккола кинабго жо Аллагьасде тIамун тейги, Гьесдаса рази вукIинги. ГIадамазулгун гьоркьоблъи гьабиялъул бищун берцинал тIабигIатаздаса ккола тIаса лъугьинги сахаватлъиги.

Цебе рехсараб хIадисалда абулеб буго: «Аллагь цо гьавигун цадахъ» (тавхIидгун цадахъ) абун. Щайгурелъул, цо –цо мехалъ берцинал тIабигIатал рукIуна цадахъ иманги гьечIого; цадахъ лъикIал тIабигIаталги гьечIого цо-цо иманги букIунеб гIадин. Иманалъ берцинал тIабигIатал кьолел рукIаралани, муъминчиясда гьадин гьабе, додин гьабугеян амру гьабилароан.

## БЕРЦИНАЛ ТIАБИГIАТАЛ – ДИНАЛЪУЛ ТIОКIКIЕЛ БУГО

Диналъул тIокIкIеллъун ккола жал камил гьаризе Авараг (с.гI.с.) витIарал берцинал тIабигIатал. Аварагасул (с.гI.с.) рагIиялъе гIоло: «Дун берцинал тIабигIатал камил гьаризе витIун вуго», – ян. Гьел берцинал тIабигIатазул хIакъикъат буго, лагъ жиндирго рукъалъул агьлуялъеги, лагъзадериеги ва киналго бусурбабазеги бигьаявлъун, тамахавлъун вукIин.

Аварагас (с.гI.с.) абуна: «Алжаналъул агьлу – кинавниги гIодове виччарав, тамахав, гIадамазде гIагарав, бигьаяв чи вуго. ЖужахIалъул агьлу – кинавниги захIматав, хъачIав чи вуго», – ян. АсхIабзабаз абуна: «Гьев хъачIав чи щив кколев?» – абун Аварагас (с.гI.с.) абуна: «Хъизаналъеги, гьудуласеги, гIагарлъиялъеги захIматав чи вуго», – ян.

Нилъер ТIадегIанав БетIергъанас абун буго (магIна): «Нужеца гIадамазда берцинаб рагIи абе», – ян (Суратул «Бакъарат», 83 аят), ай къабихIаб рагIи абугеян. ТIадегIанав Аллагьас жеги абуна (магIна): «Дуца Дир лагьзадерида (муъминзабазда) абе, Авараг (с.гI.с.) мушрикиназдехун цIакъ берцинаб рагIи бицеян» (Суратул «Исраъ», 53 аят). «Щакъ берцинаб» абураб жо берцинабги жеги тIаде цIикIкIелги данде гьабун абураб буго. Къокъ гьабун абуни: дуего гIадамаз гьабизе бокьулеб лъикIаб каламги, берцинаб рагIиги, пишаги дуца гIадамазеги гьабе. Дуего гIадамаз гьабизе бокьуларебщинаб: къабихIаб калам, квешаб рагIи ва рокьукъаб пиша дуца гьезиеги гьабуге. Кинаб гIамал-хасияталдалъун лагъас гIадамазулгун гьоркъоблъи гьабуниги, Аллагьас гьелда рекъараб гьесиеги гьабула. ТIадегIанав Аллагьас нилъее гьабулеб жаза нилъеца гIадамазе гьабулелда рекъараб букIуна. Халкъалъе жив алжанлъунги, рахIматлъунги, гIадамаз жинда гьоркь рахIат босулеб гьогьомараб рагIадлъунги вугев чиясе Аллагьги гьединго вукIуна.

Лагъасул Сайидасул (БетIергьанасул) хIурматалъе гIоло жинца лагъ кIодо гьавурав чи ккола живго Сайид кIодо гьавурав чи.

Гьелъие гIоло хIадисалда бачIун буго, Аллагьас къиямасеб къоялъ лагъасда абизе бугила: «Дун вакъун вукIана, дуца Дие кваназе жо кьечIо, Дица дудаса гьекъезе жо тIалаб гьабуна, дуца гьеб Дие кьечIо. Дун унтун вукIана, мун Диде ваккизе вачIинчIо», – ян. Лагъас абулила: «Мун кин вакъулев, ва Мун кин унтулев, лъимги Дуца кин тIалаб гьабулеб, Мун гIалам хьихьулев БетIергьанги вукIаго?» – ян. Гьелъие баян кьун, ТIадегIанав Аллагьас гьесда абулила: «Пуланав Дир лагь унтун вукIана. Мун гьесухъе ваккизе ун вукIаравани, дуда Дун гьесда аскIов ватилаан. Пуланав Дир лагъ вакъун вукIана, дуца гьесие кваназе жо кьун букIарабани, гьеб Дида аскIоб батилаан. Пуланав Дир лагъас дуда гьекъезе жо гьарун букIана. Дуца гьесие гьекъезе жо кьун букIарабани, дуда гьеб Дида аскIоб батилаан», – абун.

ТIадегIанав Аллагьас Жинцаго баян кьуна «Дун вакъун вукIана, Дун унтун вукIана, Дица дудаса гьекъезе жо тIалаб гьабуна», – ян абураб рагIиялъе: «Пуланав Дир лагъ вакъунги, унтунги, къечонги вукIана», – ян абураб рагIиялдалъун.

Берцинал тIабигIатазул лъикIаб асар букIуна. Дунялалда вугониги, ахираталда вугониги, гьезул бетIергьанасдеги гьеб буссуна, АбутIалибил хIакъалъулъ хIадисалда бачIараб гIадин. ГIаббасица абун буго: «Я Бичасул Авараг (с.гI.с.), АбутIалибица мун (с.гI.с.) цIунулев вукIана, дуе (с.гI.с.) кумекги гьабулеб букIана, гьелъ гьесие пайда гьабизе бугищ?» – абун. Аварагас (с.гI.с.) абуна: «Гьабизе буго, дун гуревани, гьев жужахIалъул бищун гъоркьияб тIалаялда вукIинаан», – абун.

Абулагьаб макьилъ вихьун вуго жиндирго кIудияб килщидаса лъим цIункIулевлъун Авараг гьавураб итни сордоялъ, рохел бицаралъухъ гьес жиндирго цо гъараваш тархъиялъе гIоло.

СвалихIиназул цояс абуна: «Аварагасул (с.гI.с.) заманаялъги вукIинчIев, гьев (с.гI.с.) вихьизеги бокьарав чи Къуръаналде валагье. Аварагасухъ (с.гI.с.) балагьиялдаги Къуръаналъухъ балагьиялдаги гьоркьоб щибго батIалъи гьечIо. ГIабдулмутIалибил ГIабдуллагьил вас МухIаммадил (с.гI.с.) черхалъул сурат тIибитIи гIадин кколеб буго Къуръан», – абун.

Вализабазул цояс абун буго: «Авараг (с.гI.с.) вихьизе бокьарав чияс гьесул (с.гI.с.) суннаталда тIадчIей гьабеян абе, хасго суннатал чIунтизе

тараб бакIалда. Гьаб дунялалдаса ун хадуб Аварагасул (с.гI.с.) чIаголъи – гьесул (с.гI.с.) суннат чIаго гьаби буго. Гьеб чIаго гьабурав чи, киналго гIадамал чIаго гьарурасда релълъун вуго. Авараг (с.гI.с.) кинабго лъикIлъи гъорлъе бачарав, камилав, тIубарав вукIиналъе гIоло».

Гьезул цогидасги абун буго: «Авараг (с.гI.с.) витIун хадув лъаларел гIодорегIанал тIабигIатал хутIичIо. Гьес (с.гI.с.) нилъее мухIканго баян гьаруна гьезул нухал». Аварагас (с.гI.с.) хирияб тIабигIат гIодобегIаналдаса баян гьабун букIиналъ, щивниги чиясе гIодорегIанал тIабигIатал кквезе цониги гIилла –сабабги хутIичIо.

ГIалимзабаз абуна: «ТIадегIанав Аллагьас ракьалъул тIолалго хазинабазул кверщел Аварагасухъе (с.гI.с.) кьолеб букIана, гьес (с.гI.с.) къабул гьабичIо. МигIражалъул сордоялъ гьев (с.гI.с.) эхеде вахинавуна ва гьесда киналго малаикзабиги алжанги рихьизаруна, гьесул (с.гI.с.) ракI гьездехун буссинчIо. ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абуна (магIна): «КигIан дагьаб гьетIиялъги гьесул бер жиндие изну кьуралдаса гьетIичIо, изну кьечIелде балагьун гIорхъиги гьес бахинчIо», – ян. (Сурату «Ннажм», аят I7). (Гьев (с.гI.с.) я квегIиде, я кваранидe вуссинчIо). Гьелъие гIоло ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Мун тIадегIанаб тIабигIаталда вуго», – ян. Гьелъул магIна ккола Авараг (с.гI.с.) битIараб нухдаса балагьазги кьуризавуларин, нигIмат-сайгьатазги вуссинавуларин абураб. Лъалеб жо буго, Аварагас (с.гI.с.) гIемераб зарал баччараблъи ва гьеб киналдего сабру гьабураблъи. Гьесул (с.гI.с.) бетIералда ругъун лъуна, цаги бекана. Гьеб мехалъги Аварагас (с.гI.с.) абулеб букIана: «Я дир Аллагь, Дуца дир къавмалъул мунагьал чуре, гьезда лъалеб, бичIчIулеб гьечIо», – ян. Кинавниги аварагас «дир нафс» абун ахIулеб къиямасеб къоялъги, гьесул (с.гI.с.) ахIи «дир уммат» – абун букIине буго.

## БЕРЦИНАЛ ТIАБИГIАТАЗУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ АБУРАЛ РАГIАБИ

ХIакълъунго, берцинаб тIабигIаталъул хIакъалъулъ меседил рагIаби абун руго. ЛъикIал тIабигIатазде гьира базабизеги, гьаплаталда ругел кантIизаризеги букIине, нижее бокьана гьездасан цо бутIа дуе бицине.

I. Аварагасда (с.гI.с.) гьикъана: «Бищун хирияв муъминчи щив кколев?» – абун. Бичасул Аварагас(с.гI.с.) абуна: «Гьезул бищун тIабигIат берцинав вуго», – ян. Аварагасда (с.гI.с.) баркат гьечIолъиялдаса гьикъидал, гьес (с.гI.с.) жаваб гьабуна: «Гьеб тIабигIат квешлъи буго», – ян.

2. Аварагас (с.гI.с.) цойги абуна: «Киналго гIадамазе боцIи–малалдалъун кумек гьабизе нужер рес рекъеларо, кинниги нуж гьездехун гьумер битIун рукIа, гьезулгун берцинаб тIабигIаталдалъун гьоркьоблъиги гьабе », – ян.

3. Аварагасда (с.гI.с.) абуна: «Я Бичасул Авараг (с.гI.с.), мушрикиназе квешаб дугIа гьабун, Аллагьасда гьаре», – ян. Гьес (с.гI.с.) абуна: «Дун рахIматлъун витIун вуго, гIазаблъун витIун гьечIо», – ян.

4. Фузайлица абуна: «Кинабго лъикIлъи лагъас гьабунани, амма жиндирго рокъоб бугеб гIанкIуялдехун гьев квешлъани, гьев чи камилал, лъикIал чагIаздасан кколаро», – ян.

5. Цойги абун буго: «ТIабигIат берцинлъи абулеб жо – дуца Аллагьасе гьабулеб гIибадат дагьлъун бихьиги ТIадегIанав Аллагьас дуе кьолебщинаб нигIмат гIемерлъун бихьиги буго», – ян.

6. Шагь Карманияс абуна: «ТIабигIат берцинлъиялъул гIаламат буго чияе зарал гьабичIого тейги, захIмалъаби раччиги», – ян.

7. Вагьбица абуна: «КIикього къоялъ лагъас берцинаб тIабигIат ккуни,

ТIадегIанав Аллагьас гьеб гьесул кидагосеб тIабигIатлъун (гIадатлъун) гьабула», – ян.

8. ХIасанул Басрияс абуна: «РетIел бацIцIад гьабе» (Суратул «Муддассир», аят 4) абураб ТIадегIанав Аллагьасул рагIиялъул магIна ккола – дуца (Авараг (с.гI.с.)) дурго тIабигIат берцин гьабеян абураб».

9. Берцинал тIабигIатазул хIакъалъулъ гьикъидал, Абу ХIафсица абуна: «Гьеб буго ТIадегIанав Аллагьас (магIна): «Мун тIаса лъугьуневлъун вукIа, дуца лъикIалдалъун амруги гьабе, жагьилал гIадамаздасаги вусса», – ян. (Суратул «АгIраф», аят I99) абурал рагIабаздаса Аварагасе (с.гI.с.) тIасабищараб жо».

10. Цойги абун буго: «Берцинаб тIабигIат буго мун гIадамазде гIагаравлъун ва гьезда гьоркьоб бугеб дунялалъул жоялдаса рикIкIадавлъун вукIин».

11. Цойги абун буго: «Берцинаб тIабигIат ккола гIадамазул хъачIлъиги (ай тIабигIат квешлъи) Алагьасул хIукму-къадарги разилъун, щибго рокьукълъи гьечIого, къабул гьаби».

12. Цойги абуна: «Берцинаб тIабигIат буго хIал рекъезабиялдалъун нафсалъе бокьулареб жо баччи (ай хIехьон чIей)», – ян.

13. Гьединго абуна: «Квешаб тIабигIаталъ инсанасул ракI къварид гьабула, гьелда жаниб жиндирго мурадалъе гурони бакI гIоларо, къваридаб бакIалда жаниб, гьелъул бетIергьанасе гурони бакI гIолареб гIадин».

14. Цойги абуна: «Дуда цогидазул квешаб тIабигIат бихьи – дур тIабигIат квешлъиялдаса ккола», – ян.

## БЕРЦИНАЛ ТIАБИГIАТАЗУЛ МИСАЛАЛ

Цере рукIарал лъикIал чагIаздасан рицана гIадамазда хIакъикъиял гурелин ракIалде кколел гIадал къисаби. Гьел хIакъал, щибго щаклъи гьечIел къисаби руго. Гьел къисабазул бетIергьабазда ТIадегIанав Аллагь лъана. Жидеда Аллагь лъаялдалъун гьезие берцинаб тIабигIатги щвана.

1. Абун буго: «Жиндирго лагъзадерил цояс берцинго как балеб бихьараб мехалъ, Ибну ГIумарица гьев тархъан гьавулев вукIана. Гьесул тIабигIатги лъан, лагъзадерица какал гьесда рихьизе берцинго ралел рукIана. Ибну ГIумарица гьелги тархъан гьарулел рукIана. Лагъзадерица мун гуккулев вугилан бицindал, гьес абуна: «Аллагьасул диналда бугеб жоялдалъун гуккулев чиясе, дун гуккизе чIола», – ян.

2. Къайсил АхIнафида гьикъана: «Дуца гьаб берцинаб тIабигIат лъидасан босараб?» – абун. ГIасимил вас Къайс Накърийи абулев чиясдасан босанилан абуна гьес. Гьесул берцинаб тIабигIат кинаб даражаялде щвараб букIарабилан гьикъидал, гьес бицана: «Къайс жиндирго рокъов гIодов чIун вукIаго, гьесухъе гъараваш ячIана бежараб гьанал кескал тIад ругеб бухIараб маххул гIучIги босун. Гьелъухъа гIодобе бортараб гIучI гьесул васасда щвана ва гьелдалъун гьев хвана. Йихха-хочун гъараваш лъугьиндал, Къайсица гьелда абуна: «Дуе щибго хIинкъи гьечIо, дица мун ТIадегIанав Аллагьасе гIоло тархъан гьаюна», – ян».

3. Адгьамил Ибрагьимида гьикъана: «Мун дунялалда киданиги воханищ?» – абун. Гьес жаваб гьабуна: «КIиго нухалъ вохана. Гьезул цояб, цо къоялъ дун гIодов чIун вукIана ва тIаде вачIарав чияс дир гьурмалъ

хъат бана», – ян. Гьеб буго гІаламат, БетІергьанасдаса бачІунеб кинабго жо берцин бихьиялъулъ жив паналъун вукІиналъе.

4. Цойги бицана: Увайсул Къарани вихьараб мехалъ, лъималаз гьесда ганчІал речІчІулел рукІун руго. Гьес гьезда абулеб букІун буго: «Гьел ганчІал дида речІчІичІого гІолел ратичІони, гІисиналгІаги речІчІун те, нужеца дир махІу лъукъичІого букІине. Цинги дида, вахъун чІун, как базе кІвеларо», – ян.

5. Цо чи, Къайсил АхІнафиде семулаго, гьесда хаду-хадув вачІунев вукІана. Жинцаго гІумру гьабулеб авалалде щведал, гьев лъалхъана ва абуна: «Ле, гІолохъанчи, дур щибниги абизе жо хутІун батани, абун бахъинабе. Гьаб авалалъул гІакълу дагьал цо-цоязда дур калам рагІани, гьез дуе зарал гьабизе буго », – ян.

6. Цойги бицана, муъминзабазул амир АбутІалибил ГІалица хъулухъалъе вугев цо лагъасде ахІидал, гьес жаваб гьабун гьечІо. КІиабизе ва лъабабизе ахІаниги, гьес жаваб гьабун гьечІо. Гьесда хадув индал, ГІали-асхІабасда гьев вегун ватун вуго. ГІали-асхІабас гьикъун буго: «Дуда дица ахІулеб рагІичІищ?» – абун. РагІанин жаваб гьабун буго лагъас. «Щайха дуца жаваб гьабичІеб?» – абун гьикъидал, гьес абун буго: «Дун божун вукІана, дуца дие щибго гІакъуба гьабиларин, гьелъ дунги кІвахІаллъана», – ян. ГІали-асхІабас абун буго: «ТІадегІанав Аллагьасе гІоло дица мун тархъан гьавуна, мун а», – ян.

7. Цойги бицана: МагІруфул Курхи Дажлат гІурул рагІалда какичуризе рещтІана. Гьес жиндирго Къуръанги гІабаги цояб рахъалда лъуна. Гьение тІаде ячІарай цо гІаданалъ гьеб кІиябго нахъе босун ана. Гьелда хадувги вачІун, МагІруфица абуна: «Я дир яц, дун вуго МагІруф, дица дуе щибго къварилъиги гьабиларо, дур Къуръан цІалулев вас вугищ?» – абун. Гьелъ абуна гьечІилан. «Къуръан цІалулев росниги вугищ?» – абун гьикъидал, гьечІин абуна гьелъ. Цинги МагІруфица гьелда абуна: «РатичІони, гьеб Къуръан дихъе нахъе кье, гІабаги дуего те», – ян.

8. Цо нухалъ шайих Абу ГІабдурахІман Ассуламиясул рокъоре цІогьал лъугьана ва гьениб батанщинаб жо нахъе босун батана. Гъудулзабазул цоясда шайихас абулеб рагІана: «Базаралдаса унаго, дида дирго рокъоса бикъараб гужгат бихьана, лъица цІикІкІун багьа кьелебилан ахІун, бичулеб. Дун гьелде вуссинчІо, дица гьебги жибго тана», – ян.

9. Динарил Маликида чІужуялъ абуна: «Ле, рихьдае жо гьабулев чи!», – ян. Гьес абуна: «Йо, пуланай гІадан, Басраялъул агьлуялда лъачІеб, дида абизе битІараб цІар дуда лъана», – ян.

10. Зиядил ЯхІя АлхІарисиясул вукІана квешаб тІабигІаталъул цо лагъ. Гьесда гьикъана: «Дуца гьадигІан квешав лагъ духъго щай толев?» – абун. Гьес жаваб гьабуна: «Гьесул тІабигІаталда сабру гьабун, гьесдалъун дунго хІалимавлъун лъугьине тун вуго», – ян.

11. Бицун буго: Адгьамил Ибрагьим цо авлахъалде вахъиндал, гьесда дандчІварав цо аскарияс гьикъун буго: «ГІадамаз гІумру гьабулеб бакІ киб бугеб?» – абун. Гьес хабалазде ишара гьабун буго. Жив махсароде кколев вугилан ккун, аскарияс гьесул ботІрода унтиледухъ кьабун буго. Гьев цевеса индал, аскариясда абун буго дуца кьабурав чи Хурасаналдаса загьид Адгьамил Ибрагьим вугилан. Аскарияв гьесухъе тІасалъугьаян гьаризе вачІун вуго. Ибрагьимица абун буго: «Дуца дида кьабураб мехалъ, дица

Аллагьасда дуе алжан кьеян гьарана», – ян. Щайилан гьес гьикъидал, Ибрагьимица абун буго: «Дида лъана, дуца кьабиялдалъун, дие ажру щолеблъи. Дудасан дие лъикIлъи щведал, дидаса дуе щолеб бутIа квешлъи букIине дие бокьичIо», – ян.

12. Цойги бицана: Абул ГIусманил ХIайрию цо чияс гьоболлъухъ ахIана. Гьесул рагьдухъе щведал, гьес абуна: «Я устар, гьабсагIат мун жаниве лъугьине санагIатаб заман гьечIо. Дир ракIбухIана гьаб гIужалъ мун ахIиялдаса, мун нахъвусса», – ян. Абу ГIусман рокъове тIадвуссун щваравго, дов чи хадув вачIана ва абуна: «Я дир устар, дун цIакъ пашманлъана дуда абураб рагIиялдаса», – ян ва тIасалъугьаян гIузраби рачине лъугьана. ГьабсагIат тIадвуссун жиндихъе вачIаян абуна гьес. Абу ГIусман рагьдухъе щведал, гьев чияс цIидасан цере абурал рагIаби абуна. Гьебго жо лъабабилеб ва ункъабилеб нухалъги такрар гьабуна. Нахъе ун, вачIун Абу ГIусманги вукIана. Цинги гьев чияс абуна: «Я дир устар, дие бокьун букIана дур хIалбихьизе», – ян ва тIасалъугьаян гьев веццизе лъугьана. Цинги Абу ГIусманица абуна: «Гьабзазулъ батулеб тIабигIаталъухъ дуца дун веццуге. АхIараб мехалъ, гьой аскIобе бачIуна, нахъе гьураб мехалъ, нахъчIванги чIола», – ян.

13. Цойги абун буго: Абу ГIусман кутакалда бакъ багIарараб къоялъ нух къотIун унев вукIана. Цо тIохдаса гьоркье гьесде рахъуялъул тIарс чIехьана. Гьесда цадахъ рукIарал хIал хисун лъугьана ва рахъу барасде хьандана. Абу ГIусманица абуна: «Нужеца гьесда щибго абуге. ЦIа тIаде базе мустахIикъав чи, рохьо бан маслихIат гьабун тедал, гьесул щцим бахъине бегьуларо», – ян.

14. Цойги бицен буго: Цо мурид ХIанзалатил ЖагIфарихъ гьоболлъухъ рещтIана. ЖагIфарица гьесие кутакалда хъулухъ гьабулеб букIана. Муридас абулеб букIана: «Щакъ лъикIав чини вуго мун, ягьудияв гьечIевани», – ян. ЖагIфарица жаваб гьабуна: «Дир гIакъидаялъ (ракIчIей) дуе хIажатаб хъулухъ гьабизе гьукъуларо. Дуца Аллагьасда дуего сахлъиги дие гьидаятги (битIараб нухда тIовитIи) гьаре», – ян.

15. Цойги абуна: ГIабдуллагьил ХайатIил вукIана гьесулгун бичахиси гьабулев цо мажусияв (цIадуе лагъльи гьабулев чи). ГIабдуллагьица гьесие ретIел букъулаан. Гьес данде гьересиял диргьамалги кьолаан. ГIабдуллагьица гьел росулел рукIана. Цо къоялъ гьев жиндирго тукадаса къваригIелалъ ине ккана. Дов чи гьересиял диргьамалги росун вачIана ва гьел ГIабдуллагьил мутагIиласухъе кьуна. Амма мутагIилас диргьамал, гьересиял рутил ан, къабул гьаричIо. Цинги гьев мажусияс хIакъикъиял диргьамал кьуна. ГIабдуллагьица тIадвуссарабго мутагIиласда гьикъана: «Гъов мажусиясул горде киб бугеб?» – абун. Гьес ккараб жо бициндал, ГIабдуллагьица абуна: «Дуца цIакъ квеш гьабун буго. ГIемер заманаялъ диргун гьединаб гьоркьоблъи гьабулев вукIана гьев, дицаги гьелда сабру гьабулеб букIана. Гьесухъа росарал диргьамалги дица лъадал гьуялъуре рехулел рукIана, гьездалъун цойгиялги гуккичIого рукIине», – ян.

**«ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалдаса.**

# Тарихалъул тIамчал

## НАДИРШАГЬ ГIОДАРАБ ГIАНДАЛАЗУЛ РАКЬ

### ПЕТР ТIОЦЕВЕСЕСУЛ «ДУРЦ»

1741 соналда, аскарги бачун, Дагъистаналдехун къокъана Надиршагь. Кинаб букIараб гьесул къуват? Кинаб геополитикияб ахIвал-хIал букIараб Евразиялда гьеб заманалда? Щай Надиршагьасда ракIалде ккараб севералдехун чабхъен гьабизе?

1741 соналде Персия (Иран) лъугьана дунялалдаго бищун кутакал пачалихъазул цояблъун. Рагъулъ лъадарараб гьелъул бодукьа хIинкъулаан киналго улкаби. ГIусманиязул империялда тIад бергьенлъиги босун, 1735 соналда Надиршагьас кверде росана Армения ва Грузия. 1737 соналда гьес бахъана Афгъанистан, 1739 соналда – гьанжесеб Пакистаналъул ва Индиялъул Севералъул ракьал (тIубанго талавур гьабуна Дели шагьарги), 1740с. – Туркенистан (гьанжесеб Гьоркьохъеб Азия).

1741 соналде Надиршагьасе мутIигIлъулаан ункънусазаридаса цIикIкIун рагъухъан вугеб, бищун цебетIураб яргъидалъун хьезабураб, кьей лъалареб аскар. Ханзабазул би жиндирго чорхолъ букIинчIольиялъ, кверде росаралги росичIелги къиралзабазулгун гIагарлъи хурхинабизе жигар бахъулаан Надирица. 1739 соналда гьес васасе ячана Индиялъул цевехъан, кIудияв монгол МухIаммад-Шагьил яс. Бухариялъул хан Абулфайзил ясалъулгун жиндирго вацасул васасулги гьабуна Надирица ригьин (1740сон).

Индия кверщаликье бачун хадуб гьарзаяб давла щварав Надирида ракIалде ккана жинцагоги политикияб ригьин гьабизе. 52 сон барав чи вукIаниги, гьес хIукму гьабуна берцинлъиялъ цIар рагIарай Елизавета Петровна (Петр ТIоцевесесул яс ва 1741-1761 соназда Россиялъул къирал) ячине. Хириял сайгъаталгун, месед-гIарацгун 14 пилги бачун, лъабазарго чи вугеб къукъагун Персиялъул вакил 1741 соналда Санкт-Петербургалде вачIана. Гьес абулеб букIана, Индиялдаса щвараб бечелъиялъул бащадаб кьезеги рази ругин жалилан (цIар араб Кохинор алмазгун цадахъ).

Петр ТIоцевесев хун хадуб 37 соналъ «кIалгIабазул хиса –басияз» гьаргьазабулеб букIана Россия. 1739 соналда лъугIана иргадулаб гIурус-турк рагъ (ункъо соналъ халатбахъараб). Къураб Россиялъ ГIусманиязул империялъулгун хъвараб ракълилаб къотIи гьелъул мурадазда гIезегIан хIунсулеблъун букIана. Крымалъул татараз гьоркьоса къотIичIого чабхъенал гьарулаан Россиялъул югалде. Астраханалда, Казаналда, Башкириялда тIиритIун рукIана Санкт-Петербургалъул кверщаликьа эркенлъизе бокьаразул кьалулал багъа-бачариял.

Гьеб ахIвал-хIал лъикI лъалев Надиршагьил хIукму ккана къокъаб заманалда жаниб Россия кверде босизе, улкаялъул къираллъун йикIине йигей Елизавета Петровна жиндие кьечIони, рагъ багъаризабиялъе гьеб хIужа багьаналъунги гьабизе.

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ КIУЛ – АВАРИСТАН

1741 соналъул риидал, нусазарго чи вугеб аскарги бачун, Дагъистаналъулги Россиялъулги гIорхъоде вачIана Надиршагь. Чингисхан, Тамерлан гIадал Гьоркьохъеб Азиялъул бодулазул тарихги лъазабун, гьезул рагъулал къагIидабаздасан мисалги босун, Россияги бахъун, Европаялдеги чабхъен гьабизе хьул букIана Надирил. Амма цоги чабхъадулал ккезе чIечIеб къориниве ккана гьев, Дагъистаналъул халкъал мутIигI гьаризеян лъугьиналъ.

Нилъер мугIрузулаб улкаялде цевеккунги тIаде кIанцIун вукIана Надир. Аваразул эркенал жамагIатаз кумек гьабулеб букIана персазул зулмуялдаса лъутун рачIарал югалъулал дагъистаниязе.

Севералда кIуди-кIудиял ракьал рахъизе хIукму ккарав Надирие бокьичIо жиндир тушбабиги хьихьун ругел эркенал гIадамал мугъалда нахъехун тезе. Ингилисазул тарихчи А.Локарница битIун хъвалеб букIана: «Авария эркенго бугебгIан заманалда, Дагъистан рагъулеб кIул Надиршагьихъе щолароан», – абун.

Гьаб къокъабго макъалаялда гIатIидго тIолалго хIужаби рехсезе рес гьечIелъул, тIадчIей гьабилин гIандалазул эркенаб жамагIаталъул ракьалда дагъистанияздаги персаздаги гьоркьоб ккараб кIудияб рагъул лъугьа-бахъиназда. Гьеб рагъалъ «шагьзабазулги шагь» Надирил хIисабазул хIур лъугьинабун геополитикияб сипат-сурат хисизабуна.

Дагъистаналъул бищун щавкат бергьарал ханзабазул цояв Гъазигъумекиса Сурхайханил боги щущазабун, 1741 соналъул 12 сентябралда персазул аскар щвана гIандалазул ракьазул гIорхъоде. Гъазигъумек къеялъул ва Сурхайхан асирлъиялъул хабар лъайдал, гIандалазул къади ПирмухIамадица тIолабго ГIандаллъиялъул гIалимзабиги, рагъул церехъабиги, къадру бугел гIадамалги мажлисалде ахIана. Рагъ гьабичIого рорчIулареллъи бичIчIун букIана киназдаго. Гьединго лъалеб букIана кьалуе кIудияб хIалбихьи персазул букIинги, гIарадабаздалъунги дунялалда бищун цебетIураб цоги яргъидалъунги гьел хьезарун ругеллъиги. Гьединаб, рикIкIен гIемерал рагъухъабаздасан гIуцIараб, гучаб боялда дандиса данде ани, гIандалазул гьитIинаб бо бергьунгутIи бичIчIулеб букIана. Тушманасул загIипалги къуваталги рахъазул бицун, стратегияги тактикаги гьоркьор лъун, ватIан цIуниялъул рагъ кин гьабилебали хIукму къотIана мажлисалда. Жидерго гучаб рекIаразул бо хIалтIизабизе персазе рес кьезе бегьуларинги бицана гьениб. Тушманасул хIакъалъулъ кIвар бугел баянал лъазаруна Сурхайханасул васал МуртазагIалицаги МухIамадбегицаги. МуртазагIали гIолохъанчи вукIаго Сугъралъ цIалулев вукIана, гьесда ПирмухIамадги лъалаан. Хунзахъе унел чагIи лъалхъула Сугъралъ Сурхайханил васал *(аваразул нуцал гьезул имгIал кколаан).*

## РОЛЪУЛ ХЪАПГИ ХIЕЛЕКОГИ

15 сентябралде лъабкъоазарго чи вугеб шагьасул аскаралъ Дурчидагь магIарда чадрал чIвана. Къуват бащадаб букIинчIо: 3-4 азарго рагъухъан гурони вукIинчIо гIандалазул.

Гьеб ахIвал-хIалалда тушманасдаса бергьиналъе квербакъулел хIужаби гьадинал рукIана: бахIарчилъи («бергьенлъи яги хвел» абураб къасд); кьураби гIемераб, къваридаб бакIалда персазул аскар бикь-бикьизаби; цIи-цIиял къагIидаби ва рагъулал сихIраби хIалтIизари, тушманасул аслияб

къуватлъун бугеб рекIаразул бо багъизе бичангутIи; магIарулазул цоги жамагIатазул кумек. Дагъистаналъул киналго жамагIатазухъе чапарзаби ритIун рукIана, шавкат бергьарав тушманасда данде цолъизе ккеялъул хабарги босун.

«Махлукъатго гьаргьазабулев» абун цIар щварав Надир, Дурчидагъалъул борхалъудасан дурнабазги валагьун, гIандалазда хадув халккун чIун вукIана. Жал мутIигIлъанин ва гурхIел-цIоб гьабеян гьарун гIандалазул къадияс чапарзаби ритIун рачIинин божигун вукIана шагь. Жиндир хьулал хIорлъидал, щцидалаб кагъатгун чапар витIана Надирица магIарулазухъе. ГIандалъиялъул цевехъангун цадахъ 200 чи гъоркьлъалие кьеян ва жиндие мукIурлъеян хъван букIана гьес рисалаталда. Лъабго къоялда жанир кверде рачIинчIони, киналго гъурун тIагIинаризе ругилан хIинкъиги кьуна шагьас. Кагътида цадахъ ролъул цIураб хъапги битIана гьес, рикIкIун хIалкIоларелгIан гIемерал рагъухъабиги ругин жиндирилан бичIчIизабизе.

Лъабабилеб къо унеб заманалда магIарулаз шагьасухъе битIун бачIана жавабалъулаб кагъатги хIалакъаб хIелекоги. Гьеб кагътида хъван букIана гIицIго лъабго рагIи: «Ин ва ин». «Аллагь нужер рахъалда ватани, нуж бергьина, нижер рахъалда ватани, ниж бергьина», – абураб магIна бугеб Къуръаналъул калам букIана гьеб. ХIелеко битIиялъулги букIана хасаб магIна: «Нужер ролъул хъап кваназе кIола гьелда», – ян абураб.

Щиб гьабунги рагъ ккезе течIого букIиналъе къеркьолев вукIана гIандалазул къади. ЦIидасан биял гIодоре тIезе бокьичIого, магIаруллъиялъул церехъабаз Надиршагьасде хитIаб гьабуна, Дагъистаналъул халкъал мутIигI гьаризеян лъугьинчIого, рекъелги гьабун, нахъе аян. Гьидерил гIалимчи ГIурадаса Ибрагьим-хIажияс Надирихъе битIараб кагътида хъвалеб букIана: «Аллагьасул цIаралдалъун гьарулеб буго нижеца дуда, Къуръаналъул амрабазе мутIигIлъеян. ТIадрусса нужерго ракьазде. Гьедун абулеб буго, нужергун рагъ нижее хIажат гьечIо. Шамхаласул гIадамазда данде рагъизе цIакъго бокьун гьечIо, анкьумумулъанго батараб гьудуллъи бугелъул гьезулгун. Нужеца биял гIодоре тIоге. Ниж нужер рагIияталги кколаро. Я нужее, я цогидазе нижеца киданиги магъало кьечIо, кьезеги гьечIо. Гьарулеб буго нахъе аян, рокъоре тIадруссаян. Ва амма, нужеца ракълилаб куцалда нижер ракь течIони, Аллагьас хъвараб гурони бихьиларо», – ян.

Шагьасул буюрухъалдалъун маслигIатчагIазул цо къукъа гъуридал, рагъ гьабичIого хIебтIуларбелъи киназего якъинлъана.

ТIадчIун, кIвахIги макьуги тун, кьалде хIадуризе байбихьана гIандалаз. Мажлисалда къабул гьабуна, тушманасда сверухъ лъугьун, гIисинал къукъабиккун тIадекIанцIиял гIуцIиялъул къагIида. 10-100 рагъухъан вугел гьединал къукъабаз нахъаса къотIичIого кьаби щвезабизе ккколаан персазда, дандиса данде гьабулеб кIудияб рагъде журачIого. Аслиял масъалабилъун рукIана тушманасул гIарадаби тIагIинари, чуязул илхъаби хъами, хIалкIванагIан цIикIкIун зарал гьаби.

Сугъралъ росдада сверухъ цIи-цIиял щулалъаби рана. ЗагIипал харабиги руччаби-лъималги цоги росабалъе ритIана.

## ШАГЬ ГIАДАЛЛЪУН ВАТАНИ

24 сентябралъул рогьалилъ гIандалазул къадиясул аскар ХицIиб магъилъе бахъана. МагIарулазул дагъаб боги, рекIаразул аскар багъизе бегьулеб байданги бихьидал, Надирица рагъухъаби кьалде риччана. Гьедин ХицIиб магъилъ шагь къоринив кквезелъун ургъараб ПирмухIамадил рагъулаб хIилла кколаан гьеб. Лъелазул ва чодулазул кIуди-кIудиял боял хIалтIизаризе Надирие рес кьечIо къадияс. Кьалда бергьиналъе бищун кIвар бугел

хасияталлъун лъугьана щивав рагъухъанасул бахIарчилъи, бетIер хIалтIи, тирилъи-лебаллъи. Гьел тIабигIатазул рахъалъ персаздаса гIемерго тIокIал рукIана магIарулал. ХицIиб магъилъ ккараб цIар рагIараб рагъ байбихьана авлахъалда кIиго багьадур къеркьеялдалъун. Къажаразул рахъалдасан цеве вахъана хъахIаб чода рекIарав, кенчIолел къолдаби ретIарав рагъухъан. Къадиясул бодулъан гьесда данде ана чIегIераб айгъиралда рекIарав Сугъралъа МухIамадгъази. Лебалав, махщел камилав къеркьохъан вукIана гьев. Хвалчабазул рагъ гьабуна кIиявго рагъухъанас. Къел ккараб, вахIшияб кьабгIей букIана кьалул байданалда. Циндаго МухIамадгъазида рагIана эбел ГIайшатил гьари-дугIа: «Я Аллагь, ватIан цIунулесе къуват кье, дир васасе хIал кье», – ян. Гьеб каламалъ гуч кутаклъизабурав гIандалав, ругъназул бухIиги кIочон тун, тушманасда тIаде къавукъана. Цо лахIзаталда жаниб МухIамадгъазица къажарав чIван рехана. Чодасаги рещтIун, тушманасул керенги борлъун, гьесул ракI гIурулъе рехана багьадурас. Цинги тушманасул чуги ярагъги къадиясухъеги щвезаруна.

Байбихьана кор боркьараб, гьалагаб, кIудияб рагъ. «Сох» абураб щулалъудасан кьалуе нухмалъи гьабулев вукIарав гIакъилав ПирмухIамадица цойги рагъулаб хIиллаги ургъана: гIандалазе кумекалъе гьоркьор къотIичIого цIи-цIияl боял рачIунел ругин ккезе, салул ва рохъдол цIурал гьагьал тIад къарал хIамул рачунел рукIана тушманасда рихьулел сухъмахъаздасан. Гьез бахъинабураб хIур тIаде щвараб цIияб аскаралъ бахъинабурабилан кколеб букIана Надирида. Руччабазги лъималазги гьелго хIамул, персазда рихьуларел сухъмахъаздасан тIадги руссинарун, цIидасан Сугъралъе гъолел рукIана. ГIандалазе хIалае магIарулазул цойги росабалъа боял рачIунел ругилан абун, Надирица рагъулъе бичана рекIаразул къукъаги къо ккедал хIалтIизабизе тараб тIаса бищараб аскарги. БакIаб яргъидалъун хьезарурал чодулазул боялда къваридаб ХицIиб магъилъ маневрал гьарун бажаричIо. ГIандалазул гIисинал, тирияl къукъабазин абуни, къажаразул аскаралда сверухъ лъугьун, кьабиял щвезарулел рукIана. АнцIаза-азар чи вугеб Надирил боялде данде чIун ХицIиб магъил къварилъухъ къоялъ багъана гIандалазул цо къукъа.

Россияда вугев Франциялъул дипломат Маркиз де-ла Шетардица Санкт-Петербургалда гьадин хъвана: «Надиршагь квешго къуна. Къоринибе ккезе чIараб гьесул бо кIкIалахъ кIиябго рахъалдасан гъурана магIарулаз».

ГIандалазе хIалае рачIунел дагъистаниязул аскараз ГIаймакиб къварилъухъ къезабуна Надирие кумекалъе унеб букIараб къоазарго чи вугеб ЛутI-ГIалиханил боги. Гьединго дагъистанияз мерхьана ХIайдарбегил анцIазарго рагъухъан вугеб къукъаги. Гьезул гIицIго 500 чи хутIана.

Ираналда вугев Россиялъул вакил И.И.Калушкин Дагъистаналде гьабураб чабхъеналда шагьасда цадахъ вукIана. Гьес хъвана Надирил гьеб рагъ букIанин «гIадада аскар тIагIинаби», гьелгощинал гIадамал, бечелъи ва ярагъ кодоса ин жеги бихьа-рагIараб жо букIинчIилан.

1741 соналъул 28 сентябралда Дербенталдасан Петербургалде битIараб кагътида Калушкиница хъвалеб буго: «Къей хIехьезе кIвечIого, шагь гIодана», – ян.

***ХIажимурад***
***МУРТАЗАГIАЛИЕВ.***

# КучIдул

**Мурад АХIМАДОВ**



Гьаб соналъул 30 июналда ДРялъул поэзиялъул театралда букIана поэт, таржамачи, публицист ва издатель Мурад АхIмадовасул адабиятги маданиятги бокьулезулгун дандчIвай. Гьелъие гIилла букIана АхIмадовасул «ТIутIун бараб заман» абураб кучIдузул тIехь къватIибе бачIин. Гьединго гьеб къоялъ Мурадил тIубана 40 сонги.

Адабияталдаги журналистикаялдаги гьесул унго-унгояб махщел-гьунар цIалдолезда цебего бихьун букIаниги, цевего АхIмадов лъалел гьудул-гьалмагъзабазеги, хъвадарухъабазеги, цадахъ хIалтIулезегицин Мурад доб къоялъ цIияб къагIидаялъ рагьанин абизе бегьула. Гьес цIаларал цIубараб пикруялъулги камилаб магIнаялъулги кучIдуздасанги бицараб хабар-каламалдасанги, данделъаразул суалазе гьес кьурал жавабаздасанги бихьана, нилъеда цадахъ вукIин, жиндирго хаслъиги хатIги бугев Дагъистаналъул поэзиялде анищаб цIилъи босун вачIарав поэт гуревги, бечедаб гIелму-лъаялъул, гIатIидаб дуниялбихьиялъул, кIудияб хIалбихьиялъул, адабияталъулги, жамгIиябгун политикиябги лъадари щварав, цIияб заманалъул цIияб, гьанжесеб бичIчIиялъул хIаракатчи.

Мурад АхIмадовас тIокIлъигун лъугIизабуна ДГУялъул историялъул факультет. Хадуб гьенибго аспирантураги.

Гьев ккола Россиялъул Хъвадарухъабазулги Журналистазулги союзазул член.

АхIмадовас хIалтIулаб хIаракатчилъи байбихьана «Дагъистаналъул гIолилал» газеталъул обозревательлъиялдаса. Хадусел соназда вукIана студентазул «Колокол» газеталда, Дагътелерадиокомпаниялда «Чирахъ» абураб передачаялъул жавабиявлъун, «Дагъпресс-инфо» газеталъул бетIерав редакторлъун, «Дагъправдаялъул» приложениелъун кколеб «Литературияб Дагъистан» газеталъул редакторлъун, «Дагъистан» журналалъул бетIерав редакторасул заместительлъун, «Эпоха» басмаханаялъул исполнительнияв директорлъун.

ГьабсагIат Мурад АхIмадов ккола республикаялъул литературиял журналазул бетIерав редактор, «Дагъистаналъул хъвадарухъан» басмаханалъул исполнительнияв директор ва Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб литературияб музеялъул директор.

Мурадие хадубккунги гIумруялдаги творчествоялдаги жиндирго рекIее бокьанщинабги гьарулаго, кьолел руго нижеца гьесул «ТIутIун бараб заман» абураб тIехьалдаса цо-цо кучIдул.

## ТIУТIУН БАРАБ ЗАМАН

* * *

**Югалде къокъун унел**
**Къункърараби кинигинан,**
**Карачалаби хъвалхьун**
**Лъедолел руго гуми.**

**Лъаларо дуда жеги**
**Мун божулев дур гьудул,**
**Метералде щивлъун гьев**
**Дуе лъугьиневали.**

**Ралъдалъ цIергун къеркьолел**
**ЧчугIбузул мисалалда,**
**ЦIвабзазде ишан ккун, нилъ,**
**Унел руго бецIлъукьан.**

**РакIазулъ божилъигун**
**Бухьараб буго сапар,**
**Балъгояб буго нилъей**
**Лъида киб, щиб дандчIвалеб.**

**РагIаллъуде рорчIизе**
**ЧIалгIеналъ ахIулел нилъ,**
**Заманалъул гьулчиялъ**
**Гьанир-доре рехула.**

**Бажариги, къвакIиги,**
**Къеркьейги камунани,**
**Къасдазги анищазги**
**Нилъ хвасар гьариларо.**

**БитIарабги тIекъабги**
**БатIа гьабизе малъун,**
**ТIаса лъикIаб бищизе,**
**БетIергьан, кумек гьабе.**

**Гьаб дунялалъул рокъоб**
**Мекълъи гIемераб буго,**
**ГIадан къосинавулел**
**Къорал гъваридал руго.**

* * *

**Маргьу, хIакъикъат гIадин,**
**Къабул гьабиялъулъин,**
**БукIараб дир къуватги**
**Тамахлъи-загIиплъиги…**
**Лъадада релълъун дида**
**Бихьун батана сали,**
**Загьруборхьил хьирхьири –**
**Ралъадалъул гьулчилъун.**
**Дир гордал гурхIел-цIоб тун**
**Рухулаан гьороца,**
**ЦIер кинигин киналго**
**Къасдалги гъурулаго.**
**Рагьулелъул, къалелъул**
**Къиркъидулеб нуцIица**
**Бачунаан чIамучIаб**
**ЧIобогояб цо бакъан,**
**Рокьулги, лъугIел гьечIеб**
**ЧIалгIеналъулги бицун,**
**Дир кверазул хIалалъул**
**ХIисабго гьабичIого…**
**Пулаан гучал гьурал,**
**Ничги бахъун, рухьардун,**
**Гьабулаан гьаргьазе**
**Гьелъ щулияб минацин…**
**Нилъ – инсаният буго**
**Ахираб гIорхъода чIун,**
**БукIинеселъул къисмат**
**Лъалареб бакIалде щун.**
**БукIаниги, нилъее**
**ГIемераб заман буго,**
**ГIаданлъи, хинлъи, чилъи**
**ГIахьал гьабун хьвадизе.**
**Гьудуллъиги вацлъиги**
**Гьайбатаб рокьул гучги**
**Рек1елъ намус бугезе**
**Рас течIого бикьизе…**
**Ле, нухлулав, щивха мун,**
**Дир гьудулищ, тушманищ?!**
**Гьале дир кIикъого сон.**

**Дир кIудада АхIмад ракIалде щвеялъе**
*(анцIго сон ана гьев къадаралде щваралдаса)*

**Вехьасул сухъмахънухккун
Унев вуго кIудада,
Дун – лъимер, хIатIилгIицIго,
Гьесда хадув гьелулев.**

**РекIелъ иман щулияв,
РагIул магIна гъваридав –
МагIарул рогьел гьесда
Бохун дандчIвалеб буго.**

**Цересел умумуца
Берцинал лъалкIал тарал,
Бергьанлъаби, балагьал
Гьезда гIемер дандчIварал,**

**Гьеб киналъулго нугIзал
Чармил кьураби ругеб,
Гьаб ракьалда кIудадал
Бигьаяб гьечIо гIумру.**

**Гьаниб гIансаялъ цIияб
Къисмат цIехолеб буго,
РекIел дугIа гIисинккун
КIутIбуз щурулеб буго…**

**Буран, гьури гьарзаял
СагIтаз, къояз, сонаца,
Дун кIудадал лъалкIдасан
Сухъмахъккун унев вуго.**

**БукIине те гьаб гIумру
РахIат, хIалхьи лъалареб,
Борхалъуде вахунеб
Нухккун унев вуго дун.**

**Дун, дунголъун хутIизе,
Нухда вилунгутIизе –
Дир гIумруялъул мурад,
МагIна, къасдал, анищал.**

**Бокьун буго цIидасан
ГIумрудул рогьел лъазе,
РитIухълъиги рокьиги
Даим дунгун хутIизе.**

**КIудадал гIансаялъ дун
Нухда битIун вачине,
Анищаца бищараб
Борхалъуде вахине.**

* * *

**БукIа абе, дир гьудул,
Бугеб куцалъ кинабго,
БосичIого къисасги,
Къадруялда намусги.**

**РекIкI, гьереси, бадибрецц
Борохьлъун жемугеги,
Биччанте талихI-рохел
БукIине нилъгун цадахъ.**

**Соналдаса, метер къо
ГIемер сахаб бачIаги,
Бакъул багIари хIаллъун
ГIазаб ракьуй кьогеги.**

**Щибаб иццул лъадаца
Хьеги къеч гьекъарасул,
Гьудулзабигун тIахьал
Гьарзалъаги нилъее.**

**РекIеца бищанщинаб
Щваги дуй гIорцIизегIан,
Анищлъун лъилго бугеб
Батаги хIалхьезегIан.**

**Къисматалъул нухда дур
ЛъалкI хутIаги щулияб,
Анищлъун лъугьаги мун
Гьаб ракьалда лъилниги.**

* * *

Лъаларо бецIлъиялъулъ
ЦIвабзазде нух къосунищ,
Ялъуни, бичIчIуларо,
Дунгиййищ мекъи ккарав?

Къисматалда дандчIвазе
Дирго нухккун унаго,
Аммаха цIакъ гIемераб
Балъголъи тIатана дий.

ТIалабгьечIолъиялъухъ
РецIелалъе батана
РекIеда щурщудулеб
Щибалиго цо цIорой.

Гьадингоялин кколел
Лъугьа-бахъиназгицин,
Бергьенлъаби, камияз
Кваналеллъи бичIчIана.

Радалго дир рекIее
КIудияб хIалхьи кьолеб
ХIеренаб балагьигIан
Багьаяб тIокIлъи лъачIо.

Гьелде данде кквезесеб
Дуниялалъул рокъоб
Дий цоги щибго гьечIо –
Гьеб цебего бичIчIана.

## ИНСУЕ

Щибаб лахIзаталъ бахчун
Буго унтигун цIорой,
Амма щибаб къарнудал
Жинди-жиндир кIодолъи.

РекIкIаб кIигьумерчилъи
Бугеб гIадин бихьизе
ГIасруялъ кида-къадги
ХIакъикъат лъела цебе.

Щвела нилъейги бичIчIи,
Тушбабазе квешезе,
Кинабго бецIабщинаб
Миркалъго чIегIерлъила.

Ратиларо ракьалда
Киданиги рагIаби,
ГIадамазул гьереси
РитIухъ гьабизе кIолел.

Бижила дунялгIанги
ГIумру халатаб рагIи,
РухIалъе караматаб
Дарулъун жиб лъугьунеб.

Лъилго квер рекIинаро
КIудияв инсанасда,
Баккулаго бакъвала
КъабихIлъи, хIалихьалъи.

Рокьиялда цIидасан
Нахъеги бижила жан,
Щела цIияб къуваталъ
ЦIидасан къаркъалаги.

Къимат тIокIаб рагIиялъ
Бергьенлъи босарабго,
БакIал гIазабаздаса
РакIал эркен гьарила.

* * *

Сапаралъ унев дий нухбитIиялъе,
Дуца киданиги камун тоге как;
Гьелъ дир ургъалаби бигьа гьарула,
Пашманлъи, кьварилъи рикIкIад гьабула.

Дур дугIа дарулъун букIина дие,
Дун квешлъабаздаса кивго цIунизе.

Инжитабщиналда, хIилла-рекIкIалда
Дихъе киданиги нух лъангутIизе.

Заманаялъ тIерен гьарурал чIваби,
Звангъела даимаб рокьулги бицун.
Щиб лъалеб, некIсиял накъищаз гIадин,
Рагьилеб нилъее жиндир балъголъи.

Нилъ заманаялъул кьалбалъеги ун,
ЧIахIиял къасдалгун журалел руго,
ХIасратго цоцада къвалалги жемун,
РекIел асаралъулъ сагьвиллъи батун.

Щибаб лахIзаталда гьаб дунялалда,
Нилъеда дандчIвала цо хасаб цIилъи.
Рокьиян цIар бугеб гьаб гIумруялда
ХIасратго хIохьги бан, хьезабила къеч.

* * *

Балеб, балеб буго гIедерго гIазу,
ГIедегIун боржунеб гIумру кинигин.
ЧIегIераб ракьалде маргьуяб гIазу,
ЛъикIалги квешалги ругьалабилъун.

Хинаб рокъоб гIазу буго биунеб,
Гордал цIурдузда тIад лъалкIал толаго.
Заман къокъаб буго, гIазул гьайбатлъи,
Гьеб тIубачIеб къасдлъун лъугIулеб буго.

Хъван бачунеб буго зодилаб маргьу,
Дунялалъе хасаб чIаголъиги кьун.
ХъахIал макьабилъун хъахIал хIулаби
Хвела хинлъиялъукь их щвелалдего.

* * *

Нилъ кирго лъиего къваригIун гьечIо,
Нилъерго макьабалъ лъалелъуб гуреб,
Нилъее гIагараб ракьалда гуреб,
Нилъее хирияб бакIалда гуреб.

Нилъго гIайибиял ругин кканиги,
Лъийго мунги дунги налъулал гьечIо.
Можоро бергьарас талихI босулеб
Ракьалда нилъейги налъулал гьечIо.

ГурхIел-рахIму гьечIеб заманаялъ нилъ
Нахъеги рикIкIаде рачеян абе,
РекIкI, хIилла, гьереси, чамгIаллъи лъачIеб,
ГIумругун цIидасан журазаризе.

* * *

Доба кибалиго рикIкIада дида
Ракь кинаб батилеб, лъида гьеб лъалеб?
Ралъад къотIун унел къасдазул гуми
Лъалхъулеб рагIаллъи кибдай букIина?

Унго, хIакъикъатлъун щибдай лъугьина,
Хьулал, анищаллъун щибдай хутIила
Божа-рокьаразе рогьеллъунго лъикI,
Лъилалиго сагIтил хьаравуллъунгIан.

ГIантал къасдаздаса рикIкIад букIине,
Рек1ел амруялъ дун т1амурав вуго.
ГIумруялда жаниб маргьу балагьун,
ГьелгьедунгутIизе нигат ккун буго.

Гьанже киналъулго хIисаб гьабидал,
ХIасил гьадин буго дида бихьулеб;
Гьадаб балъголъилъун бихьарабщинаб,
Щибго гуреб жолъи лъалев цо Аллагь.

* * *

Квелъ бачIел айгъиразе
ГIатIидаб авлахъгIанги,
ГIолеб гьечIо дуниял
Дир рекIел анищазе.

Гучаб сангар гьобогьун,
Гьалагаб гIор кинигин,
Роржунел руго къасдал
Балъголъаби цIехезе.

Гьезда цебе тIибитIун
ТIубараб дунял буго,
ТIолабго хIакъикъатги
Гьезий мутIигIлъун буго.

Бураналъул гIедерлъи
Гьадингояб жо буго,
Дир пикрабазул хехлъи –
Роцен гьелъие гьечIо.

ЦIи-цIиял ракьал руго
Рагьулелго рагьулел,
ЦIиябщинаб кинабго
Лъалеб буго батулеб.

Рокьуцагун лъикIлъиялъ
Боркьулеб керемалда
КинабгIаги бакI гьечIо
Пашманлъиялъе хутIун.

Канлъиялъ бугIун цIураб
ГIатIидаб дунялалда,
ГIураб эркенлъи буго
Анищазе, къасдазе.

Даимлъиялъ жиндирго
ЛъалкIал таралщиналъуб,
Балагьула гIадамас
МугъчIвазе бакI, хвасарлъи.

*ГIурус мацIалдаса руссинаруна*
*МухIамад ПатахIовас*

# Шамил гьавуралдаса - 220 сон

## ИМАМАСУЛ АХИРИСЕЛ СОНАЛ

Гьеб букIана Шамил асирлъуде восун кIиабилеб къо – 1859 соналъул 27 август. Гьев чодаги рекIун унев вукIана Гъуниса. Цадахъго букIана гьесул хъизамги. Гьезда цадахъ рукIана цо лъелаб батальонги, кIиго драгуназул эскадронги, кIинусгогIан рекIаразул полкалъул дагъистаниялги. Халкъалъе Шамилилгун къо-мех лъикI гьабизе лъицаниги квалквал гьабулеб букIинчIо.

Нухда Шамил унтана ва 29 августалдаса 3 сентябралде щвезегIан гьев Темир-Хан-Шурав хутIана. Цинги, ГъазимухIамадида акIоб хъизанги тун, Шамил цевехун къокъана. Хъумторхъалаялде гьел щваралго, гьенир имамасда дандчIвазе Порт-Петровскиялдаса рачIун рукIана гIемерал гIадамал. Чирюрталда гьесул бахъана тIоцебесеб сурат.

5 сентябралда гьел щвана Моздокалде. ХIухьбахъизе гьенир лъалхъана эрмениязул купец Улухановасул бакIалда. Гьев кколаан Шамилил чIужу ЩугIайнатил вац.

7 сентябралда гьел щвана Ставрополалде, 13 – Харьковалде. Киналго Шамил щваралщинал шагьаразда гьесда дандчIвай гьабулеб букIана авданго, сухIмат-кечIгун, роха-хинлъун, зодоре кьагьулел ракетабаздалъун.

Зама-заманалдасан Шамил компасалде валагьулаан: «Сибиралдедай вачунев вугев?..» – ан пикруги гьабулаан.

15 сентябралда Чугуевалда Александр II-гун букIана тарихияблъун лъугьараб дандчIвай. Гьениб гIуцIун букIана Шамилил хIурматалда рагъулаб парадги.

19 сентябралда имам щвана Курскиялде. Тула шагьаралде щвараб мехалъ Шамил вачана ярагъ гьабулеб завод бихьизе. Завод хIалтIизабулеб букIана хIухьлал машинабаз.

22 сентябралда жиндирго вас ГъазимухIамадгун цадахъ Шамил Москвалде щвана. Гьениб букIана генерал Ермоловасулгун доб кIочонареб дандчIвай. Гьенисаги ана Петербургалде. Тира-сверана Кремлиялда. Бихьана Царь-пушка ва цогидалги гIаламатал. Къаси ана театралде.

ГIадамазул гIеме-гIемерал къукъаби рукIана кирго имамасда дандчIвалел ва нуха регIулел.

Полковник А.П.Богуславскияс рихьизарулел рукIана тахшагьаралъул церетIуралщинал бакIал: Исакиевскияб собор, Кунсткамера, Публичнияб библиотека. Бихьизабуна Кавказалъул карта. Шамилида гьаб картаялда цо параялъб ратана Генуб росу. Цинги гьев вачана Царское селоялде.

«Щай мун цевего вачIинчIев асирлъуде?» – ян кьолеб суалалъе Шамилил жаваб букIана: «Дир намус бацIцIадго буго, тIубараб Кавказалъулги, Россиялъулги, Европаялъулги халкъалда бичIчIана ва лъана, дун асирлъуде аравлъи дир магIарул халкъалъ чIахI-хер кваназе байбихьидал…»

10 абилеб октябралда Шамил щвана Калугаялде. Гьениб гьесие къачIан хIадурун букIана майор Сухотин хун къорол хутIарай гьесул чIужуялъул букIараб мина. Сверун къараб, тира-сверизе бегьулеб ахги цебе бугеб, цо гьитIинаб мажгитги азбаралда бугеб бакI букIана гьеб.

1860 соналъул 5 январалда Дагъистаналдаса Калугаялде рачIана Шамилил хъизан: чIужуял, лъимал, дурцал, лъималазул лъимал, рагьдателал – киналниги 22 чи. Гьел хьихьизе пачаяс щибаб соналъе биччалеб букIана 20 азарго гъурущ. Гьебги гуребги Шамилие пенсия чIезабун букIана лъагIалие 10-15 азарго гъурущ. Пенсиялъул цо бутIа Шамилица кьолаан мискиназе. Гьес мех-мехалъ жиндирго казначей ХIажияв витIулаан къватIазда, Калугаялъул килисабазухъе садакъа бикьизеги.

Имамасда аскIов приставасул хъулухъалда вукIана Кавказалъул рагъда ругъналги щварав полковник Руновский. Гьев вукIана магIна-гIорхъиги бугев, лъайги бугев, гIадамалги ричIчIулев инсан. Гьес кIвараб яхI бахъулеб букIана «меседил клеткаялъув» вугев имамасе ракIгъеялъе жиндаса бажарабщинаб гьабизе. Шамилие рекIелгъеялъе гьес босана аргъан. Нагагь имам унтани, гьес ахIулааан Шамилихъе бищун лъикIал, цIар рагIарал тохтурзаби. Гьел гьудулзабилъун лъугьана. Шамилилгун лъай-хъвай гьабизе гьенире рачIунаан Россиялдасаги къватIисел пачалихъаздасаги гIадамал.

ЛъикIго гIурусалги лъарабго, гьезул рукIа-рахъинги бихьарабго, Шамилида бичIчIана гьезулги гIумру магIарулаздаса расги бигьаяб гьечIеблъи. Гьес пачаясда тIадчIун гьарулеб букIана мискинзабазе эркенлъи кьеян.

Гьоркьохъеб Россиялъул гьава-бакъ рекъолеб букIинчIо Шамилиеги, Гьесул хъизан-лъималазеги: гьелде кинго ругьунлъулел рукIинчIо, хасго руччаби.

1862 соналъ хвана ГъазимухIамадил чIужу Каримат. 1866 соналъул 12 апрелалда, чахоткаялъги унтун, хвана Шамилил бищун хирияй кIудияй яс Нафисат. Хваразул жаназаби Дагъистаналде ритIана пачалихъалъул гIарцухъ, цадахъ офицергун. Дагьаб заман арабго Калугаялда лъугьана бусурбабазул хабзал. Гьенир рукъун рукIана 16 чи. ГъазимухIамадица Дагъистаналдаса бачIана пашманаб хабар. Гьес бицана магIарулал гIемерисел Турциялде гочун ун ругин. Шамилил ракIчIун букIана: Турция рагъулъ бергьана, щайгурелъул, магIарулаз гIурусазул пача тIамуна кIиго фронталда вагъизе. Гьесул хIукму ккана Стамбулалде ине. Гьенисаго рес ккoлеб букIана Маккаялде инеги. ТIоцебе гьес гьелъие хIалбихьана 1861 соналъул апрель моцIалда, гьесул вас пачаясул армиялде лъугьараб мехалъ.

1861 соналъул июль моцIалда Шамилги Руновскийги, ГъазимухIамадги ва цадахъго кIиявго дурцги Петербургалде ана А.Барятинскиясухъе ва Александр II-сухъе. Гьез Петербургалдаги гьелъул сверухълъиялдаги экскурсияги гьабуна. Пачаяс Шамил къабул гьавуна жиндирго кабинеталда Царское селоялда. Гьес имамасе сайгъат гьабуна меседил хвалчен. Пачаясул чIужуялъги кьуна гьалбадерихъе гIезегIан сайигъатал руччабазе росеян. Амма, жив Маккаялде ине бокьун бугин Шамилица абидал, пачаяс гьеб къабул гьабичIо, вуцIцIун чIана. Гьес гьелдалъун бихьизабуна жеги гьелъие заман щун гьечIеблъи.

1862 соналъул 1 январалда приставасул бакI ккуна полковник П.Пржецлавскияс. Гьесие бачIинахъего рекIее гIечIо Шамил… Гьес гьеб бахчичIо Шамилидасаги, гьев киса-кивего гьесда хадув халккун вукIунаан. М.Чичаговалъ хъвалеб буго гьев пристав Пржецлавскияс Шамилил хIакъалъулъ кинабго лъазабулеб букIанин, гьев къватIул харбазухъги цIакъ гIенеккулев вукIанилан.

Жиндирго хъвай-хъвагIаязда Пржецлавскияс имам вихьизавулев вукIана лъиего рахIат толарев, рекIелъ восуларев херавлъун… ГIураб къо бихьана Шамилида гьесдаса ватIалъизе рес рекъоларого. Гьеб ишалъул ахIвал-хIал цIехезе ва хIакъикъат лъазе рагъулав министр Милютиница Калугаялде витIана жиндирго адъютант. 1865 соналъул декабрь моцIалда Милютиница пачаясухъе щвезабуна жиндирго доклад. Гьениб хъван букIана анлъго сон Калугаялда бан хадуб Шамилида лъалел ругин киналго гIадамалги, бакIалъул ахIвал-хIалги ва Шамилие къваригIун гьечIин кинавгIаги пристав абун. Докладалъул ахиралда Милютиница пачаясда гьарулеб букIана пристав хIажатаб хIал гьениб гьечIилан, гьеб хьулухъ хвезабеян.

1966 соналъул 5 январалда пачаяс гьеб докаладалда гъулбас гьабуна ва Милютинида разилъана. 1866 соналъул 12 январалда Милютинца Шамилида ва Пржецлавскиясда лъазабуна гьелъул хIакъалъулъ.

1867 соналъул май моцIалда пачаясул вакилас Шамилида цебе суал лъуна, гьесие ихтияр кьолеб бугин гIумру гьабизе югалъул бокьараб бакI тIаса бищизе. Гьел рукIана гьадинал шагьарал: Новороссийск, Екатеринослав, Елизаветград, Вознесенск, Киев, цинги гьенисан ине бегьула Маккаялдеги.

ЛъагIелгун бащдаб ана рагъулал ва гражданлъиялъулал хIакимзабазухъе кагътал хъвалаго…

1868 соналъул 8 октябралда пачаяс гъулбасараб кагъат битIана Киевалъул комендантасухъе Шамилги гьесул хъизанги къабул гьабеян.

1868 соналъул 5 марталда Шамилица бесдалазе васият гьабуна жиндирго тухумалъул рукъ-бакI Генуб росулъ бугеб. 1866 соналда гьесие графас сайигъат гьабураб Къуръан Шамилица КIикIуни росулъ бугеб мажгиталде щвезабеян гьарана. 1868 соналъул 3 абилеб октябралда Кавказалъул начальник кIудияв князь Михаил Николаевичас изну кьуна гьеб Къуръан КIикIунибе щвезабизе. Амма бакIалъулал цо-цо хIалихьатал чагIаз гIезегIан квалквал гьабулеб букIана Шамилил гьеб гьари тIубаялъе. Шамилида гIайиб гьабулеб букIана, гьес ургъичIого хвезе ва чIвазе биччарабщинаб халкъалъул. Кин бугониги, Шамил Маккаялде ун хадуса Къуръан росулъе щвезабуна.

1868 соналъул 25 ноябралда Шамил Калугаялдаса Киевалде ана. 3 декабралда гьев щвана Бровалы абулеб станциялде. Гьениб гьесие бихьизабураб рокъоб гьес сордоги бана. 1868 соналъул 19 декабралда Шамилица хъвана кагъат кIудияв князь Михаил Николаевичасухъе. Гьес нахъойги гьеб кагътида гьарулеб букIана Алексаендр II-сухъа изну босейин жив Маккаялде инеян. Гьаб нухалда имамасул гьари къабул гьабуна.

1869 соналъул 16 февралалда Александр II-лес гьесие изну кьуна Маккаялде ине ва буюрана гьесие паспорт гьабизе цо лъагIелалъул.

1869 соналъул 12 маялда цадахъ жиндирго кIияйго чIужугун, ункъайго ясгун: Фатима, Нажабат, Сафият ва Баху-Меседу, гьитIина вас МухIамадкамилгун ва васасул яс МагIазатгун рекIана гамида ва ана Днепр гIорккун. ХутIарал гьесул гIагарал чагIиги вас ГъазимухIамадги тун рукIана Россиялдаго, асирал хIисабалда.

Шамил Маккаялде хIежалде унев вугин абураб хабар хехго тIибитIана бусурбан халкъалда гьоркьоб. Турциялъул тахшагьаралда кIудияб хIадурлъи гьабун букIана гьесда дандчIвай гьабизе.

1869 соналъул 19 маялда имам жиндирго хъизангун ва цадахъ

Дагъистаналдаса 70 хIежалде унел чагIигун щвана Стамбулалде (Константинополь). КIудияб гамиде данде бачIана анкьго гьитIинаб гама (катер). Шамил гъоркье рещтIаравго гьесда дандчIвай гьабуна Турциялъул султанас. Султан ГIабдул-ГIазиз чукъбигун цадахъ чIун ватана гьасухъ балагьун жиндирго чIухIараб хъалаялъул кIалтIа. ГIодор чIана бечедаб тепсиялда нахъа. Кьуна султанас Шамилиеги гьесул гIагарлъиялъеги хириял сайигъатал. Гьенивго гьечIониги, Шамилил вас ГъазимухIамадие кьуна бригадный генераласул кIудияб чин ва заочно тIамуна гьев Дагъистаналъул рекIаразул полкалъул лейб-гвардиялъул командирлъун.

Турциялъул тахшагьаралда Шамилица бана бащдаб лъагIелгIан заман. Гьев кидаго сверун ккун вукIунаан гIалимзабаз ва цоги цIаррагIарал гIадамаз. Имамас бахчулеб букIинчIо турказулги Кавказалъулги рагъул хIакъалъулъ жиндирго разилъи гьечIолъи. Турциялъул тIадчагIи рази гьечIого рукIана Шамилидаса, щайгурелъул, имамас цониги квешаб рагIиго абулеб букIинчIо гIурусазул пача Александр II-сул хIакъалъулъ. Россиялъул пачаяс Шамилиеги гьесул наслабазеги кьуна дворяназул чиналги.

Гьелъул хIакъалъулъ хабар щвана Турциялде 1869 соналъул август моцIалда ва гьелдаса расги разилъичIо султан.

1969 соналъул август моцIалда Польшаялъул художник С.Хлебовскияс бахъана тIоцебе Шамилил сурат. Гьеб сурат ахирияблъунги батана имамасул. Гьеб сураталдаса бихьулеб букIана Шамилил сахлъи лъикIаб гьечIолъи, гьев унтун вукIин.

Шамил, заман лъугIулеб букIин хIалалъ бицунеб киниги, гIедегIун вукIана бищун кIудияб жиндирго борч тIубазе Маккаялде щвезе – бусурбанчиясул тIадаб налъи борхизе – хIежалде ворчIизе.

1869 соналъул октябрь моцIалда Маккаялде унаго, ИсмагIил-пашал гьариялда рекъон, Шамил ана Египеталде. ИсмагIил-пашал чIухIараб минаялда гьел дандчIвана XIX гIасруялда эркенлъиялъе гIоло къеркьарал бахIарзалгун. Имамас Египеталда бана моцIгIанасеб заман. ИсмагIил-пашаяс, живго цадахъги вачIун, рихьизаруна Шамилида Каирги Александрияги шагьарал.

Египеталдаса Шамилги цадахъ рукIаралги рекIана, ралъдал гумузул шагьар Жиддаялдаса БагIараб ралъад къотIун унеб гамитIа. Гьениса Маккаялде букIана 70 километр. Имамасда дандчIвазе Жидаялде рачIана Маккаялъул шариф Эмир ГIабдуллагь, Хижазалъул губернатор ва аза-азар хIежалде рачIарал бусурбаби.

Киназдаго Шамил вихьизе гIоло, Макаялъул шарифас гьев вахинавуна тIолабго дунялъулго бусурбабазул тахшагьар Маккаялда бугеб бищун кIудияб мажгиталъул михIмаралде. Гьедин, тIаде щолеб бугеб цIияб 1870 абилеб соналда цебе тIубана бищунго кIудияб имамасул анищ – хIеж борхи.

Россиялъул пачаяс гьесие изну кьун букIана хIежалда цо лъагIел базе, амма Шамилие цо лъагIел гIечIелъул, гьес буюрухъ хъвана имамасе тIадеги цоги лъагIелги кьезе.

Къойидаса къойиде Шамилил тату холеб букIана. Унтизе байбихьана рагъда щварал, тIубанго сахлъун рукIинчIел ругънал. Амма хвел тIаде щвелалде Шамилие цIакъ бокьун букIана бусурбабазул кIиабилеб тахшагьар – Мадинаялде щвезеги, гьениб бугеб МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хабаде инеги. Гьенибе букIана 400 километралъул нух. ТIубанго тату хварав имам, 1870 соналъул март моцIалда унев вукIана Мадинаялде. Тезе кколеб букIана 15 къоялъул нух нахъа…

***ГIабдула ЮСУПОВ, экскурсовод.***

ГIаишат МАЛАЧИЕВА



## ГIИЩКЪУЛ НАКЪИЩАЛ

### Гьудуллъиялъул кечI

ТIогьол кьер гIемераб, гIуру берцинаб, –
ГIемермиллатазул улка – Дагъистан.
ТIугьдузул лъим цIцIураб, гьоцIо гьуинаб, –
Гьайбатаб халкъ гIураб – мугIрул Дагъистан.

Авараз, лъарагIаз, даргияз, тумаз
МагIнаялда гIуцIун буцIцIараб тIалъи,
Лезгияз, рутулаз, табасараназ
Свери гIатIилъараб дир мадугьаллъи.

Нилъер гьудуллъидул, гьоболъиялъул
Баракат бахаги дуниялалде.
Нилъер вацлъиялъул, божи-рокьидул
Кьалбал гъварилъаги дир ватIаналда.

Россиялъул халкъал цоцалъ гъункизе
Кавказалде каву рагьулеб шагьар!
Ральдалъе гIоралльун гIалам жубазе
Жаниб цIураб шагьар – МахIачил шагьар.

Цоцазда рагIулеб магIна босизе
ГIурус мацI гIамлъидал роцIуна рагIи.
Гьудуллъи тIегьазе, гьелъул пихъ щвезе
ГIищкъу цIикIкIаразулъ ратула чагIи.

БетIергьанас ращад рижунги ратун,
Рорхалъун гаргазе изну лъил бугеб?
Цоцалъ рекъон чIаян аятги букIун,
Питна бухъизе щив вахъинев кколев?

Ракълица къвалбаялъ къабуллъаразда
Рокьукъаб пикрудул кваркьи щогеги.
РакI-ракIалъ квербосун, салам кьолезда
КьогIаб балагьалъул гьури хъвагеги.

* * *

Инсанасул кIиго бер,
БитIахъе балагьараб –
РикIкIада ругезулги
ГIунгутIаби рихьулеб.
КIиябгоги гьеб беццаб, –
Жиндихъго балагьизе,
Бугеб гIайиб бихьизе,
ГIамал-хасият лъазе.

* * *

Ракь мерхьунел ругел нилъ, –
Ракьуца мерихьинесел.
Ракь бекьулел ругел нилъ, –
Ракьалда рекьизесел.

Ракь беэдизе лъани,
Берцинлъила гIадамал,
Ракьалде квер хьвагIани,
ХьвагIила нилъеде мал.

Ракьул баркала щола
Кинабго лъикIлъиялъухъ,
Ракьалъ рецIел босула
РасгIанабги квешлъидухъ.

## ИНСУЛ РОКЪОЕ ЩВЕДАЛ

Росулъе юссуна ссун унеб канлъун, –
Ятуларей эбел, ун вугев эмен.
Рокъое лъугьуна къанщараб нурлъун, –
БестIаллъараб азбар, сасараб роххен.

Инсул гIелмуялде гIинбан ругьунай,
СихIкъотIиялдаса хIинкъизе ккола.
Гьесул каламалда куцан йикIарай,
Гьаб гIинкълъиялдаса къазе лъугьуна.

Дол килщакь цIвакарал чIумалги сверун,
Свалат-зикруялде ракI буссаниги,
Досул тIогьиллъарал тIахьазде юссун,
Сонсиял къоязухъ ракI бецIцIаниги.

Камун вуго дада…ками бецIизе
БатIияв, лъицаго мун хисиларо.
Тун руго квербосун, кири босизе,
Эменлъи лъицаго дий гьабиларо.

Эбелалъул канлъул кунчIи бихьизе
Киналго бокIназде ялагьун йиго.
Гьелъ квер хъвараб гуреб тIагIел цIехезе
ТIокъо-коралдего квер щолей йиго.

ГIолей гьечIо эбел… рекIелъ бакI цIезе,
Бабал чохьол яцаз хIалцин бихьичIо.
РухIгIанги хирияй гьелъул роль хIазе
ХIурулгIин щваниги, релълъине гьечIо…

Дур букIараб гIеретI магIилищ цIелеб,
Гъаримаб къавулъе къулулей дица.
Раса-цIалкIуялда кIалъанищ телеб,
КIалдиса доб тIагIам лъугIичIей дица?!

Дур гьаюдиялде бергIун рукIарал
Руччаби гьанже духъ ракIбахъун руго.
Доб гIуцIа-къаялъул къагIида лъалел
Мадугьаллъи жеги нужан гIодула.

Даруде хIажатаз, хIал загIиплъараз
Дада, мун анищан ахIула жакъа!
Дарман тIагIараца, гIузраби ккараз
Аман, дур гIелмуйин рехсола гьанже!

Нилъер кавуялъул кверкъел кколеца
Какда хадубгIаги цIар къотIун течIо.
Нужер къадру лъараз, къимат бичIчIараз
Мунагьал чуреян гьарулеб буго…

## ГЬАДИН ГЬЕЧIЕБАНИ

Даруцин гурелъул даран лъугьине
Рекламадул гьурал хъудичIелани:
Гьереси-аптека экраналдасан
Алжаналда бащад бецциччIебани;

ЦIали-лъай цIубачIез цIаралги росун
Рукъалъул больница баккичIебани;
Койкаби ричизе – чагIи унтизе
Тохтирасул анищ бергьинчIебани;

ТIинаб гIузру бахун гIадам ваккани,
Хирургаца нусал лъухьичIелани; –
ГIарац гьечIесухъе ГIизраил щвезе
ГIаданлъи хвараца рес кьечIебани;

Гьедин хилиплъарал, халкъ рехун тарал
Тохтирал таманал дандчIвачIелани…
Гьедин гьечIебани гьал медиказе
Меседил памятник лъезе ккелаан.

## РАГIУЛ РУГЪНАЛ ЩВЕДАЛ

РагIаби, гIеркъал гIадин,
ГIодоре рани гIолищ,
Гьел рагIулел гьечIини –
Гьезул пайда ккечIони.
ХIалтIейилан малълъарун,
АхIтIонилан тIуралищ,
ХIалтIул хIасил ккечIони,
Гьелъ хинкI кьолеб гьечIони?

ХинкIалги хIалаллъизе,
Кверда баркатги лъезе
Канаб нигатги кьолон
ЛъикIлъи дуца бекьани,
Рокьигин адабалъул
Берцинаб бачIин щвела.
Балагьазул хьон хьазе
Заман дуе гIеларо.

ХIарамаб нух бищани,
Щалайдулъ ина гIумру,
ГIетIул гарал цIиричIеб,
БацIцIалъи жиндилъ гьечIеб.

Чидар гъотIода бараб
ТIогьол гьоцIо цIцIулаго,
Ихги тIагIун батила,
ТIаде хаселги щвела.

ГIаламалъги хьамизе,
Зобалги ццидахине,
Дуца тIамураб кьучIда
«Намрудил си» борхила.
Цинги дур хIакъил гъуни
МегIерлъун кIодолъила,
Мун кIиябго рукъалъул
ТалихIкъарав лъугьина.

РагIаби, гьарчал гIадин,
ГIадамазде ран хадур,
Гьел ракIаризе кIвелищ,
Гьезул ругънал сахлъилищ?
РагIуд лъукъанщинасда
Дару бахун хIалкIвелищ,
ГIадамлъун мун лъугьине
ГIемераб мех инарищ?

## КЪУРАБ БЕРГЬЕНЛЪИГИ БЕРГЬАРАБ КЪЕЙГИ

Чол горбода бараб гормендо берцин,
Бергьенлъи чуризе бачунге зурма.
Чияр ракI «бахилаб» аб беццизин цин,
Берккелин барахщун бахараб сурма…

Чуял бергьаниги, чагIи чIухIулеб,
ЧIухIичIищ гьаб хIилла ахIуе базе?
РекIкIалъ къадру ккураб къец тIобитIулеб,
РакIкъачIищ эб «рохел» загьир гьабизе?

Балагьанщинасда бадиб накIкIги чIун,
Дур бер канлъиялъе кинабдай гIилла?
Цебе анщинаб чу чабхилъеги гъун,
Дур жалтIереналъе битIккарабила?

Гьал ричун лъугIарал чарал къецазул
ЧагIи божизелъун бубай рачинищ?
Гьунар баккилалде кколел бакIазул
РекIелгъей гIуцIийищ, гIалам гуккийищ?

Къураб бергьенлъиялъ бергьараб къеялъ
КъватIир чIанигицин батIалъи ккечIищ?
ТIагIараб намусалъ ничгьечIолъиялъ
РакIрелъаразулцин ургъелцин гьечIищ?

## БАГЬАНА

«Багьана, багьана, лъадал багьана,
Лъимги хIале ккун, рокьул багьана» –
Гьединан ахIичIищ нилъер умумуз
Урхъарал чагIазда берчIвазе хьулаз.

Дун лъадае унеб иццухъ анищ мун,
Лъимги хIале ккун, дуда берчIвазе.
Дун хурий хьвадулеб нухтIа анищ мун,
Хурги гIиллалъун тун, кIалъазе щвезе.

Багьана гьечIого духъе ахIизе
ХIалкIлъи гIечIого регIулел къоял.
КъваригIел ккечIого ворчIами кьезе
Бажари гьечIого, чIамучIал моцIал.

ТIасан унеб бугеб гьаб гIищкъул гIеретI,
Дур мугIрузде яхун, дицаго цIураб!
Жаниб гьунарого сабрудул гIеретI,
Дуде ккараб хIасрат хIехьезе кьураб!

Дур гьечIищ багьана, дир хъулухъалде
Хъулухъ-ишалъниги вачIине кIвезе?!
Дуда лъачIищ гIилла, гьаб дир хIалтIуде
ХIалтIиги хIалай ккун, ваккилин ккезе?!

Багьана, багьана, хIалтIул багьана,
ХIалтIиги хIалай ккун, кочIол багьана!
КочIолъ вачIун чIарав дуда щибилеб?!
Мун гурев бегьичIей дида щибилеб?!

## ТАЛИХIАЛДЕ НУХ ЦIЕХАНИ

ТалихIин ахIдолеб
ХIинчIлъун йигин дун,
ХIанчIазул Хан, дуда
Щай рагIулареб?!
Икъбалин угьдулеб
Чанлъун кканин дун,
Чундузул Къирал, мун
Кин хIеккунареб?!

Амма гурхIел бергьун,
Дида кIалъаге,
КIудияб рокьуца
Воркьун гьечIони!
РахIму бижунилан
Дихъе нух лъаге,
Жанисан хIасраталъ
ВухIун гурони!

ЯхIалда чIун йигин,
ЧIалгIун хваниги,
Дир къохIехьеялда
ХIайранлъуларищ?
Сабру бакун йигин,
Канлъи ссваниги,
Гьаб хIалимлъиялда
ХIикмалъуларищ?

ГIицIго адабалъул
Бакъ кунчIунилан,
ЦIа ссвараб гъанситухъ
Дие бакI тоге.
Цинги гIаданлъидул
ЦIва баккунилан,
Канлъи гьечIеб рокъой
Къабул гьаюге!

Дие талихI кьезе
ХIал дур гIечIони,
ХIалкъараб гьаракьалъ
КечI дий ахIуге.
Рокьул алжан ракIалъ
Бан батичIони,
Дунялалъул жужахI
Дие рагьуге!

Мун рацIцIадал къасдаз
Сасун ватани,
ТалихI бакулеб кан
Дир кодоб буго!
РитIухъал мурадаз
Вахъине лъани,
Икъбал ричIулеб кIул
Дир хъатикь буго!

## ДИР БЕРАЗДА ГIАДИН МУН ВИХЬИЛАДАЙ

Дица цогидалъе цIунун тана мун,
Дирго рекIел хIалги хIалица бахчун.
ХIасратго ккечIелда кодой ккела мун,
Сабураб дир гIищкъул гIайибалдалъун.

Къимат лъаларейгун къадарги батун,
ТалихI дуй кьечIони, хIакъ дий батила.
Къадру бичIчIичIейгун рукъалъги цолъун,
Дунял дуй бигъани, мунагь дий ккела.

КIалдиб печать чIвараб рокьул кочIолги,
Дур нуцIилъ тенкезе таваккал гIечIо.
РекIеда кIул бараб балаялъулги,
РагIун цIар рехсезе санагIат ккечIо.

Дица цойгиялъе цIунарав гьудул,
Дир беразда гIадин мун вихьиладай?
ХIасрат бичIчIичIелда цIарчIвалев дарман,
Дир рокьуе гIадин мун вокьиладай?!

## МУН ДИР ГЬУДУЛ ВАТАНИ

Мун дир гьудул ватани,
Гьудуллъидул борч борхе,
Божарав чи вукIиндал,
Божилъи ритIухъ гьабе.

Гьаб дир ругьел базелъун,
Сапаралъ кин унарев,
Дир гьари тIубазелъун
Нухда щай вахъунарев? –

ГьабичIеб такъсиралъухъ
Туснахъалде ккун йигей,
Кверккун къватIий ячине
Чарагун гIамал бате.

Рагье гьесий балъголъи –
Лъороб тун хьихьун бугеб;
Кодобе кье хIасралъи –
Кьибил гъварилъун унеб;

Дир аманат тIубазе
ВитIараб рахъалде а, –
РекIел ахIи борхизе
Хиралъарасухье щва;

Дир дарман валагьизе
МатIуялъуве вакке,
Гьенисан вихьарасда
Дир саламгун хIал бице.

ГурхIел гьечIеб асаралъ
ЧIвазе къотIун йигей дир,
РухI тархъан гьабиялъе
Нух гьечIищилан гьикъе.

КIалъай гьесда, дир каранлъалъ
Кавказго бухIиледухъ
ХIубаххараб цIа бугин,
ЦIорозе кIолеб гьечIин.

Абе гьесда, соналги
Цо бакIалда чIун гьечIин;
ГIумру арабгIан нилъги
ГIолохъанлъулел гьечIин;

Къисматалъул чуялда
Чангит бан лъикI гурищан;
ЧIалде гьеб гIунтIилалде
ГIагарлъун лъикI гурищан.

Дица лъураб тахида
Ханлъуда чIеларищан;
Жиндир даражаялда
Алжан босиларищан?..

## ДУЦА КИН ХIЕХЬЕЛААН

ЧIужугIаданалъ гIадин
КъулчIун, яхI баччуларо,
ЩIадул гIазаб – гьелъ гIадин,
ЮцIцIунчIун бахчуларо.

Дида намусалъ рачел
ЧучичIого къан буго,
Ничалъ жиндирго пардав
Жемахъего тун буго.

Мун киндай хIалхьун вуго,
Керен унтун, дунги тун?
Адинаб бухIи лъани,
Щибдай дуца абила?

Дурго щибдай букIина
Дир гIадин ракI бежани?
Цинги киндай хIехьела,
Гьадинаб хIал бугони?!

Мун щибун кьижилаан,
Дир гIадин макьу чIвайдал,
Цо духъ балагьизеан,
Гьадинаб цIа рекIиндал.

Рокьи, ракьги тIаде бан,
ТIупилаандай дуца?
ГIищкъу, гъункун нуцIа къан,
Гъанкъилаандай дуца?!

## САРИНАЗУЛ КЪУЛГIА ГIОДОЦИНАРО

Ракьулъ беролеб ицц къватIиб чилула,
Чундузги гьекъезе къечги буссине.
РекIел шигIрудул ицц тIаде гьулчула,
Дунгоги хIалхьезе хIухьги бахъизе.

Хъвагейин абуге ургьиса рагIи –
ГIищкъуялъ течIого кагътиде щолеб.
Угьизе гьукъуге гьаб хIухьелгIаги –
КъалмидагIаги лъан бигьалъи кколеб.

Рокьиги щайилан щал кIалъаниги,
Лъил рекIел нуцIида кIутIичIеб асар?!
Балайго гьечIилан гьанже чIаниги,
ЧIагояб рухIалда бачIебдай гъаргъар?!

КIалтIа тIалуги лъун ракI бежунилан,
Жаниб рекIун хадуб цIа тIебтIуларин.
Зулмуялда, туснахъ гьабун тунилан,
Бергьун хадуб хIасрат свине кIоларин.

Каранда гьалдолеб иццги лъалаго,
Сариназул къулгIа гIодоцинаро.
Берцинлъи бихьулеб канлъи букIаго,
Берал махсароде кквезе кIеларо.

## ДУР БАЛЪГОЯЙ АСИР

Дудацин лъаларей цо асир йиго
УргъичIого дуца кверде йосарай,
Макьилъцин бихьичIеб цо хIасрат буго,
Духъ балагьун чIараб, бахчун хIебтIараб!

МацIалда лъун бугеб цо рагIи буго
Абизе гьесараб, намуслъун чIараб!
Дур рекIелъ букIинчIеб сайигъат буго,
Гьабизе бокьараб, кьезе нечараб!

Дурго талихIалъул хIисаб гьабичIев, –
Дуда рагIичIеб дир кочIол гIемерлъи!
Мун хиралъиялъул хабар лъаларев, –
Дуе рагьичIеб дир рекIел бечелъи!

## ДУН ХIИКМАЛЪУН ЙИГО

Гъаб дир рекIел канлъи кин дуда чIвачIеб,
Мун щолел нухазда нур тIибитIулеб?!
Дица чIараб гъветIищ дуда халлъичIеб,
Хасалоги тIаса тIегь бортулареб?!

ГIазизай яцалде борхараб ругъел
Рогъеллъун рещтIинчIищ дурги къавулъе?!
Гьелъ духъе кьезелъун битIараб салам
Сайигъатлъун кьечIищ дуда кодобе?!

Киве мун аниги, аскIоб букIунеб
БухIараб шигIруйищ дуца цIаличIеб?!
Дур гъастIаги кIусун дица ахIулеб
ХIасратаб саринищ дуда рагIичIеб?!

НакIкIазда гьоркьобги бакъ балагьулел
Канал беразухъищ мун валагьичIев?!
Горо-цIералъулъги роцIен бихьулеб
ЩIодораб пикруялъ кинан кантIичIев?!

Дун хIикмалъун йиго, хIалада лъазе
МакьилъгIагиййищ дуй илгьам гьабичIеб?
ГIажаиблъи буго, гъапул кантIизе
Гьаналъ бицунгIаги гIадахъ босичIеб!

## ЦIВАБЗАЗДА БИЧIЧIИЛА ГАНЧIАЗДА ЛЪАЧIЕБ

Мун вуссиндал дица бахчила «унти»,
Урхъун йикIарайлъи теларо лъазе. –
Катан цебе бигъун, тела разилъи,
Къоринибги тIамун, тIупила рохел.

ГIадатияй гIадан йигилан тезе,
Тохаб рагIи дица къватIиб кьеларо.
Рокьул цIурай йикIин тIатинабизе
ТIалъел борхун, рекIел тIину теларо.

Гуллбилъун рекIеда къарал дур берзул
Ругънал ссуданиги ссиялда чIела.
ЩIадул гарал гIадин гIадалъе ккарал
РагIаби щваниги, щвечIеллъун тела.

ЦIвабзазда бичIчIила ганчIазда лъачIеб,
Лъала дирги угьди дол зобалазда!

МоцIрода бихьила ракьда тIатинчIеб,
ТIагьаяс борцина дица хIебтIараб!..

Мун вачIиндални дун чIела яхIалда…
РахIманасда лъала дида бугеб махIал.
Гъорлъе яккиларо дур чилъиялда,
Бичасда рагIула дир гьаб гIищкъул хIал!

Гьоркьоб щибго гьечIеб бацIцIадаб рокьи –
ЦIорол магIардегIан гIадан гьукъараб.
Гьудуласдасацин бальгояб урхъи –
Макьилъгицин гьесий накъит гьабичIеб.

Къойил биццалъулеб гьаб гIищкъул мажмугI,
ШигIрудул калима гьесда рагIичIеб.
Цо дунго цIалтунеб сариназул цIад,
ЦIар хиралъарастIе къатIра тIинкIичIеб.

ГьечIеб талихIилан ахIи баниги,
Гьал рекIел гIарзазул гьесда чIвачIеб сас.
Дирго гIодиялъул гIорал щваниги,
Досие гьурщилин ккечIеб магIил щуб.

Мехазги ихазги хинлъи свинчIеб ракI,
РекIараб чирахълъун чорхолъ бакараб.
Ригьде яханиги, хасел щвечIеб ах –
Анищазул гъутIби тIогьолъ росараб.

Рии лъугIулареб дир гIишкъул гIадра,
Рокьул ицц къунареб Къапалъул мегIер! –
Вахчун тIуванагIан тIадегIанлъулев,
Бальго хIехьаравгIан ракI хIасратлъулев!

Дун хIехьон чIанагIан гIумру халатаб
Хвезе хиял гьечIеб чIагояб рокьи!
Ракьулъ тIупанагIан тIаде баккулеб
ТIагIине къасад ккечIеб камилаб божи!

## МУН ЧИДАРЛЪУГЕ

«Мун чидарищ йигей? Мун нижер йиго!» –
Унго, дол рагIаби – дида рухI лъурал…
Дир ритIухъав гьудул, дир тIокIав гьобол,
Гьел рагIаби къойил гьаре дий такрар!

Чидар ятичIони, бичIчIизе гьабе,
БатIайиса дие бегьуларелъул!

Нужерин течIого, цо дурин абе,
Гьедин гурони дий бокьун гьечIелъул.

Лъараб мехалдаса чидарин ккечIев,
Макьилъги дуца гьеб ритIухъ гьабула.
Цо лахIзаталъниги кIочон толарев,
МаргьугIан берцинаб гIищкъу бикьула.

РекIеца рекIетIе рокьул кьо лъезе
Зодисан нуралъул кIамури чIола, –
КIиялго рацIцIадал къасдалъ гаргазе
Гьелъул анкьабго кьер цоцахъе кьола.

Дир чидар бикъараб рокьи гьечIелъул,
Чарлъараб божилъи бихьизе тоге.
Чидахъа вахъарав мунги гурелъул,
Чидар гурей дие мун чидарлъуге!

## ДУР КВЕРАЛ РУХIИЛИН ХIИНКЪИГИ БУГО

Намусалъул шал жемун,
Ничалъул партал ретIун,
БитIун букIанин салам,
Сан гьабичIого танищ?!

ГIакълуялдаги гьикъун,
Къиматалдаги борцун,
Бицун букIанин рагIи,
ГIадахъниги босанищ?!

Къадруялда дандги бан,
ЯхIалъул изну гьарун,
Гьабун букIанин цIумур, –
ЦIадирабазда лъунищ?

РагIаби рорцун-къотIун,
МагIнаялъул халгьабун,
Херхун букIанин сарин,
РекIелъего биччанищ?

ХIурупал цIадул цIураб,
ЦIуллъун кверал рухIулеб, –
Кодой кьун букIанин тIехь,
ТIадего валагьанищ?!

## ЦОЙГИ ЩИБУН ЯЧIИНЕЙ

Цойги щибун ячIиней
ЧIухIараб дур росулъе,
Рас-расккун хъахIлъаниги,
Лъазе течIеб бухIигун.

Жеги кинан юссиней,
Камилаб дур сверуде,
Корлъун яхI бежаниги,
Каранлъ мусру бан тезе.

МугIрузда гаргадизе,
Рохьазда квер бахъизе,
Дуде бергьараб хIасрат
ХIохьлал накIкIлъун пагьизе.

ДутIе ахIараб сарин
ТIегь-хералдейин тезе,
Дур цIарги тIубан бахчун,
ТIабигIат бездизе.
ТIокIалъгийищ яхиней
Хиралъараб ракьалде,
Щублъун тIогьол гъудрухъе
Гъаримаб магIу щвазе?! –

Дур щаклъи ккелaредухъ
ЦIадгун цадахъ гIодизе;
Щибго ккечIеб кинигин,
Бакъ чIвалелъул гьимизе.

КIиго гIор жубалелъуб
ЖурачIого рикьизе;
РекIеда къолден ретIун,
ГIищкъу жаниб гъангъизе;

АхIуге дун гьанжеги
Гьаб балъголъи баччизе;
Зодилаб бацIцIалъигун
ЩIунараб асар кквезе;

ЯчIайилан абуге,
Угьдун, жаний ччулизе;
Чундул гурхIилеб хIалалъ
ЯхIалда нахъюссине.

Йилълъайилан гьаруге,
Гьобол гIадин, регIизе;
ГIадатго, адаб гьабун,
Гьудуллъун нухда лъезе;

БицинчIеб рагIиги тун,
ГIорккун эхей йитIизе;
Дуда лъачIеб цIадуца
Цодагьайги юхIизе.

## МУН ГIОДОЙ КЪУЛУГЕ, КЪАДРУЯБ ЩИГIРУ

Данде букIунеб жо рокьи батани,
Батила дудаги дида гIадаб хIал.
Бащадго бижараб гIищкъу бугони,
РекIина дудаги дида гIадаб цIа.

ЩIунцIрахуней йигин дур цIар абигун,
Дуда бухIуларищ гьаб дир хIухьелалъ?
Йорхалъулей йигин дур хабар лъайгун,
Дур хIалхисуларищ дир салам рагIун?

ХIасрат кин бекилеб, кечI щай какилеб,
Мун бищун лъикIавин ракIчIун кIалъалеб?
Хиралъийищ чIвалеб, чIалгIенищ хвелеб,
ЧIагоялъа хьирщун дуда цIарчIвалеб?

Мун гIодой къулуге, къадруяб шигIру,
ГIаданлъи хвараб иш дихъа ккечIелъул.
ЧIухIун бетIер борхе, хирияб сарин,
Бичизеги лъун мун учуз кьечIелъул.

Гьереси лъалареб ритIухъаб кечIалъ
ЧIахъаяв рекIелав кIодо гьавунин!
ХIилла-макру гьечIеб гьаб дир асаралъ
Аллагьас бижараб рокьул бицанин!

Бицардизе риччай рекIелъ бакъ гьечIел,
ЧIвалел гIайибакьа гIищкъу кьерилищ?
Шагьадеян абе бадиб накIкI лъурал,
Кьерукъал къасдакьа балай хIинкъилищ?

Данде букIунеб жо рокьи батани,
Батула дудаги дида гIадаб хIал!
КIибикьун щолеб жо гIищкъу бугони,
РекIина дудаги дида гIадаб цIа!

# Юбилей



**ГIабдуселим**
**ИСМАГIИЛОВ**

*70 сон тIубана лезгиязул шагIир, прозаик ва драматург – Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан ГIабдуселим ИсмагIилов гьавуралдаса.*

*Сулейман Стальский районалъул гIагараб Келе росдал гьоркьохъеб школалдаса хадуб ГIабдуселимица лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъалъул университеталъул филологиялъул факультет.*

*ХIалтIана МухIарамкент районалъул Оружбин росдал гьоркьохъеб школалда учительлъун, Дагърадиовещаниялда мухбирлъун, редакторлъун, кIудияв редакторлъун, лезги мацIалда бахъулеб республикаялъулаб «Коммунист» газеталъул отделалъул заведующийлъун, «Самур» журналалъул редакторлъун. ГьабсагIат ИсмагIилов хIалтIулев вуго ДРялъул литературиял журналазул бетIерав редакторасул заместительлъун ва Дагъистаналъул Хъвадарухъабузл союзалъул лезгиязул секциялъул нухмалъулевлъун. Гьев ккола ДРялъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул секретарьги.*

*ГIабдуселимил тIоцересел асарал рахъана араб гIасруялъул лъабкъоялда анцIабилел соназул авалалда МухIарамкент районалъул «Коммунизмаялъе гIоло» ва республикаялъулаб «Коммунист» газетазда, гьединго «Гъудуллъи» альманахалда. Гьесул кучIдузул «Маржанал» абураб тIоцебесеб тIехь бахъана 1979 соналда. Хадусел соназда Дагъистаналъулги Москваялъулги издательствоялда къватIире риччана ИсмагIиловасул «РоцIараб къоялъул куркьбазда», «Ракьалъул талихI», «Нур», «Щубил гарал», «БахIарчияв вас», «Масъалаби», «Жакъа кинаб къо», «КIудияв чи» абурал ва цогидалги чIахIиязеги лъималазеги хъварал кучIдузул тIахьал.*

*ГIабдуселим цIалдолезда лъала прозаик ва драматург хIисабалдаги. Гьесул «МоцI бащалъизегIан цебе» абураб тIехьалъги цогидал прозаялъул асаразги авторасе бачIана гIураб машгьурлъи. С.Стальскиясул цIаралда бугеб Лезгиязул пачалихъалъул музыкалиябгун драмаялъул театралъ лъуна гьесул «Чичали», «Рукъ кьвагьана», «Карачияр», «Бергьун кIудияб хеч» абурал пьесабазда рекъон спектаклал. Гьев ккола чанго тарихиябгун этнографиялъулаб фильмалъул авторги сценаристги.*

*ГIабдуселим ИсмагIиловасе кьун буго Дагъистан Республикаялъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи абураб хIурматияб цIарги.*

# А Р Х И В А Р И У С

*(хабар)*

СихIкъотIи буго рокъоб. КъватIир рекIарал чирахъаз канлъи рехун буго гордухъе. Айвар Нажуевич кIала-гъоркье чIван, рахIаталда кьижун вуго. Гьес макьилъ бакIго цIалеб бугин ккола хIухьел, гьединлъидал батила, мех-мехалъ гьев хъунхъудулев вуго. Надалде рехун руго гIетIул гарал. Цо заманаялъ гьесул хIухьел къотIана. Гьев, рахIатхун, вагъа-вашарана, цабиги кIутIбиги данде къана. Айвар Нажуевичасул бетIер добехун - гьанибехун сверсведана. КIал циндаго рагьун бачIана. Гьес гIащикъго хIухьел цIана ва цинги гIодове виччана.

ТIаде валагьарав чиясда гьев гIодове виччанилан кканиги, гьесда бихьулеб макьу лъикIаб букIинчIин ккола. Гьаниб абизе ккола, гьеб макьу букIанин цIакъго рахIатхвараб, тарихиялгун политикиял хIужабаз инсанасул гIумруялъул къисмат къотIулеб.

Байбихьана гьеб гьадин: Айвар Нажуевичасул вас рокъое вуссана къаси кватIараб гIужалъ. Эбел-инсул рахIатхвезе гурилан, васас цебеккунго ахIана жиндирго чIужуялъухъе, нуцIа рахачIого теян. Амма жаниве лъугьунаго, гьесукьа нуцIа борчIун ана ва гьеб кIудияб гьаракьги бахъун, къан ана. Гьеб гьаракьалъ киналго гьеб рокъор кьижаралщинал рорчIизаризе бегьулаан. Амма, тIубараб къоялъ документал жанир ругел ящикIал анцIабилеб этажалдаса гъоркьеги раччун, мадугьаласул КамАЗ цIезабулев вукIун, свакарав Айвар Нажуевичасул макьу гьелъгицин гьоркьоб къотIизабичIо. (Абизе ккола гьел документазул хIур къоло щуго соналъ анин Айварил ургьибеян). Макьилъ гьасда цере чIолел рукIана гIумруялъул батIи-батIиял суратал ва лъугьа-бахьинал.

Вихьулев вуго Айвар Нажуевичасда живго туснахъалда. Гьев вухьурхьун вуго риццатал маххул рахсаз, кьуркьурараб маххул квараз гьабураб гьитIинабго рокъов. Гьеб рукъалъул я нуцIа яги горду гьечIо. Гьале циндаго маххул рахъсазул гьаракь бахъана ва камералъул цояб рахъ рагьун ана. Цинги гьасда цеве чIана мадугьал Тураб. Гьесул КамАЗха гьас къоло щуго соналъ цIунарал документаз нолъ цIезабурабги. Амма Турабил гьаракь цIакъ хисун буго. Гьеб буго маххгIан цIорораб ва жаниб хIеренлъи гьечIеб.

– Куламов Айвар Нажуевич? Вахъа тIаде! Следователь вуго дова духъ валагьун чIун! – ян добго цIорораб махх-чарамул гьаракьалъ буюрухъ кьолеб буго гьес Айварие.

Айвар Нажуевич циндаго сородана.

– Мун сородуге! – ан яхIтIана гьасда добго гьаракь. – Дуца кье жаваб дурго ишазул!

– Кинал ишазул, хIурматияв хIаким? – ан гьикъана Айварица рагIулеб-рагIулареб гьаракьалъ, – гьес хIалбихьана маххул рахсаздаса эркенлъизе, щайгурелъул, къаркъалаго унитизабулеб букIана гьез.

– Дуца гьикъулебгицинищ бугеб кинал ишазе гIоло?! – ан рагIана цойги батIияб гьаракь. Гьеб гьаракьги букIана добго гIадаб цIорораб махх-чарамул, вахIшияб. Гьев вукIана столалда нахъа, маххул бакIида гIодов чIарасул гьаракь. Гьев циндаго цевегIан гьункьана ва гьесул гьумер Айварил гьурмада хъван – хъвачIого, цIакъго гIагардегIан къана. РакIалде кколеб букIана гьез кIиязго цадахъ цого хIухьел цIалеб бугилан.

– Дун вуго следователь Жаллатов, – ян абуна гьес добго ццидалаб гьаракьалъ. – Дица гьабсагIат кIалгьикъила дуда, – гьес жиндирго маххулаб зар столалда тIад кьабуна.

– Щай? Сундуе гIоло? Дида гIайиб гьечIо-о…, – Айвар Нажуевич гудракье ккараб гIункIкI гIадин тIеркIезе лъугьана.

– РагIулищ нужеда? – ан абуна следователас, жиндирго мугъзаде нахъеги валагьун.

Айвар Нажуевичасда рихьана следователасул мугъзада нахъа, бецIлъукь рукIарал хъахIал тIанкIал гIадал жал кIодолъулел ва гIадамасул сипат-сураталде сверулел рукIин.

– Карл Маркс! – ан ахIизе бокьун букIана Айвар Нажуевичасе, амма кIвечIо, гьесул гьаракь къана.

Карл Марксин абуни, цояб квералъ жиндирго беричаб мегежги лъухьулаго, ццидал цIурал бераз гьасухъ валагьун вукIана.

– Дун…Дие… – Айвар Нажуевичасул гьаракь тIубанго къотIана.

Ццидалал беразул Карл Маркс цевеса тIагIана. Гьесул бакIалда цеве вачIана Ленинил сипат бугев чи.

– Гьалмагъ Ленин! – ан вихха-хочана Айвар Нажуевич, амма маххул рахсаз щулаго ккун вукIана гьев.

Ленинил кIутIбуз цо щибалиго абулеб-абулеб букIана, гьесул кверал хьвагIелел рукIана. Гьес гIайиб гьабулеб букIана Айвар Нажуевичасда. Амма цониги гьесул рагIи Айварида рагIулеб букIинчIо.

– Гьалмагъ Ленин, дун кидаго вукIана хIукуматалъе ва партиялъе ритIухъав, коммунизма балезда цадахъ… – ан абизе бокьун буго Айвар Нажуевичасе. – Дун цIергIан вацIцIадав вуго…

КIвечIо кIалъазе Айвар Нажуевичасда, гьалмагъ Лениниеги бокьичIо гьесухъ гIенеккизе. КIутIбиги щурщуризарулаго, квералги хьвагIезарулаго, гьев бецIлъукье тIерхьана.

Нахъеги цебе бачIана цойги цIияб тIанкI. Гьеб тIанкI дагь-дагьккун Сталиниде сверана. Гьесул гьурмада гьими бихьидал, Айварида кIалъазе кIвана:

– Гьалмагъ Сталин! Мун даимго чIагояв вуго! ЧIахьаги гьалмагъ Сталин ва дуца бихьизабураб нух!..

Айвар Нажуевич жиндирго къабихIаб ва инжитаб гьаракь рагIидал цIакъ гIажаиблъана ва цоги рагIи жиндихъа борчIиялда хIинкъарав гIадин, кIалалда хъат чIвана. Сталинил гьурмада гьими билана ва гьев ццидалго гьасухъ валагьун чIана. Сталиница жиндирго чухIарал михъазда килищ бахъана, цинги кверала рази гьечIеб ишан гьабуна, живго гьес цIунилан ккун, гьесда цеве накабазда ккезехьин вукIарав Айвариде. Айвар Нажуевичасул ракI цо кибеялиго бортун анин ккола. Гьесие нахъойги бокьун букIана цо жо абизе, амма Сталиница кIутIбузда килищ чIвана ва гьелдалъун бихьизабуна Айвар Нажуевичасе жинца кIалъазе рагIи кьолеб гьечIеблъи…

– Аллагь! – ан угьдана, киданиги Аллагьасда божулеб букIинчIеб Айварил ракI. – Щайдай дун гьадигIан цIакъ гьазие къваригIарав?..

Следователас бугеб-гьечIеб къуваталъ столалда зар бана, маххул рахсаз вухьун вукIарав Айвар эхеде кIанцIана хIинкъиялъ.

– Вихьанищ, хIалихIат?! Гьанже дуца жаваб дида цебе гуреб гьесда цебе кьезе буго! – ан ахIдана следователь. – Кир рахчун ругел дуца къоло щуго соналъ цIунун рукIарал документал?

– Мадугьал Турабил машинаялъур лъуна… Дие хъизаналъги мадугьал-чагIацаги рахIат толеб букIинчIо… – ан, гIонкIкIол гIадаб тIеренаб гьаркьидалъун жаваб кьуна Айварица.

– Машинаялъур лъунилая? Щай?

– Метер цо кIкIалахъеги раччун рухIизе…

– Щибилая?! Документал? РухIизе? Партиялъул членазул документал рухIизе?!

– Щибха дицаги гъабизе букIараб? Къоло щуго соналъ цIунана дица гьел. Къоло щуго соналъ божун вукIана гIумруялъул букIарабго къисмат нахъбуссинилан. Лъазе бокьани, дун гьабсагIатги гьелда божарав вуго… Амма нагIана батаяб гIагарлъиялъги мадугьаллъиялъги тIамуна дун гьедин гьабизе. Гьез кидаго бадиб чIвалеб букIана гьездаса махI бугин, гIемераб хIур кколеб бугин, хIутI-хъумур балеб бугин…

– Партиялъул хIукму букIанищ? Бегьулебищ бокьа –бокьараб гьабизе? Мун вуго нижер бищун кIудияв тушман! Мун гьабсагIатго гъанкъизе ккола! ГьабсагIат!

Мокърукьан гIодобе бортун бачIана маххул кIичIги бараб биццатаб квар, гьеб Айварил бетIералда хъвана…

Айвар Нажуевич циндаго макьидаса ворчIана. Гьев бусада кIусун чIана, бетIералда, доб маххул кIичI хъвараб бакIалда кверги бахулаго. Гьев соро-дулев вукIана, рекIелъе цо лъалареб хIинкъи рещтIана. ТIад ретIелги ретIун залалдехун вилълъана, цинги къватIибехун унеб маххул нуцIа рагьана. Лифт жеги хIалтIулеб букIинчIо, гьев лъелго болъабаздаса гъоркье ана…

Гьес нахъойги цуйзехьин букIана цIумуралда килищ, гьеб мехалъ гьасда рагIана бихьинчиясул гьаракь.

– Щив? – ан гьикъулеб букIана Турабица. – Щай гьадигIан радалго чияр чагIазул рахIатхвезабулеб?

– Гьав дун вуго, мадугьал… Айвар Нажуевич…

– Гьа-а, мунищ коммунист… Щиб лъугьараб? – мадугьалас яхI бахъулеб букIана жиндирго разигьечIольи бахчизе.

НуцIа, гьаракьги бахьун, жанибехун рагьун ана. Рохел гьечIеб гьумерги цебе лъун, Турабги цеве эхетана.

– Щибниги ккара-тараб жо бугищ, мадугьал? – ан гьикъана гьес.

– Дур машина киб бугеб, мадугьал?

– Доб къеда нахъа буго.

– Дир документал жеги дора ругищ?

– Кире дол инел? ЛъиегIаги дол къваригIарал? Гьа-гьа-гьа! – Турабида кIочана гьеб цIакъго кватIараб заман букIин. – Валлагьги биллагьги тамашаяв инсан вуго мун…

– Мун дида тIад велъанхъуге, хирияв мадугьал. Дуда вичIчIа дун… – Айвар Нажуевичас гьеб абуна жиндирго гIонкIкIол гIадаб тIеренаб гьаракьалъ, гьардезе вачIарав чияс гIадин.

– Щиб дица гьабизе кколеб? Дуе бокьун букIана гури гьол рикIкIаде щвезаризе, цинги рухIизе. Дуего бокьани гьабсагIатго рачче гьел документал дурго анцIабилеб этажалде. Дун кьижизе те. Вилълъа мунго, а дове машинаялъухъе.

Мадугьалас нуцIа къазехъин букIана. Айвар Нажуевич цодагьалъ вихха-на, гьесухъ валагьун чIана. Цинги гьес абуна:

– Дун жеги ургъила, радалилъизегIан заман бугелъул. Те дол машина-ялъурго…

Амма ургъизе гьесда кIолеб букIинчIо. Макьилъ бихьаралъ хIинкъа-рав гьев нахъойги машинаялда аскIове вилълъана, сихIкъотIараб къотIнов вахъун чIана. Айварида ракIалде щвана жиндирго гьудул. Гьес гьудуласухъе

ахӀана. Трубка лъицаниги кодобе босулеб букӀинчӀо. Цинги жеги-жеги чанго нухалда цуна гьас телефоналъул кнопкаялда. Ахирги доб рахъалдаса гьаракь рагӀана.

– Алло, ворчӀами Байсум, – лъаларо лъикьа хӀинкъун гьев вукӀаравали бецӀаб ва сихӀкъотӀараб къотӀнов, Айварица трубка цӀакъго гӀагардегӀан ккуна.

– Дуда лъалищ сагӀат чан тӀубараб заман гьабали? – ан абуна, доб рахъалда, разигьечӀеб гьаракьалъ.

– Дун дудаса кӀудияв вуго, дие бегьула, – ян расги намуслъичӀого жаваб кьуна Айварица.

– Щиб ккараб?

– Щибха ккелеб… Дуцаги дицаги рухӀизеян къватӀире раччарал документал рухӀизе бегьизихъин гьечӀо.

– Даци, щай дуе гьел басриял, пайда гьечӀел документал. Гьабизе жо тӀагӀун ватилаха мунги…

– ВуцӀцӀа. Гьеб дур иш гуро. Дие лъикӀлъи бокьарав чи мун ватани, кумек гьабе дие.

– ГьабсагӀатищ?

– ГьабсагӀатги. Метерги…

– Даци, рачӀа радил бицине хабар, гьанже дие кьижизе бокьун буго.

– Нилъеца гьол рухӀила дур печалъур…

– Щиб бухӀилеб, даци?

– Дуда лъала сундул дица бицунеб бугебали. Гьол нахъе рехизе бегьулааро, цо щиб бугониги ургъизе ккола…

Доб рахъалда телефоналъул трубка гӀодоб лъуна. Айвар Нажуевичасда лъалеб букӀана кинаб буюрухъ жинца кьуниги, Байсумица гьеб тӀубазе букӀин, гьединлъидал гьес нахъойги килищ цуна гӀурччинаб кнопкаялда тӀад. Цинги жеги ва жеги. Амма гьесие лъицаниги жаваб кьечӀо.

– ЛъикӀ буго, Байсум, радал балагьилинха духъ, – анги абун Айвар Нажуевич болъодухъа тӀаде вилълъана.

* * *

Къаси бихьараб макьицаги, араб-таралъги свакарав Айвар радал ворчӀулев вукӀинчӀо. КъотӀнор гӀадамал рукӀана дорехун – гьанирехун гӀедегӀун унел. Къаси гьас макьу хвезабуралги рукӀана радалго тӀаде рахъун. Турабги Байсумги гьасухъе анцӀабилеб этажалде рачӀана. Гьез гьев хӀалицаго ворчӀизавуна:

– Дун машинаги бачун жакъа ине кколеб бакӀ буго, – ян абулеб букӀана Турабица, – гьобаса гьоб дурго кьишни – къул нахъе босе.

– Абуге гьединал рагӀаби, – ан дагьалъ гӀодобе биччараб гьаракьалъ абуна Айварица, – гьеб партиялъул архив ккололъул…

– Мун гьезул жаваб кьолев? Уйищха?

– Кин букӀаниги цӀодорго рукӀине ккола…

– Гьанже партияги гьечӀеб мехалда гьел документал лъие къваригӀарал, мадугьал? ГӀажаибав чи вуго мун.

– Даци пашман гьавун пайда гьечӀо, нилъеца гьас абураб гьабила, – ян абуна гьимулаго Байсумица.

– ЛъикI буго, гьудулзаби, – ян рахIатхун кIалъана Тураб. – РачIаха гьабизе кколеб жо хекко гьабизе.

– Заводалде а, Байсум…

– ЛъикI буго, – ян разилъана Тураб, – вилълъа мунги цадахъ, дида лъаларо киб гьеб завод бугебали…

* * *

Гач бухIулеб цехалда гIадан вукIинчIо. Амма печал ракун рукIана, халатал кIкIуйдул тIулбузухъан беролеб букIана чIегIераб кIкIуй. Гьаниб хинго букIана.

– БухIи кутакаб буго гьаниб, бадибречIчIулеб буго хинлъи, – ян абуна Турабица.

– Дида хадуб баче машина, – янги абун Байсум машинаялдаса гъоркье кIанцIана, гьесдаго хадув кIанцIана Айвар Нажуевичги.

– ЛъикIин нилъ лъиданиги рихьулелгIаги гьечIелъул, – ан абуна гьес сасараб гьаракьалъ.

– Даци, гьанир къадаздаги рукIуна гIундулги бералги. Гьанир руго цо-цо гIолохъаби, гьез дида кинабго гьаниб лъугьунеб-толеб бицуна, лъица щиб ва кигIанаб къадар босун арабали.

– Дунги хIинкъун вуго…

– Мун щай?..

– Нилъеца архив бухIулеб букIиндалха. Нагагь гьез ахIани ФСБялде яги КГБялде…

– Даци, дур тIубараб гIумру ана хIинкъун, лъие гьанже къваригIарал гьел гIункIкIаз кванарал дур архивалъул документал?

– Дуда гьеб бичIчIуларо… Щибилан дица хадуб абилеб?

– Даци, дуца сундулниги жаваб кьезе кколаро. Биччанте гьаб гучаб хIукумат щущазе гьабураз кьезе киналго жавабал…

– Гьа, вуцIцIа, дир вас. Нух бихьизабе…

– Нахъе кье! – ян ахIдана гьев Турабиде. – БитIун печалде цебе чIехье машина.

– Йохъ, бегъуларо, гьедин бегъуларо…

Амма Турабица жиндирго КамАЗ нахъе кьуна, цинги сверизабуна, Айварил рагIи абизе санагIат ккечIо. ТIаде борхараб кузовалдаса гъоркье цоязда хадур цоял гьарун гирана документаз цIурал къандалъабиги картоналъул ящикIалги. Гьездаго цадахъ бортун анилан ккана Айварида жиндирго ракIги.

– Мекъи буго нилъеца гьабулеб иш! Нужеца чIвалев вуго дунги дир рукъги…

Турабица рагIицин абичIо, гьев сверизабун машинагун, нахъе ана.

– Айвар Нажуевич, дуцагойищ рехилел гьал печалъуре яги хIалтIухъабийищ ахIилел кумекалъе? – ян гьикъана Байсумица.

– Дицаго рехила, – ян ццидахун гъулгъудана Айвар Нажуевич, – къазе риччаге гьел гьанирехун…

– Даци, дир ихтияр гьечIо мун печалде аскIове виччазе. Гьеб хIинкъараб хIалтIи буго.

– Гьединлъидалх гьеб дицаго гьабизе бугеб…

– ЛъикI бугоха, даци, – Байсумица печалъул нуцIа рагьана, – рехе дурго цIадаре, цинги щибаб нухалда нуцIаги къай…

* * *

Айвар Ажуевичас документал рухIун рахъана къадеялдехун. Байсумил буюрухъалда рекъон заводалъул хIалтIухъаби аскIоре гъазда рачIинчIо. Гьел рикIкIадегIанги чIун ралагьун рукIана, щибаб папкаги рагьун, гьел цо-цоккун цIадаре рехулев бихьинчиясухъ.

Ахир-къадги къандалъабиги ящикIалги чIороголъана. Айварица хадур гьел хьуризаруна цIадаре. Байсум жиндирго кабинеталъуса къватIиве вачIана.

– Гьа, гьалмагъ архивариус, – ан абуна гьес Айварица гьабуралъе кIудияб ишалъе къиматги кьолаго ва гьесдехун жиндирго бугеб хIурмат-адабги бихьизабулаго. – Гьанже мун вацIцIадав вуго партиялде цевеги, гIадамазда цевеги, тарихалда цевеги.

– ВелъанхъулевгIаги гуревищ вугев мун дида тIад? ГIемераб жо бичIчIулел чагIи ратила нуж…

– Уха, даци, ниж батIияб хIукуматалдаса рачIарал чагIилъидалха, щиб гурин нижеда бичIчIилеб. Мунги мун гIадал бичIчIулезги лъалезги щайха гьаб кIудияб пачалихъ биххизе биччараб?

– Гьа, гIелин гьанже. Дунни жакъаги вацIцIадавги вуго коммунистлъун хутIулевги вуго…

– Бихьана дида, даци. Гьел документал печалъуре рехулаго, дур бадиса чвахараб магIица цIа свинабизе дагьалъ хутIанин…

– Велъанхъулев вугоха мун дида тIад…

– ГьечIо! Киса гурин! Дун барахщун вуго дур биларaб хъулухъалда…

– Кинаб хъулухъ? Дун киданиги хъулухъалда хадув векеричIо.

– Архивариус… Гьанже сундул хважаингIагиха мун кколев? Пачалихъ гьечIо, партия биххана, архив бухIана. Сундулго лъалкIцин хутIичIогури… Кинабго тIагIана, щущана, билана…

– Марксил, Энгельсил, Ленинил, Сталинил ишал киданиги хвезе гьечIо, гьел хвелгьечIеллъун хутIизе руго!

– Мун хутIана унго-унгояв коммунистлъун, Айвар Нажуевич, – ян абуна Байсумица. Гьесие бокьун букIинчIо дагIба-хабар халат гьабизе.

– Рилълъаха гьанже рокъоре, дур хIалтIул къо лъугIанагури…

Цо кинабалиго жеги тIубан бичIчIулареб эркенлъиялъул асар лъугьана Айвар Нажуевичасул рекIелъе. Гьес цебехун гали тIамуна. Гьудулзаби заводалдаса къватIире рилълъана ва аскIобго букIараб кафеялъуре раккана.

– Гьанже дуца гьабураб кIудияб иш нилъеца чуричIони, нилъеда дол нилъеца рикIкIаралщинал чагIи барщизе бегьула, – ян ракI-ракIалъ гьимана Байсум.

– ВуцIцIа, дуда щибго бичIчIуларо, – ян абуна гьесда Айварица.

Гьаб нухалда гьесул гьаракь тIубанго хисун букIана.

## ХIАЛЧIАХЪАД

Ресторанальда цере лъабгоял рукIана ункъабилесухъ ралагьун чIун.

– Нужеда вихьилаха, гьев вуго кутакалда гьунар бугев инсан, – ян абулеб букIана цо ригь арав бихьинчияс, жиндирго халатал ботIрол расалги нахъехун лъухьулаго.

Жиндирго рагIаби жиндиего рекIее гIурал гIадин, цIакъ разиго, чанго нухалда бахъана гьес ботIералда квер.

– Гьев инсан вуго жиндирго халкъалъе рухI кьезе хIадурав…

– ГIемер вещцуге. Гьев вуго жиндиего бигьаяб нух балагьулев кIудияв сихIир, – ан разилъичIо гьесда цадахъ вукIарав. Гьесги бахана квер жиндирго бетIералда.

– Гьарула нужеда, гьев чи сабаблъун дагIбадуге, – ан сихIирго гьимулаго кIалъана лъабабилев. – Гьев кинав вукIаниги нилъее щай гьев къваригIарав?

– Кин «щай къваригIарав»? – ан гьалдана тIоцевесев. – Гьес гурищ гIарац кьезе бугеб? Гъосул чвантиниб цо копекги гьечIелъун, – ян тIаде жубана гьес дагIбадулесде ишанги гьабун.

– Мун гIадал хIелхIелчагIазда тIад дица цо гъурущги хвезабизе гьечIо, – ян ццидахана кIиабилев. – Дида цIакъ лъикI лъала щиб ишалъул гIадан гьев дур гьудулали. КIиго хуриб кваналеб бече. КIигьумерил шайтIан! КIиго хважаинасе хъулухъ гьабулев хиянатчи.

– Мунги щибилан кIалъалев вугев? Гьесдаса гIемер рикIкIаде арав гьечIин. Бицинищ цо дица мун щивали?..

– Гьа, абе дурго! ЩибгIаги абизехъин вугев? Цин бице дуцаго мунго щивали! Дун жахIавго те…

– ТечIони?.. Щиб дуца гьабилеб?

– Щиб гьабилеб?..

– Гьудулзаби, нужеца бицунеб щиб? Дун нужеда цадахъ кивениги вилълъунаро…

– ВачIунев вуго!.. – тIоцевесесул гьумер роцIана.

– Виччанте вачIине, – ян тIаде жубана кIиабилесги, гьимиги бахчулаго.

Ункъабилев ракIчIараб рилълъиналда гьазда аскIове гIагарлъана.

– Дица нуж дихъ ралагьун чIезаруна, хириял гьудулзаби. ТIаса лъугьа, дир кIудиял вацал, – тIаде вачIарас иргадал лъабасдаго къвал бана.

Лъабабилев, тIаде вачIаравги лъан, нахъе тIуризе къасдалда вукIана.

– Нижеца лъай-хъвай гьабуна… Нужее гьарула рахIатаб гIодорчIей… Дир цо иш буго…

– Унге, – ян гьев чIезавизе бокьун букIана тIоцевесесе. – Кинабго мун сабаблъунха… – ян бадибчIвай гьабуна гьес кIиабилесе, бетIералда кверги бахъулаго.

– Мун хIинкъуге гIарац инилан. Нахъвусса, – ян абуна лъабабилесда кIиабилесги.

Ункъабилесда къвалги бан, гьес тIадеги жубана:

– Гьале вачIана гIарац хвезабизе вугев нилъер хIалчIахъад…

ТIоцевесесги бетIералда бахъулеб букIараб кверalъ цояб хьибилалда къвал бана тIаде вачIарасул. Гьедин, цоцада къвалалги ран унаго, гIагарлъана гьел ресторcraналъул нуцIихъе.

– ХIалчIахъад вуго мун! ХIалчIахъад!..

– ХIалчIахъадги кинавха!..

## ГЬАРУНГИ ХАРУНГИ

Гьел кIиялго рукIана цоцадаса ратIалъун чIезе кIоларел гьудулзаби. Цо къоялъ кIиязго къотIи гьабуна росуцоясухъе гьоболлъухъ ине.

– ЧIорого ине рекъараб гьечIо, – ян абуна Гьаруница.

– БитIарабха, – ян разилъана Харун.

Гъал аскIобго букIараб квана-гьекъолел жалазул тукаде ана.

– Босе цадахъ гьегь! – ан буюрухъ кьуна Гъаруница Харуние.

– Гьегь, гьегь… – янги абулаго, гъулгъудана Харун.

Гъаруница байбихьана Харуница кодоб ккун букIараб гьегьалъуре гьаниса росун, дораса росун, конфетал, печенаби ва цогидабги рехизе.

– ГIаракъи 0,7 гIела гури нилъее? – абун гьикъана Гъаруница.

– ГIезе батила, – ян велъанхъана Харун, – нилъ цохIо нилъерго гIаракъиги гьекъон ине ратиларогури гьениса.

Гъаруница, холодильникалъусаги босун, багIараб бетIералъул, цIороде сверараб гIаракъидул шиша босана кодобе.

Гьудулзаби кассаялда аскIоре щвана.

– ГIарац гIеладай? – ан щакдаригун гьикъана Гъаруница.

Харуница гьалмагъасе жаваб кьечIо. Гьев тамашаго гьудуласухъ валагьун хутIана. Босарабщинаб жоги рикIкIун, кассаялда нахъа гIодой чIарай ясалъ абуна:

– Нужедаса ичIнусиялда кIикъоялда щуго гъурущ, – ан.

РакIалдаго гьечIого надалда баккараб гIетIги бацIцIунаго, Харуница чвантиниса азарго гъурщил кагъат бахъана къватIибе…

КватIичIого гьудулзаби росуцоясул рукъалъул кIалтIе щвана.

– Сваканищ? Кье дихье гьеб пакет, дица баччилин гьанже, – ян абуна Гъаруница Харунида.

– Ма, – ян жаваб кьуна Харуница, гьесухъе пакетги бегьулаго, – нагагь росуцоясул гьурмада разилъи гьечIолъи бихьани, дуца гьесда абе, дир чвантиниб азарго гъурщидаса нахъе хутIараб кIикъоялда щуго гъурущги бугилан.

– Гьанже нилъ «мун» «дунилан» абулелищ рукIинел?..

– «Мунги» «дунгиги» кIваричIин, гьанже ккезехъин бугоха «дирги» «дурги», – ан гьесичIого, хIалицаго велъана Харун.

– Гьа бичIчIана, хвезабулеб гIарац дур, хIурмат гьабулев чи дун? – ан велъанхъана Гъарун.

– БичIчIулеб мехалда, гьикъулеб щайха? – ан абуна Харуница рази гьечIого гIадин. – КIутIе нуцIида. Дие бокьун буго хважаинасда цеве разиго вугев гьоболасухъ валагьизе…

## РЕВИЗОР ВАЧIУНЕВ ВУГО…

Ревизор вачIунев вуго, – ян абуна гордухъ яхъун чIун йикIарай Султанатица ва гьей жиндирго столалда нахъа гIодой чIана.

– ВачIаравго гIадин иневги ватила, – ян жаваб кьуна гьелъие Салминатица, гьей жиндирго столалда нахъаса тIаде яхъана ва гордухъе гIедегIана.

– Гьевни ина нахъе, амма цин нилъеда абизе кколеб рагIи абила гьес… лъукъила ракIал…

– Виччанте бокьараб гьабизе! Рекъаб басиялъул гIадаб рилълъинги живги…

– Абуге, яс, гьедин, кин букIанаги гьев нилъеда тIад вугелъул…

– Дир рокъов тIадвугев ккола дир рос, гьанив хIалтIуда абуни – дунго. Дир ракIхвезабурасул нусго нухалда дицаги хвезабила, гьев вукIаниги, гьесул эмен вукIаниги…

– Гъов гьедигIан квешав чиги гьечIелъул, щайха, Салминат, дуе гьедигIан рихун вугев?

– Щай дие гьев вокьизе кколев? РекIее гIезесеб куц –мохъги гьечIин гьесул.

– Гьа, гьереси бицунге. Дурго бакIалда гIодой чIа, гьес щиб бугониги абизе бегьула…

Гьел рагIаби абун рахьиналде нуцIихъ эхетана тIадвугев.

– Кидаго йихьула дида мун гордухъ эхетун, кидагIаги мун хIалтIулей? – ан абуна гьес разигьечIого Салминатида.

Гьелъ жаваб кьечIо. Жиндирго берцинаб жаниб цIураб лага – черхги гьесдехун сверизабун, ялагьана гьесухъ, жиндирго балагьиялъ гьев ворлъизе бокьараб гIадин.

– Дур хехго ракIги хола, – ян гьалаглъана тIадвугев. – Кида гьаниве щваниги ятула мун гордухъ эхетун. Кида мун хIалтIулейгIаги?

Салминатица нахъеги кьечIо гьесие жаваб. Гьелъ циндаго гьесул квер ккуна ва гьев нуцIихъе цIана, къватIиве ине.

– ГIенекке мун дихъ, – ян абуна гьелъ киназдаго рагIуледухъ, – кигIан кIудияб хъулухъ дур батаниги, дур инсул батаниги, дуда лъай ва киданиги кIочонге: цо бугони – гьаб буго нижер руччабазул кабинет, кIиабизеги – руччаби ругелъуве нуцIида кIутIичIого жаниве вачIине рекъон гьечIо. Лъабабизеги – дур буго дурго кабинет, гьалдаса гIатIидабги берцинабги, абизе къваригIараб жо батани, ахIе ниж кабинеталъуре, цинги абе дурго! Гьанже а дурго хIалтIуде, кидал ралагьаниги цо кабинеталдаса кабинеталъуве хьвадулев вихьулин мун, цо доба бицун, цо гьаниб бицун къваригIел гьечIеб хабаргун. Дур хIалтIигойищ букIунареб?..

– Цо нужго ралагьун рихьеха гьай гIаданалъухъ, – ан виххана тIадвугев. – Дир ихтияр буго гьедин хьвадизе. Абизе кколеб абизеги, бугеб ахIвал-хIал лъазеги…

Салминат гьевги кабинаталъуса къватIие щвезавун, нуцIаги рахан, нахъюссун ячIун, жиндирго столалда нахъа гIодой чIана.

– Биччанте дун нахъе рехизе хIалтIудаса, дица тIокIалъ гьесул хьвада-чIвади хIехьезе гьечIо!

– КIолебани гьесда мун нахъе гъезе хIалтIудаса, хирияй, мун гьесдехун додинан кIалъазе йикIинчIо…

– Виччанте жинцаго пикру гьабизе, – ян абуна гьелъ гордухъе берги рехулаго, – вачIаравго гIадин уневги вихьулин. Рекъаб баси. Гьадинал тIадругебгIан мехалда кин букIунеб хIалтIизе гьира-шавкъги…

Султанат тIадеги яхъун гордухъе ячIана ва нахъе унев ревизорасда хадуй ялагьун чIана.

– Ревизор унев вуго…

– Виччанте ине…

***Руссинаруна***
***ПатIимат ГIАБДУРАХIМАНОВАЛЪ***



# КӀочонарел цӀарал

## СИВУХЪА РАХӀМАТ

МагӀарухъ гӀемер рукӀана жидерго росабалъ гурони гӀатӀидаб машгьурлъи щвечӀел, гӀадатиял гӀадамазда гьоркьоса рахъарал пасихӀаб рагӀул шагӀирзаби. Гьез, сипат-суратги нилъеда цебечӀезабулаго, жидерго асаразулъ бицунеб букӀана жидерго заманалъул росдал гӀадамазул, гьезул гӀамал-хасияталъул, хӀалтӀи-ишазул, лъугьа-бахъиназул. Гьез нахъе тараб шигӀрияб ирс мустахӀикъаб буго данде бакӀаризе ва кӀочене течӀого цӀунизе. Гьединазул цояй йикӀана Сивухъа РахӀмат.

РахӀмат гьаюна XIX гӀасруялъул ахиралда хунздерил тӀалъиялда машгьурав бакъ-моцӀалъул гӀелмуялъул гӀалимчи КъурамухӀамадил хъизаналда. Гьесда цеве мутагӀиллъун цӀаларав, хадув гьебго гӀелмуялда машгьурлъи щварав ва хвезегӀан кӀалкколеб ва биччалеб заман чӀезабиялъул рахъалъ магӀарухъ киналго мукӀурав ЛъагӀилухъа гӀалимчи Шангерейица бицунаан, КъурамухӀамад гьунар бугев чанго мутагӀилги цеве цӀалулев, къанагӀатаб ва захӀматаблъун рикӀкӀунеб бакъ-моцӀалъул гӀелмуялъул рахъалъ жиндир заманалъул церетӀурал гӀалимзабазул цояв вукӀанилан. Гьесул букӀана гӀараб мацӀалъул гӀемерал къиматал тӀахьал ругеб бечедаб библиотекаги. Гьединав гӀалимчиясул хъизаналда гӀуна РахӀмат.

БегӀераб гӀакълуялъул, малъараб жо хехго босулей РахӀмат инсуца гьитӀинго кьуна Къуръан цӀализе. Цинги гьелда малъана гӀажамалъ хъвазе-цӀализе. ГӀалимчиясул яс лъай бугей йикӀине кколаан. Яц Тамратилгун цадахъ РахӀатил лъимерлъиялъул гӀумру ана берцинго, эбелалъулги инсулги бербалагьиялда гъоркь. ГӀолохъанчӀужу гӀедал кьуна росасе, ГӀабдулагь абурав цӀаларав чиясе, машгьурав гӀалимчи Абакар-дибирасул ясалъул васасе. Гьеб букӀана гӀалимзабазул жанисеб ригьин. Ригьналъги гьей йикӀана талихӀайлъун, гьаруна васги ясги.

Амма рохелги талихӀги гӀемер мехалъ халатбахъинчӀо. РакӀалдаго гьечӀого хвана рос, ятӀалъана эбел-инсудаса. КӀиябго гьитӀинаб лъимергун хутӀана жийго цохӀо. РакӀалде кколаан къварилъаби лъугӀун ратилин, тӀокӀаб кӀудияб балагь тӀаде бачӀинчӀони, кин гьабунги, лъималазеги жиндиегоги магӀишат гьабилин. Амма кватӀичӀого балагьаб къагӀидаялъ юхӀун хвана яс. Гьеб букӀана хӀакъикъаталдаги гьелъул хадусеб гӀумру хисизабураб, гьей кидагосеб кӀудияб пашманлъиялде гъорлъе рехараб хвел. РахӀматил ясалъул хвалил рухӀел доб заманалда росдалго рухӀеллъун лъугьун букӀана. Жакъа къоялъги, РахӀматил кици-биценлъун лъугьарал кочӀол мухъалги рикӀкӀунаго, сахъадерица Сидрат хвеялде гьарурал магӀуялъул куплетги рехсола.

Яс хвеялде гьабураб магӀу-шигӀру хӀакъикъаталдаги букӀана рухӀалил гучаб пашманлъиялъ бижизабураб гьайбатаб асар. Балагьараб мехалъ гьелде щвезегӀан РахӀматица я шигӀраби, я магӀаби гьарулел рукӀун ратизе гьечӀо, гьей жеги гӀолохъанго йикӀана ва магӀарул гӀадаталда рекъон руччабаз магӀу дагьаб кӀудияб ригьалде рахарал, хвалил пашманлъиялъул бухӀи бичӀчӀулеб мехалъ гьарулаан. РахӀматилин абуни, хадур-цере чанго рухӀалил хвелал ккана ва рекӀел гучаб пашманлъи гьелъ бикьана кочӀол рагӀабазде. РакӀ ссудизабулеб, хӀайран гьабулеб гьеб асар букӀана гьадинаб (къокъ гьабун бахъулеб буго):

**Дун гаргадулаан эб гагуялда,**
**Исана Сивухъе бачIунгейилан.**
**Дица гьарулаан милъиршабазда,**
**Дир рагъида бусен гьабугейилан.**
**Дица гьарани щиб, пуланаб гагу,**
**Панаял бакъналгун ссанда рещтIана.**
**Дир бицараб рагIухъ гIинтIамичIого,**
**Милъиршол тIанчIазул чIичIи бахъана.**
**Дир Сидратил гъалал хIулунин абун,**
**ХIанчIаца рачунел бакъналги телищ?**
**Дир хIурулгIиналда цIа рекIунилан,**
**Рии-хаселалъул гьумер хисилищ?**
**Берцинаб тIегьалде тIадеги къулун,**
**ТIолаан дицаги бухIараб магIу.**
**ГIарцул чадиралъул бутIалги рекун,**
**Гьанже дуниялалъ диде цIер бана.**
**ЦIорол шиша гъурун, дунги пашманлъун,**
**Щущана ракьалда дир маулхIаят.**
**…Инсул рахъалдасан хабардай щвараб,**
**Щвайин жинде тIаде ТIадгIаралдеян.**
**Огь, кибдай рещтIараб сурмияб микки,**
**Ссунареб цIа бугин дир керемалда.**

ШигIруялъулъ нилъеда рихьула ракIалда чIолел сипатал, магIнаялъул гъварилъи, рекIел пашманлъиялъул кIодолъи цебечIезабизеги ратун ругел гагу ва милъиршаби – магIарухъ бищунго рокьулездасан цоял хIанчIи – гIумруялъул рохалил ва цIилъиялъул чапарзаби. ХIакъикъаталдаги гьезул гьаракь рагIигун рагъиде яхъарай эбелалда циндаго ракIалде щола гьелъие рохеллъун ва цIилъилъун йикIарай жиндирго яс ва гьелъул рекIел «ссунареб цIа» гьелегьуна ва гьединлъидал гьелъ хIанчIазда гьарула жиндир рекIелъ бакараб цIа гьелегьинабичIого тейин. Лъимадул хвалил бухIи эбелалъе хутIана гIумруялъго ракIалдаса унареблъун.

ХIакъикъаталдаги гьеб тIоцебесеб шигIру-магIуялдаса хадуб рекIел пашманлъиги хвалил рухIелги гIодор цвизе, рикIкIалъизе байбихьараб мехалъ, РахIматилъ загьирлъана кочIол рагIаби абизе махщел. Байбихьуда ургъелго гьабичIого гIадин росулъ кколел лъугьа-бахъиназде, бихьаралде хадур-цере абун рачIунел рагIаби абизе байбихьана гьелъ. КечI, шигIру гьабизе хIажалъи батана гьелъул рекIелъ ва заман анагIан гьеб цебетIезабизе байбихьана. Амма гьей жаний йигеб гIумруялъул гIадаталги, къагIидабиги къезарун, поэтлъун яхъинегIанаб шигIрияб гуч загьирлъичIо гьелъулъ. ТIадмагIаруллъиялда, гьелдаго гьоркьоб Сивухъги руччабаз кучIдул гьаруларoан, гьеб бихьиназул ишлъун рикIкIунаан. ГIицIго рухIел кIудияб хвел ккараб магIирокъор магIаби гьарулаан гьезул гьунар бугез. ШагIир яхъиналъул суал РахIматил мурадлъун букIинчIо.

Гьединлъидал, кIвар кьун балагьараб мехалъ, нилъеда бихьула РахIматил гьунарги пасихIлъиги тIубан рагьичIого хутIун букIин, гьелъул гьунаралъул, пасихIлъиялъул ва бечедаб жанисеб дуниялалъул нилъее ирсалъе тIеренабго

лъар гурони щун гьечIолъи. Гьелъ нахъе тарал асараздасан, бихьулеб букIахъе, гьелъул шигIрияб гьунар букIана кIудияб, амма гьеб гIатIидго загьирлъичIо, гьелъие рекъон кколел шартIал рукIинчIолъиялъ.

РахIмат йикIана жиндирго заманалъул лъугьа-бахъиназул, гIадатиял гIадамазул, росдал жамгIияб гIумруялда ккарал ишазул бицуней поэтлъун, ай, гIурус рагIи хIалтIизабуни, гьей йикIана цо къадаралъ летописецлъун. Гьелъул асарал цIалулаго, гьанжесеб гIелалъул росдал гIадамазе рагьула къокъабго, амма кIвар бугел ишазул бицунеб араб гIасруялъул бакьулъан соназул сахъадерил тарих, ракIалде щвезарула гьеб заманаялъул гIадамал.

Биценалда рекъон, РахIматица гIезегIан магIаби гьарун рукIаниги, гьел дагьго гурони нахъе хутIун гьечIо. Гьезул цоги шигIру-магIуялъулги рехсей гьабизе бокьун буго, гьелъ росдал тарихалъул (тIолабго Дагъистаналъул улкаялъул тарихалъулго гIадин) балагьаб заманалъул бицунеб бугелъул. МагIу буго РахIаматил вас, ХIажил вакьад Юнусил КъурамухIамад хвараб мехалъ гьабураб.

КъурамухIамад вукIана росулъ машгьурал цIаларал чагIазул хъизаналъул ахирисев хутIарав чи. Гьезул вукIана цIаларав ункъо вац ва росдал дибирлъи гьабулев машгьурав гIалимчи эмен Юнус. 1921 соналда большевиказ Сивухъ росу бахъулеб мехалъ, херав чи вукIаниги, Юнус бахъун хвалченгун гьезда данде вахъана. Жиндирго мина-рукъ цIунун вагъулаго, гьев чIвана. Ункъавго вацасул кIигояв лъеберабилел соназда, равхIаниялин абун, ЧКялъ ккун рачун ун тIагIинаруна. Гьале гьеб магIу-шигIруялдаса мухъал:

**Дуе алжан кьеяв, вас гьечIев эмен,**
**Васги дир чIахъаяв диналъул хIуби,**
**Жакъа мун вукъизе къуват гIелебдай,**
**КъватIир ругел вацал тIаде щвечIони?**
**Къоно чIваларилан ХIажиги вуго**
**ГIисадибир вачIун восичIонани.**
**Цо РахIматил ХIажил хIалги гIеларо,**
**ХIизбулагьги нужер унтарав вуго.**
**Иркутскиялде телгIаги кьабе,**
**Туснахъалъул кIулал ричIейин абун.**
**Туснахъ камералде кагъталгIаги хьвай,**
**Кумек гьабейилан равхIаниязе.**
**Туснахъал риччазе заманги щванин,**
**Щайдай вачIунарев Юнусил ГIабас?**
**Турмаялъул кIулал ричIун рагIулин,**
**Щайзедай кватIарав СайгидмухIамад?**

РахIматил гIезегIан асаразулъ бицун буго колхозал гIуцIулеб заманалда росулъ кколел рукIарал лъугьа-бахъиназул. Рекьарухъабазул ругьунаб, хIалалаб рукIа-рахъин хвезабун, колхоз гIуцIиялдалъун гIадамал кIудияб къварилъиялде рехун ругониги, РахIматица гьезул бицуна ццин бахъинчIого, гIадатиял ишазул гIадин, амма нилъеда гьелъул кочIол мухъазда жаниб бихьула лъугьун бугеб хIалалъ ракIбекизабун букIин, гьей тIаде бачIараб къезабизе кIолареб къуваталъе мутIигIлъулей йикIин.

Колхоз гIуцIулелъул, гьенибе кьун букIараб жиндирго гIака хъвезе бачун унеб батараб мехалъ абурал рагIаби руго гьал:

**Дир рахьдал цебехъан хъвезе бачиндал,**
**Абусупянида сири бачIодай?**
**Колхоз бечелъизе нахул гIор щвараб**
**Дуда чаран хъвазе чиго щвеладай?**

ШагIиралда рихьула хIал-зулмуялъул кьучIалда гIуцIулеб бугеб цIияб гIаммаб магIишаталъулъ байбихьудасанго рижун рачIунел ругел мекъал, хъамалчилъиялъул гIаламатал. Гъоркьехун бугеб куплеталда бицунеб буго колхозалда хIалтIулел ругел гIадамазе дандежоялъе хъвезе кьураб дагIнил гьан кунел ратарал хIакимзабазул:

**Огь, бочIораб гъарин, чIухIараб дегIен,**
**ЧIегIер хIалтIухъанас бакьил кIал квинчIеб.**
**Искладчиясул чурпа бихьидал,**
**Чохьол хIал хисарав Багишил ХIажи.**
**ШапигIил хулжиниб дагIнил бох лъедал,**
**Дарран сородарав Нуцалалъулав…**

ШагIиралъ жиндирго хIакъаб рагIи абуна колхозал цолъизарулел, кIодо гьарулелин абун, байбихьун букIараб хIапу-чапуралдеги. Экономикияб рахъалъ гIезегIан щулияб букIараб сахъадерил колхозалде цолъизабуна лъегIелдерил пихъил колхоз. Гьелъул зарал гуреб, ракIбакъвай гуреб жо ккечIо. Ахирги цоцазе гIезегIан гIакъубаги кьун, цолъараб колхозги дагьабги цIакъ мискинлъун, гьел ратIа гьаризе ккана. Гьелъул ккараб хIасилалъул хIакъалъулъ гьадин абун буго:

**Къойиде куй щолеб колхозги бичун,**
**Куракул гаразде руссана сахъал.**
**ИчIго копекалъул годовоялъе**
**Гургинаб моцI бана бухгалтериялъ.**

Колхозал бечед гьаризе хIаракат бахъулаго, ургъичIебги гьабичIебги жо толароан Совет хIукуматалъ. КолхозчагIазе приусадебниял участкабицин кIудиял щолаан, хадуб гьелги нахъе росун, гьитIинал кьолаан. Гьеб базаралда гьоркьор рукIунаан пенсионералги, гьезухъа ракьал цин тIураго нахъе росулаан, нахъеги дагьа-макъалго кьолаан. Гьеб ахIвал-хIал бихьизабула РахIматил гьал рагIабаз:

**Херал чагIабазе чед кьогейилан**
**Казиятдай хъвана хIакимзабахъе?**
**Колхозалда хIалтIун херлъун йигилан**
**Хурул бутIа кьечIо правлениялъ.**

РахIматица щибго нахъе къачIого бицуна жиндиего ккаралъул. Цо соналъ колхозалъул хуриса гьоло бикъун букIиналда щаклъун, цIех-рех гьабизегIан, кIалтIа хъаравулги тун жаний тIамун йиго гьей. Гьелъул хIакъалъулъ РахIматица гьадин бицун буго:

**Дир мадугьалзаби гьоло белъунел,**
**Гьава рекъеялъе ражиги чухIун.**
**Дун Тинартил рокъой якъуца холей,**
**Писрибегиласде керенги чучун.**

Лъеберабилел соназул байбихьуда росабалъ гIуцIун рукIана мискинчагIазе кумек гьабизе хасал комиссияби. Гьез, рескъотIарал хъизаназул ахIвал-хIалалъул цIех-рехги гьабун, хIукму къотIулаан лъие кумек гьабилебали. КверчIвазе чиги аскIов гьечIого, язихълъиялда хутIарай РахIматил къасд букIана гьеб кумекалде, амма гьей гьоркьой тун ятана.

**Чирахъул канлъухъе комиссиябаз**
**Кулакан цIар лъуна дир бесдалазда,**
**Кодоб бугеб боцIул халгьабичIого,**
**Хеккого къотIана бутIаялдаса.**
**Бечелъи чучизе чирахъ бакичIо,**
**Чи гьечIеб рокъоре хIинкъун гурони.**
**ЧагIи гурхIизеян кIванча ретIинчIо,**
**КIвела эбелалда ХIажи хьихьизе.**

Росулъ кколел кIвар бугел лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ кечI гьаби гIадаталде сверана РахIматие. Араб гIасруялъул 50 –аб. соназда росуго тIаделъун борхатаб магIардасан Сивухъе лъим бахъана. Амма киналго авалазде бачине гьеб гIолеб букIинчIелъул, дагIба-рагIи, къецал ккана. Гьадин бицунеб буго гьелъул хIакъалъулъ РахIматица:

**ГьацIалъ байданалъул бакьулъ букIараб**
**ЦIорораб лъиналде хьул лъураб азул.**
**Советалъ квербакъун, колхозалъ хIалкьун,**
**Росдал хIукмуялде хIортIе биччараб.**
**ГIебеде рохаде лъим бахъичIого,**
**ГIабдулагьил ХIажи боснов вегичIо,**
**Бассейна лъечIого кьижиларилан**
**ИсмагIилдибирги дагьавги къвакIун,**
**Иццул лъабил бутIа батIа гьабуна.**

РахIматил кучIдузул темаби дагь-дагькkун гIатIилъулел рукIана, хъвана росдал гIадамазул гIамал-хасият бихьизабулел, квешлъиялдаса гьел цIунизе, кантIизаризе жигар бахъулел асарал. Жиндирго вас ХIажи гьекъолеб жоялде машгъуллъизе байбихьидал хъварабгицин буго гьелъул кечI. Гъоркьехун рехсолеб буго ХIажи росдал тукада хIалтIулев вугеб мехалъ ккаралъул. Гьев къайиялда хадув райцентралде араб мехалъ, тукен цIунун, гьений егизе унаан РахIмат. Цо сордоялъ, горду бухун, гьей яхъинаюн, цояс гьелда гьарула тIадгьабун шиша кьейилан. Гьесда РахIматица абула:

**НуцIа къиризе гьабун**
**КъваригIел тIубаларо,**

**ТIадвуссун рокъое а**
**Метер радал вачIине.**
**Шишаялъул чехьалда**
**Чараб кагъат чIван буго,**
**Чвантиниб гIарац гьечIев**
**ГIоркьиласе кьогеян.**

Росдал гIадамаз кеп гьабун рикIкIунаан РахIматица жиндирго вас ХIажил васасде ГIабдулагьиде гьабураб кечI. Чиякъай гIадан мадугьал СалихIатица ГIабдулагьида гьарула, ирга щвараб мехалъ жиндие кумекалъе бачазде вилълъаян, дуего гIарацги кьелилан. ГIабдулагь разилъула. Гьелъул ккараб хIасилалъул гьадин бицун буго РахIматица:

**Цо къоялъ ГIабдулагь къачIан вачIана,**
**СалихIат ункъачой бачазда ине,**
**Щуго гъурущ кьезе къотIиги гьабун,**
**Къасиго бицараб рагIи бугилан.**
**– Вас гьечIей эбелги, инсул яцгIалги,**
**Аха, кIодо хваяв, нух битIагиийин.**
**Вореха, ГIабдулагь, гIадада чIоге,**
**ГIамал мекъай гIадан эйги йигелъул.**
**– Хъатунил МухIамад хIалайги вуго,**
**ХIалтIилаха, кIодо, долъ абудахъе…**
**Лъута-бортулелъе тарбияги кьун,**
**Танкан ал рещтIана ГьоцIохаринир.**
**СагIат кIигоялда кIалъан руго гьел,**
**КIиялгоги гьанже ракъун ругилан,**
**КIудияб гьаракьалъ йортун йиго гьай,**
**Бачал свеличIилан, чед кьеларилан.**
**Къаде кваниеги квалквал гьабидал,**
**Кепкал щунгутIиги бичIчIараб асда.**
**Гьаб дир хьитал холеб хьвади бугилан,**
**ХьвагIизе гьабуна ГIабдулагьица.**

ЦIакъ гьайбатал, ракIалдаса унарел руго РахIматица рукъалъул хIайваназде, гIанкIу-хIелекоялде, катил тIанчIиде гьарурал шигIраби. БитIахъего лъималазул цIалул тIахьазда лъезе бегьилаан гьел. МагIарде гIиял гочунеб мехалъ гьитIинаб кьагIрилгун гьабураб гара-чIвари буго гьаб:

**ГIундулги кIичIараб, кIалги чIегIераб,**
**КIвеладай бахине Илакъадибе?**
**КIиябго щинкIилги щулияб гьечIин,**
**Щвеладайха дуе мугIрузул гIадра?**
**– МагIарде бахине хиял букIана,**

**Хваяб эбел буго цIакъго хIалакъго.**
**Чвалчвал лъедаяли хьул лъун букIана,**
**Лъицаха бачинеб дун эб гьекъезе?**

Халкъияб гIадаб буго катил тIанчIиде гьабураб шигIруги:

**Бералги чалухаб, чараб катил тIинчI,**
**Чан васигат бугеб дуде гьабизе,**
**Хъорщоде бахунге, нахуда хъваге,**
**Нисуде харуге, хамалаг кунге.**
**Дир гIартал чIикIизе гIункIкIалги тIамун,**
**ТIамураб бусада бегунги чIоге.**
**Дадий хъаравуллъи, хъабий ахранлъи –**
**Хъубал гIамалалги гIодой рехун те.**
**Бахчуда лъуралде хивалги лъоге,**
**Хиянатал кутул дий рокьуларин.**

РахIматил шигIриял асарал жеги гIезегIан руго, гьел данде ракIарун руго васасул яс Сидратица. Гьезул цо бутIа бахъана НурмухIамад ГIусмановас данде гьабураб ва чанго соналъ цебе къватIибе биччараб «РукIана магIарухъ шагIирзаби» абураб тIехьалдаги. Амма РахIматил асарал мустахIикъал руго, рес ккараб мехалъ хасаб тIехь гьабун риччазе. Гьей йикIана гьунар бугей, пасихIай шагIир.

*МухIамад ТIАГЬИРОВ.*



# Харбал

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**



## ХЕРАЗУЛ РОКЪОСА КIУДИЛ ТАЛИХIАЛЪУЛ МАРГЪА

– Дица гьабила нужее гьабизе кколеб гIадлу. Щиб гьабулелха нуж рукIинарел херал гIадамал махсароде кколаро. ЧIалгIана нужги нужер хIалихьалъиги, – гьедин ахIи бан кIалъалей жиндирго ясалъул гьаракь рагIана ГIузаирида.

КигIан гьес лъикIаб бицаниги, моцIида жаниб цо нухалъ херазул рокъоеги ячIун, питна гьабичIого нахъе унароан Асият.

Инсул пенсиялъул нахъе хутIарал гъурщазда хадуй ригьдаго щолаан гьей. ГIемерисеб мехалдайин абуни, Асият, инсухъеги щвечIого, бухгалтериялдаса пенсияги босун, хIалтIуде кватIулей йигиланги абун, чIухIараб машинаялдаги рекIун унаан. Доб кидаялиго бищунго хирияб гьаркьихъги гIенеккун, ГIузаирги хутIулаан. Гьале жакъаги рахIатхвезабуна ГIузаирил рухIгIан йокьулей ясалъ.

Гьев нечон вукIунаан тохтурзабазукьаги, цадахъ ругезукьаги, жиндие хъулухъ гьабулезукьаги, херазул рокъоб хъулухъ гьабуралъухъ пенсиялдаса гIарац гIемер кколеб бугилан, Асият къацандизе ячIараб мехалда.

ГIузаирил бадиса чвахунго чвахун рачIунел магIил гараз гьесие бадибчIвай гьабулеб букIана, жиндирго гIумруялъул щибниги рахIатги гьабичIого, гогьай Асиятие гьадинаб чIухIараб талихI сайигьат гьабуралъухъ.

Дунялада бищунго берцинаб гьаракь. Огь! Урхъун вугеб куцха херав ГIузаир «Дада, дие  мун вокьула!»,  – ян ахIулеб гьеб хIасратаб гьаркьихъ. ГIодун свакарав херав кижун ккана. Макьилъги синкъдилев вугев гьесул гьурмада речун букIараб талихIаб гьимиха!.. ВигьинчIо макьидаса херав. Ва гьес ахирисеб хIухьел угьана, Асиятиланги ахIулаго.

ЯчIинчIо Асият инсул жаназаялда хадуй. Радал инсул пенсиялъул ахирисел гъурщалги росун, бакъанида гьей йоржана Германилде…

* * *

ГІузаирида жаниб рухІ лъун йикІунаан гьесул эбел Хадижат. Гьев кьижараб мехалдацин, гьесул къаданийги кІусун, гьев веэдулев йикІунаан.

– Бабал месед, гІелев мун кІудияв, дир ГІузаир вукІине вуго росулъго бищунго бечедавги. Бищунго берцинай ясгиха асие ячиней йигей бабаца. Цинги рукІинаха киналго бабадаги васасдаги бахиллъун.

Гьедин гогьго гІун вачІунев вукІана ГІузаир. ГІагарлъиялъ абизеги абулаан Хадижатида гьеб хІалалъ киналго васасул гъалатІалги рихьичІого, гьев гогьдаризавуни, ахирги дуда гьес зодоса цІваги босун, гьебги кьеян абизе бугин.

Гьедин абулеб рагІарав ГІузаир цо къоялъ сагІаталъ гІодун ватила зодоса цІва бокьун бугин жиндиеян.

Лъихъниги гІинтІамичІо Хадижатица, эменги гьечІого гІолев вас вугин, гъоркье кІанцІун хвелин жий гьес абураб жо гьабичІого йикІинегІанилан абун. ТалихІалъул цІурал маргьабиги рицунаан гьелъ васасе. Замазаманалдасан гьес гьикъулаан бабада жиндир талихІ киб бугебилан.

– Мун кІудияв гІуравго, дуда данде боржун бачІине буго гьеб. Цинги гьелъул куркьбаздаги рекІун инев мун доб дурго цІваялъухъе – гьединаб маргьа букІана Хадижатил васасе бицунеб. Макьилъгицин бихьулеб букІун батила ГІузаирида жиндир талихІги босун бачІунеб хІикматаб хІинчІ.

ГІуна ГІузаирги кІудияв. Гьев гІедегІун вукІана жиндирго талихІалъухъе. Амма гьелда нух къосана Хадижатихъеги васасухъеги. Гьезда жидедаго рихьулел рукІинчІо жидецаго талихІалда речІчІулел ругел ганчІалги лъолел ругел ругъналги. Ругънаде цІам щвараб гІадаб жо талихІалъе гьабуна ГІузаирие ячарай Асмацаги.

ЛъагІелалъ бицун бахъинчІо шагьаралдаго бищунго хирияб залалда гьабураб ГІузаирилги Асмалги бертадул. Гьеб къоялъ доб берцинаб талихІалде нуцІа къана жинцаго ГІузаирица. Йокьулей ясги тун, бечедай Асмал буголъиялдаги бахиллъун, тІоцебесеб гали жинцаго тІамуна гьес талихІ тІубанго лъутизабизе. Гьеб лъутун ине хІаркат бахъулеб букІана Хадижатицаги. ГІузаирил гъалатІал рихьичІеб къоялдаса нахъего, кІвечІо загІипаб, лъукъараб талихІалда гьеб хъизаналъе гвангъизе.

ТалихІ ккана хьухьикье. Ва щибаб къойил хьухьикьан тІинкІана Хадижатил магІу.

Бабал меседасе ячарай Асмаца къабул гьайичІо Хадижат. ГІузаирги хеккого жиндехунго вуссинавуна гьелъ. Заманаялдасан хъала гІадаб минаялъуб бакІ къварилъана Хадижатие. ХІатІазда гъоркь ракь тІун араб гІадаб асар гьабуна Хадижатие цо къоялъ ГІузаирица батІа яхъине ккелин лъазабидал. Бихьуларищха, рогьалилъго яхъун гьелъ Асмал макьу хвезабулеб рагІулаха.

Цо нухалда Хадижатица гьарурал цІурачадалги кваначІо Асмаца, жиндир эбелалъул тІагІамал рукІунин, гьезда тІагІамго гьечІиланги абун. Хадижатида ракІалда букІана нусалъ квен бецизе. Гьединал гІисибикъинал багьанабиги ратун, Асмацаги васасги Хадижат аскІоса нахъе яхъинаюна. ГьитІинай АсиятгІаги жинда цадахъ йиччайилан гІодулей гьелъухъги гІинтІамичІо васасги нусалъги. Цо заманалдасан Хадижатил букІараб рокъое ячІана Асмал эбел. Гьел кІиязго зурулев вукІана ГІузаир. Лъади кІалъазегІанцин чІечІого, якьадалъ гьарулааан дурцасе бадирчІваял.

Ахиралда, абизе жо тIагIараб мехалда, эбелалъухъе, пакеталги росун, гIемер ваккулев вугилан абуна гьесда. Зама-заманалдасан ГIузаирида эбелалъги ясалъги ракIалдещвезабулаан жидер баракаталдалъун ваханин мун гьеб борхалъиялдеги хъулухъалдегийилан. Дагь-дагьккун тана ГIузаирица эбелалъухъе ваккиги. Эбел кIалъан ячIараб мехалдацин гьелъие жаваб кьезе гьев регIулароан. Цо-цо мехалда вагъизеги вагъулаан гьелде, гIемер кIалъагейилан, дуе жаваб кьезе регIун вукIунарин жив, жиндир хIалтIиги бугин, хъизанги бугин. КигIан ракIщваниги, къанагIат гурони Асиятги йихьулароан гьелда.

Цо къоялъ Асмал эбелалда цадахъ тира-сверизе паркалде уней Асият дандчIвана Хадижатида. Дада-бабайиланги абун, данде екерун инехъин йикIарай Асиятил квер биччачIо Асмал эбелалъ, дуда бабаца щибилан лъазабун букIарабиланги абун. МагIил цIурал чIахIиял зобгIан хъахIилал beралгун ялагьун чIана Асият дахIабабахъ. Гьелъул магIуялъе жаваб Хадижатил магIуялъги гьабуна.

Васасул ясалъе сайигъаталги росун, лъималазул ахикье уней Хадижат тIуркIизаюна «Йо!» – йилан ахIулеб хъачIаб гьаракьалъ. Нахъехун юссарай гьелда йихьана Асма ва гьелъ абуна гIемер Асиятихъе хьвадугейилан, мун ун хадуй, гIемераб мехалда гIодулей рагIулин гьейилан…

ГIемер ургъана Хадижат нусалъулги васасулги жиндехунго бугеб бербалагьиялда тIад.

– Унго-унгоги, дир гIумру ана васасе магIишат гьабулаго. Бихьуларищха, дицаго бараб минаялъубцин бакI батичIо дие. Щибго къобихьизе течIого гIезавуна ГIузаир, цIализавуна, кредитги босун, гIарацги кьун, лъикIаб хIалтIудеги ккезавуна. Дида бугеб гIайиб щиб, берцинаб хIалалде васасул цохIо йигей ясалдацин кIалъазе рес кьолареб?! Хисун лъун вугогури дир ГIузаир. Бабаде кIалъазецин заман гьечIо гьанже гьесул. Бугебани дир рес, доб дирго гIолохъанлъиги ГIузаирил лъимерлъиги тIадбуссинабизе, цодагьал лахIзатазгIаги талихIайлъун дунго йикIине… ГьавичIилан абиларо – гьавуна дица ГIузаир гогьдаризе. Гьелъул магIна кколарогури гьес дир адаб гьабизе кколарин абураб. Якьад унтун больницаялде ккараб мехалда, гьениве къоялда жанив чанго нухалъ щолаан гьев, эбелалде ваккизе унев вугиланги абун. Чияр чIужугIадан эбеллъана гьесие. Дунин абуни, гьале…

Гьел пикрабазда йикIарай Хадижат кьижун ккана.

Ва тIокIалъ гьей гьеб макьидаса йорчIичIо. ГIагарлъиялъ кигIан гьараниги, эбелалъул жаназа жиндирго минаялъубе босичIо ГIузаирица. Босизеги бегьилаан гьес Асмаца изну кьун букIарабани. Гьесда лъалеб букIиндал, нагагь гьелъ абураб гьабичIони, буголъиялдасаги хъулухъалдасаги живго махIрумлъулевлъи. Амма гьесда бичIчIичIо гIумруялъул аслияб магIна.

– Балъаргъунге гIумру, гьелъ нилъедаса рецIел босула, – ян абураб.

ГIузаиридаги, гIолохъанаб мехалда, киназдаго гIадин, ракIалдацин букIун батиларо живги херлъизеги хвезеги вугевлъи. Эбел хвараб мехалда бичIчIана гьесда жиндирго ритIизаризе рес гьечIел гьалатIал. Ризлъана гьесул магIарухъе инги. Гьев гIедегIулаан эбелалъухъе. Гьелъул зонода къвалги бан, гIумруялъул хIакъалъулъ пикраби гьаризеги рокьулаан гьесие. Амма кватIун букIана… Гьабуралда гьесул ракIбухIаниги тавбуги эбелалда рагIулеб букIинчIо. Гьелъие щибго асар гьабулеб букIинчIо, чIаго йигеб мехалда жиндир рекIеда нур базабун букIараб гьаракьалъ.

ГIурал сонал Асма хун аниги, ГIузаирица чIужу ячинчIо, Асиятида бесдал эбел йихьизе телариланги абун. Огьо-гьой! Гогьдаризаюлей йикIарай куцха ГIузаирица Асият. Сундуего инкарги букIинчIо гьелъие.

Жиндие къваригIараб гIарцул къадар кьечIони, кьурунги бахъулаан гьелъ гьеб инсухъа. Гьесул адабги гьабулароан. Щиб лъалеб, гьеб букIун батизеги бегьула Асиятица инсудаса босулеб рецIелалъул гьитIинабго къатIра. Йокьулей дадабабаде аскIое йиччачIелъухъги, гьелъул гьуинлъи лъазе течIелъухъги. Хадижат кIодол хIикматал маргьабазухъ гIенеккизе рес кьечIелъухъ, жийгун ясандизе гьелъухъ букIинчIеб ихтиярлъухъги.

Гьединал къатIраби рецIелалъ дагьал гуро хIадурун ратарал ГIузаирие. Гьесда ракIалдецин ккун букIун батилищха, чIаго Асикоги (гьедин абулаан ГIузаирица ясалда) йикIаго херазул рокъове жив ккелин абун. Гьелеха дол ГIузаир жидекьа цIакъ хIинкъун вукIарал рецIелалъул вахIшилъаби…

ГIузаирица Асият цIализаюна, цIакъ кIваркьун. Гьелда ингилис мацI лъикI малъизе учителалъе кьолеб гIарцуда барахщулароан гьев. Рокъоеги ячIун, малъулаан гьелъ Асиятида ингилис мацI. Инсул анищ букIана цохIо йигей яс къватIисеб пачалихъалде цIализе йитIизе. Цинги гьелде аскIоре рахъине рукIана ГIузаирги Асмаги. Амма тохлъукьего унтана Асма. Асиятилги пикру ккечIо эбелалда хадуб хъулухъ гьабизе. Жиндир цIалуе квалквал ккезехъин бугин къварилъахъдизе лъугьана гьей. ЦохIо йигей маулхIаяталъе квалквал гьабилищха инсуцаги, Асмае хъулухъ гьабизе, гIарацги кьун, гIадан ялагьана гьес.

ЛъагIалица бусадаса яхъине кIоларого йикIарай эбелалда аскIоб цо сордо рогьинчIо Асиятица. Гьей хвараб мехалдагицин, эбелан абураб угьи гьелъул кIалдисан бачIинчIо. Юкъизе унелъулги ахIичIо бабайилан. МагIуцин батIаго цIорораб букIана гьелъул. ГIек-гIекиялда гIодулев вугев инсуде хичизецин хичана гьей.

Эбел хун гIемер заман иналдего, Асиятица инсуда лъазабуна жиндир дуда хадуб хъулухъ гьабизе заманги санагIалъиги гьечIин, херазул рокъове щвезавизехъин вугин, гьениб рекIелгъейги букIинин рокъобалдасагиян.

ЛъагIелгIан заман бана ГIузаирица херазул рокъоб. МахIрум гьавуна гьев йокьулей ясалъ жиндирго рокъоб букIараб хинлъиялдаса. РагIулеб букIинчIо гьесда доб рокьул цIураб гьаракь. Гьеб гьаракьалъ гъурал куркьбал рукIана ГIузаирил гIумруялда. Гьанже куркьбалги рекана, гIумруги галадана, къисматалъги мугъ рехана. Ялгъузлъи, янгъизлъи, чиякълъи – гьанже гьез сверун ккуна гьев. Кидаялиго, гIолохъанлъуда талихIаб хъизамалъул бетIергьанлъун вукIарав гьесда гьанже жиндаго бугеб хIал хIехьезе кIолеб букIинчIо. Бихьулищха, талихIилан ГIузаирица рикIкIунеб доб гIумруялда талихIалъул махIцин букIун гьечIо. Кинаб талихIаб букIинесеб гьеб хъизаналъул букIине букIараб, Хадижат эбелги рокъоса къватIие йитIун. Гьелъул магIуялъцин гуребдай гьеб гъанситухъ бакараб цIа свинабураб, эбелалъул бухIараб ва тIухьигIан бакIаб магIу гIазулъун, горо-цIерлъун рещтIун батила хIеренаб талихIалде… Гьелъ гIунизабураб талихI тIокIалъ хIеккинчIо. Гьеб гIансилъун чIана ГIузаирил гIумрудул нухда. Гьесухъа бокъинабун бажаричIо, бигъараб гIомо гIадаб, къисмат.

Гьебго нух такрар гьабуна Асиятица. Галадана гьелъул къисматги. Такрарлъиладай гьелъулъ инсулги кIодоэбелалъулги къисмат?! Гьеб такрарлъиялъе хIалкIварабщинаб жо гьабуна Асиятица.

Квешлъи хьаралъуб лъикIлъи бижилищха. Унго-унгоги Асиятил лъималазеги ирсалъе щвеладай гьеб? ГIелародай гьезулгIаги гIакълу квешлъиялда тIад хIучч цIазе?!

## ДЕРЕЦАЛЪУЛ БАКЪНАЛ

Гьале исанаги, гIаздалъан дерец тIугьдул раккулеб, сверухълъиялда ихдалил махI бахъараб гIужалъ, росулъе ракIщвана Шамсигатил. ГIагараб тIалъиялда берчIварабго, гьелъул ракI бохиялъ кIанцIезе лъугьана; хасалие къанагIатаб канчIхъахIилаб зобги, зодосан тIабигIаталъе салам кьолел бакъул чIоразде данде кенчIелеб бугеб гIазуги, гIазуги биун, бакI-бакIазда цебе лъураб ракьги, гIаламалъего ихдалил кучIдулги ахIулаго, ракьулъан тIирщун рачIунел дерец тIугьдулги. Гьел хасиятаз щивасул рекIелъ рещтIинабулеб букIана киналго урхъараб их. ГIаздалал мугIрузцин бутIрул къулулел ругин кколаан дерецалъул бакъназе, гьел машгъуллъун рукIана ихдалил чапаралъ рачунел бакъназда. Гьел цинги журалаан мугIрузул гIазуги биун, эхебе чвахулеб лъарал чилигун, ихдалил хIанчIазул сариналгунги, сариназ асир гьабураб тIабигIаталъул чIаголъигунги.

Доле дол гIагарал зобазул тIогьаздасан Шамсигатиде данде рекерун рачIана лъимерлъиги гIолиллъиги. Гьез къвалалги ран, гьей ячана дерецалъул бакъназухъ гIенеккизе.

Лъимерлъи, гIурдада кьегIер гIадин, кIанцIелеб букIана. Гьелъ ракIалде щвезабулеб букIана гьитIинай Шамсигатида гьелго гIадал ясалгун цадахъ ахIулеб букIараб кечI:

**Ясал цIилъун,**
**ЩIихер бижун,**
**Дерец гIинкълъун,**
**ГIин цIодорлъун.**

АхIулел рукIин гурони, гьеб кечIалъул магIнаги лъалароан ясазда. Берцинаб бакъангиха гьез гьелъие ургъун букIараб. Гьеле гьеб кечI дерецалъ ахIулеб букIана Шамсигатие.

РакIалдещвеял… ракIалдещвеял… Гьалдезабулеб бугоха нужеца ургьимес.

ГьитIинай Шамсигат тира-сверизе уней йикIараб гIалахалъги, хharулей йикIарай кьурабазги, гIаздалал балазги, мугIрузул, кьуру-къедалъул къваридал сухъмахъазги гIажаибго берцинаб маргьу бицунеб букIана жакъа Шамсигатие. ГIаздалъан баккараб дерецалде данде кенчIелеб букIана гьелъул гIанабазда берцинал расенал рахъараб магIу. Лъимерлъиялъ кверги ккун, гьей ячуней йиго гIагараб росулъе, хаду-хадуб бекерулеб гIанчIаб гIолиллъиги буго. Гьале доб расалъи, тIогьолъ босун кидаго букIунеб. ХъахIилал, хъахIал, тIогьилал тIугьдуз салам кьолеб бугин ккола Шамсигатие. ГIаздалъанги раккун, гьез бутIрул къулулел ругеб гIадаб асар гьабулеб букIана гьелъие. Гьале гIагараб росулъе унеб кIичI-кIичIараб нух. ГIазул цIураб гьеб нухги мерхьунаго, чанги ана гьей, ясазул квералги ккун, дерецалда хадуй. БитIарабищ гьебали щибха лъалеб, амма чIахIияз бицунеб рагIулаан гьалда ихдал дерец тIоцебе бихьарав чи гьеб соналъ бищунго талихIав вукIунилан. Гьелъго батилаха гьалъги хIаракат бахъулеб букIараб дерецалъул талихIалъул кесек жиндиегоги щвезе. ГьитIинай Шамсигатида гьеб кидаго, гьеб тIоцебе батулаан.

– Гьале дир талихI, гьале, – ян, «учу-чу» гьабулаан гьелъ тIегь ясазе. Амма талихIай гьелда бихьулеб букIинчIо тIогьол рахIатхвей. Гьелъ Шамсигатида щурулаан:

– Берккезе гурин. Киназего гьурщуге, – абун. ТалихIалда лъимерлъиялъул куркьбаз къвалги бан йигей Шамсигатица дерецалъул хIинкъараб щурщудиялъухъ гIинтIамичIо…

Росу рагIалде яккарайго бихьула школа. Шамсигатидаса цебе гьенибе лъимерлъи бекерана. Гьале доб гьелъул лъимерлъи жаниб араб талихIалъул кIалгIа. Гьаниб букIанщинаб релъиги, рохелги, магIуги, цогидабги… Гьеб лахIзаталъ Шамсигатие бокьун букIана лъимерлъиялъул къвалакьеги лъугьун, биччан гьаракьгун гIодизе. Гьелъул расал лъухьулел рукIана лъимерлъиялъ, доб кидаялиго, кIикъоялда анцIго соналъ цебе гIадин, недегьаб бакъаналъ еэдулей йикIана гьей, дерецалъул кечIги рагIулеб букIана гьелда.

Школалъул азбаралдаги чIун, киса-киего ялагьахъдилей йигей Шамсигатил тохлъукьего берречIчIана гьениб хьибилалда ругел хабзалазда. Лъимерлъиги азбаралъубго тун, гIолохъанлъиялда цадахъ гьей щвана, гьей ячIиналъухъ къвааридго ралагьун чIарал эбелалъул, инсул, вацасул гIагарал занахъе. Бицана гьелъ гьезие жиндирго къисматалъул къваридаб къиса. РакI хIинкъулеб сихIкъотIиги букIана хабалалъ. Шамсигатил бухIараб магIуялъ заназда чIвараб гIаздал саву хIеккинабулеб букIана.

Шамсигатил кIаркьадаги баун, гIолохъанлъиялъ гьелъул кIварбуссинабуна, гьелъул къисматалъул нугIзаллъун кколел, росдаде тIаде чIухIадго ралагьарал кьурул сиртазде Гьенисан чанги харана гьай гьудулзабигун цадахъ тIугьдул ретIизеги, даруял хурдузда хадуйги. Гьениса мичIчIил хинкIал гьуинал рукIуниланги абун, росун тургьбигун гьелда хадурги унаан. Доле гIебалги. Гьенире щвезегIанцин ун рукIана. Цинги, тIадруссунаго, сиртазул ахалъудасан чвахулеб лъарахъ хIохьбахъизе гIодор чIолаан. Ракьулъан кIанцIараб иццул цIорораб лъадада хIухьбалаан, ва хIанчIазул бакънازда гъоркь гьапуллъулаан. Свакги чучун, раччун мичIчIил цIурал къандалъабигун, кодор ккун тIугьдузул квацIабигун, ахIулаго кучIдулгун, рокъоре щолаан.

– Вай, дир йигей цIакъай яс. Гьалъ гьабулебщинаб хIалтIи, – ян гьурмада разияб гьимигун азбаралдаго данде ячIуней эбелалъе тIугьдузул квацIи кьолаан Шамсигатица. Йохулей йикIарай куцха гьей эбелалъул рецц-бакъалдаса!

Школалъул хьибилалда бугеб хIорги Шамсигатие хирияб букIана. Гьениеги гIемер щолаан Шамсигат, чуризе гьечIебгицин партал, къайи-къоноги босун. Гьенире ракIарулаан росдалго ясал. ГIажабиго берцинаб рекIелгъей букIунаан гьениб. Доле гIурдаллъи. Росдацаго лали гьабулеб гьоцIо букIана гьениб. Лал тIамулеб къоги цIакъго аваданаб букIунаан. ХIалухъин тIоралдаса бацIцIад гьабизе, оцазда нахъа рарал лугбузда рекIине ирга щоларого рукIунаан росдал васалги ясалги. БатIалъи букIунароан, лъил лал тIамулеб бугониги. Лали лъугIизегIан ралагьун чIарал ясазул къукъаги букIунаан, гьагьалги мугъзада чIван, накку баччизе хIадурлъун. ХIалтIизе бугеб гьираялъ гуребха, расандизе къваригIун. Жидерго накку баччулелъулги, Шамсигатил букIунаан бищунго гьитIинаб гьегьги…

Гьанже ирга гIолохъанлъиялде щвана.

ГIелин дуейиланги абун, гьелъ лъимерлъи добегIан цуна. Ва, недегьго Шамсигатида къвалги бан, гьел щвана рокъоре. Кидаялиго рохалил цIун букIараб мина гьанже чIобого бугоан. ТалихIаб хъизаналъ къо-лъикI

гьабураб гьеб ялгъузго бугоан. Шамсигатида ракIалде щвана гIолилльиялъул талихIги, рохелги, аваданлъиги.

Институталда цIалулей гьей урхъун йикIунаан эбелалъул гьаракьалъухъги, инсул малъа-хъваязухъги, жий ячIиналъухъ ралагьун чIарал вацазухъги… МагIарухъа Шамсигат ячIиналъухъ ралагьун чIун рукIунаан гьелъул гьудулзаби. Гьезда лъалаан гьелъ бакъвараб бакь, бакъвазабураб гьан, цIоросаролъилги гьолочIварабги гIатI бачIунеблъи. Общежитиялдаго щущан унеб бакьил ва гьанал махIалъухъе кьабгIун цIолаан гьитIинабго рукъ. ГIемер щолаан гьудулзаби Шамсигатида цадахъ росулъеги. Ва гьале жакъа мискинго хутIун бугеб минаялъуб чанги ихтилат гьабуна ясаз. Киназдасаго гьитIинай йикIана Шамсигатил эбелги. Гьелгун лъугьун кечIги ахIулаан гьелъ, кьурдизеги кьурдулаан гьей, хIатта эменцин вахъинавулаан гьелъ кьурдизе. Вацалги рукIунаан нечон холел…

Гьеб кинабго ракIалде щварай Шамсигатил бадиса рохалил магIуги букIана чвахулеб. Лъимерлъиялъулги гIолилльиялъулги махIаз цIураб, гьанже сихIкъотIиялъги чиякълъиялъги ханлъи гьабулеб минаялъулги къомехги лъикI гьабун, тIадюссун уней Шамсигат нахъ-нахъ ялагьулей йикIана. Гьелда цIидасан рагIулел рукIана гIагарал гьаркьал.

Росу рагIалде гьай щолелъул дандего рачIана дерецалъул бакънал. Гьел бакъназухъеги, дерецалъул берцинлъиялъухъеги, гIурччинхералъ нахъе хъамулеб гIазухъеги гIемер щолаан Шамсигат талихIалда хадуй.

Амма гьеб талихI жибго лъутана гьелдаса доб къоялъ. Дов лъараб бищунго талихIаб къоялъ, къисматалда жинцаго Шамсигатица талхIкъиналъул мугъру чIвараб къоялъ. Жиндихъе хьулгун бачIунеб талихI къабул гьабизе кIвечIо гьелда. Киналдасаго, киназдасаго, сундасаго инкар гьабуна. Гьелда ракIчIун лъалаан досул къисматалда кIетIезе жиндир кинабгIаги ихтияр гьечIеблъиги. Лъаниги щиб, ракIалъ цохIо довилан ахIулеб букIана. Лъалаан Шамсигатида вокьулин гьесда, рагIунали щиб гурин, щурун абизецин кIвезе гьечIеблъиги. Гьедин гьабизе ихтияр кьолеб букIинчIо магIарул намусалъги, мугIрузул ясалъул нечеялъги, эбел-инсул рокъоб щвараб тарбиялъги. Макьилъги лъавудаги цебеса унареб гIагараб сипаталъ гIазабазул накъищал угьана Шамсигатил къисматалда. Гьей гIемераб мехалда гIенеккун чIун йикIана дерецалъул талихIаб кочIохъ. Жеги лъугIун букIинчIо довгун цадахъ талихI жиндихъе тIадбуссинин абураб анищ. Амма Шамсигатил къисматалда кунчIи чIвалаан, гIицIго досул пикрабазда йигеб мехалда:

Дос гьелъие гьале тIугьдул рачIунел руго. КвацIиялда гьоркьоса гьалъ бахъулеб буго бищунго берцинаб тIегь. Ва гогьдарилей йиго Шамсигат. ТIогьол тIамчалги тIолаго, гьалъ хIалеб буго «йокьула-йокьуларо», «вокьула-вокьуларо». Гьале ахирисеб тIамачалъ ахIулеб буго вокьулилан. Гьединго досги гьабулеб буго. Гьале гьес кодоб ккун бугеб тIогьол ахирисеб тIамачалъги ахIулеб буго йокьулилан. Гьеб кIиябго тIамач каранде къарай Шамсигатидаса талихIав чиго вукIун ватиларо гьел лахIзатаз. Цинги, цоцазул квералги ккун, гьал щола дерецалъухъе. ГIажаиблъи гьечIищха, гьелъ тIаса бищун букIана гIаздакьан дерец къватIибе бачIунеб цого бакI. Гьеле гьенир гIодорги чIун, гьал цадахъ гIенеккула дерецалъул бакъназухъ. Гьелъ ахIулеб буго досулги Шамсигатилги талихI баркараб кечI. Цинги гьал кIиялго талихIалъул хIанчIил куркьбаздаги рекIун, щола жинцаго Шамсигатица ургъараб гIищкъул улкаялде…

Гьеб букIун буго Шамсигатица жиндиего ургъараб маргьа. ТалихI гьечIеб ахирги бугеб.

Долдаса нахъе ана гIемерал сонал. Жакъаги Шамсигатил макьихъ гьоболъи бана гвангъараб мугьрулъун рекIелъ чIараб досул сипаталъ. БажаричIо гьелъухъа дов цадахъ гьечIеб талихI къабул гьабизе. КIвечIо гьелда цогидасде талихIалъул къатIраби тIинкIизаризеги. ХIалбихьизецин ракIалде ккечIо. МагIил гараз гIанабаздаги хъвалаан досул цIар. ЦIар досул кьураб цIваги букIана зобалазда, бищунго гьениб гвангъараб нурги бугеб. Нуралъул бищунго берцинаб кьерги досие сайгъатлъун кьун букIана. Пикраби, анищал, хьулал, божилъи – гьеб киналъулго бетIергьанги дов вукIана. Жиндиего щибха хутIараб Шамсигатие?.. Чиякълъи. ГIицIлъи. ЧIобоголъи. Гьелъ жинцаго хIаракат бахъана гъасда цIа свиналъеги, гъанситухъ чIобоголъи рещтIинабизеги, гIицIлъиги, чиякълъиги даимал гьалбаллъун хутIиялъеги. Гьезул рагIдукь гIодой чIарай Шамсигатиде гьале жакъаги кечI ахIулеб буго дерецалъ.

Гьелда ракIалде щвана, гьитIинай Шамсица дерецалъе ахIулеб букIараб кечI:

## ЯСАЛ ЦIИЛЪУН, ЦIИХЕР БИЖУН…

Шамсигат шагьаралде нухда регIизе гьелда цадахъ рачIунел руго лъимерлъиги гIолиллъиги.

– ГIела нижехъе гьабураб сапар, гьанже дурго нухда а, – илан ахIулеб букIана гьез. Шамсигатида хIаллъазе течIониги, гьелъул чиякълъиялъухъ угьдулел рукIана гьел, тIолеб магIуги букIана жинцаго Шамсигатица, магIуялде сверизабураб гIумруялъухъ. Гьезул ракI барахщун букIана гьелъул берцинаб гIумруялдаги, гIумруялъго батизе кIвечIеб талихIалдаги, талихIаб букIине мустахIикъаб букIараб къисматалдаги, къисматалъ хъван батичIеб къадаралдаги, къадар батIиясулгун бокьичIей Шамсигатидаги. Гьезул ракIбецIцIизабулеб букIана гьелъул гьурмада рукIкIалабаз угьарал накъищазухъ ралагьунги, ботIрода рещтIарал хъахIал расазул саву бихьидалги, саву тIад рещтIинчIел, жеги гIолохьанго ругел анищазухъ гIенеккидалги. Гьел рохулаан Шамсигатида цадахъги. Досде кечI хъвалелъулги, талихIалъул кунчIи жиндаго бихьичIониги, талихIлъун жинцаго рикIкIунеб рокьул кIудияб къисаялъул хъвалелъулги, досул гIагараб сипатальги, сипат гвангъизабулеб каламальги гьелъул рекIелъ рещтIунеб цIилъи бихьидал.

Уней йиго жакъаги Шамсигат, лъимерлъи-гIолиллъиялдаги баун. ТIатIаюссун ялагьулей йиго гьей гIагараб росдахъги, росдал хабзалахъги, хабзалалъ ругел гIагарал заназухъги, зодоб гвангъараб бакъухъги. Бакъул нурлъун, кунчIилъун, чIорлъун Шамсигатие хутIараб суратги букIана доба борхалъуда.

Уней йиго Шамсигат, анищахъе гIедегIун… Жиндирго дерецалъухъе… ТалихIалда хадуй…

# Вацлъиялъул адабияталдаса

Сиянат ХIАЖИЕВА



## ЭБЕЛАЛЪУЛ ХIЕРЕНАБ РАКI

Дачаялъул гIадамал дида кидаго релълъун рихьула, рии –хасел хисулелъул, жидеего дандекколеб гьава-бакъ бугеб рахъалде – хинал улкабазде роржун унел, ихдал тIадруссун рачIунел хIанчIазда. Ихдал диегоги бокьула ракь бегизе, щиб бугониги бекьизе, бекьараб бижун бачIунелъул гьелъ дие гьабулеб рохалил асаралъул бицинего ккеларо. Гьединлъидал, ихги рииги нижер тIолабго хъизамалъ дачаялда тIамула. ХIанчIазул кучIдузги, рикIкIадасан рагIулел дачабазул бетIергьабазул ахIи-хIуралъги, гIурччинхарил, пихъил тIугьдуздаса босун бачIунеб берцинаб махIалъги, бацIцIадаб гьаваялъги, цо-цо мехалъ букIунеб сихIкъотIиялъги дида тумазул росабиги мугIрулги ракIалде щвезарула.

Гьаб соналъ рии букIана цIакъго гьава-бакъ рекъараб, гьединлъидал пихъилги овощазулги лъикIаб бачIинги бакIарана…

Риидалил цо къоялъ нижер дачаялъул къотIной эхетун йигоан хIалакъ-ккарай, логодаги йорхатай, гIолохъанлъиялъул ригь арай гIадан. РахIатхун жийго-жиндагоги гаргадулаго, гьей рахъ-рахъалде юссун, щибалиго бала-гьулей гIадин йигоан. РикIкIадасанго дида берчIвайдал, дихъ балагьун чIун йикIарайгIанги, дитIа лъалхъана гьелъул балагьи.

– ЙорчIами!..

– ЙорчIами, дир яс!

– ЩивгIаги валагьулейищ мун?..

– Лъаларо щив дица валагьулев вугевалиги, лъихъ балагьун дунго чIун йигеялиги. Гьал дачаялъулал, дир хIисабалда къотIнорехунцин раккулел ратиларо. Дун гьание щун таманаб мех баниги, цониги рухI бугев чиясда берго чIвачIо. Гьанир ругелщинал гьабигиха, – абун гъура-чункараб гIурус мацIалда бицине хIаракат бахъулеб букIана гьелъ.

– Нилъерго мацIалда кIалъай, – ян абуна дица гьелда, гьей гIадан тумазул миллаталъул йикIинги бичIчIун.

– Вай, ама…ан, дир яс, мунги тумайищ кколей? – абун, ризилъун, бераз-да сверун рукIарал рукIкIалаби ритIун ана гьелъул, жиндирго цеесей гIадан йихьарайгIайги йохун.

– У, дунги тумай ккола. Кумек гьабизе ккараб жойищ бугеб?

– Валлагь, дир яс, гьаб нужер къотIное дун БетIергьанасго ячун ятила. ЦIорораб лъим гьекъезе бокьун бугеб куц. Гьаб бежулеб бакъукь гIемер хьвадизе ккана дун, гьединлъидал, кIалъазе кIвелаfeредухъ къечеялъ кIалдиб мацIги бакъван буго, щекъерги дандрекIун буго.

– Жание ячIа, – абун дица гьелъие каву рагьана ва гьелъухъ букIараб кIиябго таргьа кодосаги босун, болъодухъ лъуна. – Дица гьабсагIат чайги гьалила, бокьани жанахIалъуе лъугьа, бокьичIони, азбаралдаго, доба гьутIбузул рагIдукь лъураб столалда нахъа гIодойчIа.

– ЛъикI буго, дир яс, дун гьаний рагIдукьго чIела. Амма чайник гьализегIан яхI гьабизе кIвезе батиларо, дие цодагьаб лъим кье гьекъезе.

Холодильникалъуса цIорораб лъълъел цIураб графинги стаканги босун, дица гьелда цебе, столалда лъуна.

– ТIадегIанас дуе сахлъиги халатал соназул гIумруги кьеги… кири гIемерлъаги. ГIумруялъулго багьаяб гьечIищ гьаб лъълъел къатIра… кинабго къварилъиги пашманлъиги гьалъул къуваталдалъун бахъун араб гIадаб асар лъугьана, абун йоха – хинлъана гьей, къечхьвазегIан лъимги гьекъон. – Сонги жакъаги дирго махIабаздаса ятIалъана… Огь, свакарай куц! – абун жиндирго кIазил рагIалалъ бацIцIана гьелъ свакалъул асаралъги гIетIуцаги цIураб гьумер. Жакъа багIарун бугеб куцгиха. Гьадинаб къоялъ гьаб баркаман рагIад гIадинаб жойищха букIунеб! – абун жийго жиндаго гаргалей рагIулаан гьей, цеберокъоб къадеквен хIадурулей йигей дида.

– ЦIакъго чIамучIлъанищ? – ан гьикъана дица, гьелда цебе квенги лъолаго.

– ЧIамучIлъизего бегьилищ, цогIаги гIадан-инсанги аскIов вукIаго. Дунгояли кидаго цохIо йигей гIадан йигин.

– Бисмиллагь бахъе, кваназе лъугьа. Дирго пастIаниса бакIарараб гIурччинлъи буго. Сонги гьарун рукIана цIурахинкIал, жакъаялдеги гIуна гьеб цIидасан хинкIал гьаризе. ХIалбихьея, кинал лъугьун ругелали…

– Вай, аман, дир яс, дие гIоло гьейгощинай квалквазе кколароан, дун батIаго якъунги йикIинчIо, – абун берал магIил цIуна гьелъул.

– Мун якъун йигилан дицаги абулеб гьечIо, къалъунги бугелъул, хиял бугебниги тIагIам-нигIмат кIалдиб лъезе рекъараб букIина, нижгоги ригькkун кванан ругьунлъун руго, – абун гьей нечечIого йикIине цойги щибдай абилаян ургъулей йикIана дун. – Мун нечечIого кванай, дица гьабсагIат чайги тIела, – ян тIаде яхъана дун.

– Баркала, дир яс. Гьарзалъаги дур рокъоб нигIматги рахIматги, гIумруги халалъаги… – абун разилъи загьир гьабуна гьелъ. – ЦIакъ берцинго буго нужер пастIанибги. Алжаналъул ах гIадин гьайбатго буго. Диеги бокьилаан цо гьадинаб ракьул кесек бугебани.

– Босизе бокьунищ бугеб?

– Ама-ан, дир яс, киса дие гьединаб гIарац?

– Дуца абуна мун мунго цохIо йикIунилан… дур лъималгьечIищ?..

– Руго дир лъималги… – абун расги бокьичIого жаваб гьабуна гьелъ.

– Щайха мун цохIо йигей, лъимазул гьечIищ лъимал?

– Руго, – абун хIалица бахъана гьелъ къватIибе жавабалъе рагIи ва цIидасан риччана гьелъул берал, кигIан дида рихьизе рахчулел рукIаниги. Гьайгьай дида бичIчIана гьелъул рекIел гъварилъуда цо бахчараб пашманлъи букIин.

Амма диргун гьеб ургъел гІахьал гьабизе гьелъие бокьун батиларилан, тІокІалъ рекІелъе яккичІого тезе къасд гьабуна дица.

– Дур эбел-эмен чІаго ругищ? – ан гьикъана гьелъ, жиндирабго кІочене бокьараб гІадин.

– Эмен цевего хвана дир, эбел чІаго йиго.

– Эбелалъул чан сон..?

– Исана лъабкъоялда анцІго тІубала…

– Дунгун гІелбащадай рагІула. Кий, лъида цадахъ гІумру гьабун йигей?

– Иргадал цо-цоязухъ йикІуна гьей, ниж щугоял ругелъул гьелъул – лъабго ясги кІиго васги. Анкьидаса дица отпуск босизе буго, цинги тІолабго моцІалъ эбелги аскІое ячинин йиго. Дирго лъималазе каникулал кьураб мехалъ, рии тІамизеги гьанийго тела эбел, нижедаго аскІой.

– Я БетІергьан, лъималаздаса рохел бихьаги гьелда.

– Амин.

– Гьанжесел гІолилазе херал чагІи рокьуларо. Гьезда кколеб батилаха жал киданиги херлъичІого рукІине ругилан. Кидаяли дунги йикІиндалха гІолохъанай… Амма гІумруялъул талихІ дида бихьичІо. АнцІила цо лъимер буго дир. Рос гІолохъанго хвана. ЦохІо дир мугъзаде бегана киназулго тІалаб-агъаз. Бугеб рухІги жанги кьун хІалтІана, лъимал хІетІалтІа рахъинаризелъун, гьел цогияздаса нахъеккун хутІунгутІиялъе, эмен вукІаравани жал гьадин хутІилароанин ккезе биччангутІизе… Киналго рос-рукъалде руссинаруна. Чорхолъ жан бугебгІан мехалъ гьезулги лъималазда кверчІвазе кІвараб хІаракат бахъана.

– Валлагь, бахІарчияй чІужугІадан йикІине ккола мун, гьебщинаб бакІлъи баччарай… Кодой ккун хьихьизе ккела мун дур лъималаз…

– Вай, дир яс, дуца бицунеб жого щиб? Дунго яхчизе бакІ балагьулей йиго дун.

– Гьелгощинал лъималги рукІун, щай мун янгъизлъуда яхчизе кколей?! Цоцахъа яхъун хьихьизе ккеларищ лъималаз, гьединай эбел?

– Дирго рокъобгІаги хІалхьи толебани дие гьез, хьихьичІонигицин гІайиб гьабилароан.

– Кирха дур ясалги васалги ругел?

– МахІачхъалаялда, Каспийскалда. Гьаниса рикІкІад гьечІеб гъутаналда гІумру гьабулеб буго бищун гьитІинав васасул хъизам.

– Мунго?

– Дун… дунго цохІо…

– Мунго бетІергьанаб рукъищ дур бугеб?

– Гуро. ГьитІинав васгун цадахъ йикІана цодагьаб мехалъ. Цинги гьес азбаралда цо гьитІинаб хъощ гІадаб бакІ бана дие. Гьений йикІунаха дун.

– ГьенисагІаги ячахъулей ятиларогури эс мун?

– Кий йигониги, лъиего квалквал бугей гІадан дун гуроан. ЛъикІаб пенсияги буго дир. Гьебгощинаб дихъа квананги бахъунаро. ТІубараб къоялъего цо рекел чадил гІолей гІадан йиго.

– Гьединлъидал ятилаха мунги, гьедигІан хІалакъай йигей. Мун лъикІго, черхалъе пайда букІинедухъ, рухІ тІагІинаредухъ кваназе ккола. Гьедин бакьал дандерекІинедухъ йикІине бегьилищ?

– КІоларо, дир яс, кваназе. Щекъер тун эхебе жого унаро. Диего гІоло квен гьабизеги бокьуларо.

– НусалъгІаги бачІунарищ жидеего гъабуралъулгІаги цо суркІиниб лъураб кванилжо?

– Дуца бицунеб жо щиб, дир яс, бачІунила дуе.

– Гъеб цІакъ божизе захІматаб жо бугоха, кІудияй. Нусали чияр яс йигилан телин, васасдагІаги эхебе богІоллъи кин унеб, аскІой йигей эбелги кваначІого?

– Кинандай дица гъаб къварилъи баччила. Цебего, цо лъазего лъаларей гІаданалъ абуна дида, дудаго лъаларел чагІазда бицани, ургъелги бигъалъулин, нилъер хІакъалъулъ къватІахъ бицардизе гъелги унарин.

– Дур цІаргицин, росу-ракьцин лъаларей дун, дур хІакъалъулъ щибго бицине киего инаро. Дидехун бикье, бищунго дуе захІмалъараб, баччизе бакІаб… Щиб лъалеб, бигъалъизе бегьула… Дица дирго эбелалъулгун лъай-хъвай гъабила дур. Гъейги цо-цо мехалъ ракІгъоларого йикІуна. Гъелда аскІой йикІине бокьиларищ дуе? Нужерго гІолохъанаб заманалъул, алъулдолъул бицунаго, рекІелгъейги цІикІкІина, заманги кин арабали лъачІого ина?

– РагІи абунцин къварид гъаричІо дица дирго ясал. Амма дуцагІан гъуинал рагІаби гъез дида абичІо, – ян, гъелъ нахъеги рацІцІана магІил цІурал берал.

– Ниж раккизе кватІидал, нижер эбелги ракІхун, пашманлъун ятула нижеда. Къоялъ ниж хІалтІуда рукІиналъул, свакан щвеялъул, гІумруялъул батІи-батІиял тІалабазул пикруго гъабуларо гьелъ.

– Я дир яс, нужали регІидалгІаги нужго унел рагІула эбелалъухъе раккизе. Дунин абуни, дунго уна гъезухъе, амма дида цебе чанги нухалъ нуцІбиги къана гъез.

– Гъелни дур ясалго ратиларо. Киданиги рагІараб жойищ, чохьол эбел жание яккидал, нуцІаги къан жанирего ине кІолел ясал?! ЦояйгІагийищха гъечІей, гурхІел, бичІчІи, гІаданлъиялъул асар чорхолъ бугей?

– Лъимал гІисинаб мехалъ, дида аскІор гъелги тун, хІалтІабаздеги унаан гъел. Доб мехалъ мамочка, мамуля, абун рукІунаан дидехун. Щиялъ дихъа кІвара-тараб гІарцулжоги батІа гъабулаан. Щукру, альхІамдулиллагь, гьанже гъезул лъималги кІудиял гІуна, гІарацги щолеб батиларищха. «Дур гІарацги мунги нижее хІажатай гІадан гуро» – ян абула гъез гьанже. Хвараб къоялъ батизеян нахъе лъолей йикІунаанха дун бугебниги шагьи-пара. ЛъикІалан гІарац гІун букІана. Цо къоялъ балагьидал, щибго хутІичІого тІагІун батана. Гъансил кІулалги рекун, гьанжегІагарги лъеберазарго гъурущ ун батана. АнцІила щуго сон барав, кидаго гІарац гьарулев вукІунев васасул васас гурони, дихъе лъицаниги нуцІаги рагъуларо. Гъес гурони гъеб босизе ресги гъечІо. Гъелъул хІакъалъулъ цІар бахъани, вас дитІего ахІдезе жувала. КигІанго къабулай гьобол гурониги, къварилъи чучизе кІудияй ясалъухъе ун йикІана. Азбаралъуе лъугъуней дун йихьарабго, «ячІиней йихьула» – янги абун, рокъоехун тІерхьун арай, тІокІалъ къватІиецин яккичІо. Каспискалда йигелъухъе индал, «Нижехъ гІемерал гьалбал руго, мунин абуни, цІакъ хашго ретІа-къан йиго… Рокъоего а мун», – илан йигоха абулей.

Лъимал цІалулеб мехалъ Нурадиловасул къотІноб цо гьитІинабго мина босун букІана дица. Гъениб аскІоб букІарабги босун, тІатІалаги биччан, кІудияв васас тІубараб хъала бан буго гъениб. Гъев лъикІаб хъулухъ-

ишалдалъидалха вугев, – абун берал кунчIун рачIана гьелъул, – щивав васасе цо-цо квартираги босана гьес…

– Гьединаб ресалда вугев васасгийищха, кIудияй, мун нахъе гъолей? Мун йикIине бокIонгIагийищха гьесда батIа гьабизе кIолареб?

– ГьевгIаги лъида вихьулев, дир яс. ЛъагIалидасаги батила дида эв вихьичIелдаса. ЦIакъ заман гьечIев чилъидалха эвги.

– Живго ваккуларищ гьев духъе, эбелалъул хIал-хIукму цIехезе?..

– Киса, дир яс, гьедин заман гIолев чи гурелъулха эв. Чан нухалъ аниги, командировкаялъ анилан абула нусалъги. Дирго вацгIаласул яс йигониги, расги лъикIай гьечIо гьесул чIужуги. Васасе бокьунги букIинчIо гьей ячине. Дунго лъикIай лъугьун ячун йикIана… Сонги щун йикIана дун гьезухъе. Дун йихьарабго, рукIкIинарун, кьунсрул дандрегьана гьелъги. Духъе гурейха дун, дирго рокъоейин ячIун йигей, – ин дица абидал, «Гьадинаб рукъищин дуца босун букIараб? Дур букIараб рукъалъул гьаниб цо гамачIгицин хутIунги гьечIин» яхъана гьей.

– Гьениб дудаго гIайиб бугоха. Рукъги дур бугин, васги дур кколин, мунин абуни, нижер бакIалда йигин абизе кколеб букIана дуца нусалда. Лъугьун жаниегун, вас вачIинегIан чIезе кколаан гьений… Дица абилищ гьелда, мун гьеб рукъалъул тIубараб ихтияр бугей бетIергьанчIужу кколилан?

– Кин?!.

– Судалдеги кьунха! Рукъ дуда тIад хъвараб букIанилан гурищ дуцаго абураб.

– Воре, воре, дир яс, херлъараб къоялъ дирго лъималги судалде кьун дида рекъараб букIинаро… Аставпируллагь! Лъиданиги рагIизе гурин, – ан хIинкъун лъугьана гьей, гьебсагIатго суд гьабизе бугебгIанги. – Дир васазги ясазги лъикIа-лъикIал хъулухъазда нухмалъи гьабулеб буго, гIадамазда гьоркьобги гьезул къадру-къимат буго. Дунгун кин рукIаниги, чияр чияс гьел къварид гьарун яги гьезул хIакъалъулъ квешаб рагIи абун дица хIехьеларо. Дие цо гIадан-чи жанив гьечIеб дачаялда жаний чIезе бакI дуца балагьани, гьеб букIинаан дур рахъалъ дие кIудияб кумеклъун. Гьанир гьединал бакIал гIемер ругиланги рагIанин дида.

– Дуе бокьулареб жо гьабизе дун яхъинаро, дур гьелда дагьабниги щаклъи ккоге. Киналго дачабазде хьвадун, гьанирего раккуларел гьезул бетIергьаби цIехон дида хIалкIоларо. Мун гьаний, нижер дачаялда тела, дуе бокьани. Метерго дирго эбелги ячина дица гьание, дуе рекIелгъеялъе.

– Вай, дир хазина, битIахъего рекIелъ къан букIараб гамачI бортун араб хIал лъугьана. Дудаса дун цIакъ разилъана. Дуца дун гIадин, мунги йохизаеги Аллагьас! – абун, тIолабго дунял кьурабгIанги разилъана гьей. Гьабнухалъ гьелъул берал рохалил магIил цIуна. Гьеб къоялъ къаси сордо базе дихъего шагьаралде ячине бокьун букIана дие гьей, амма гьенийго тейилан гьарана гьелъ.

– Дун гьадинги нечезаюна дуца, дир яс. Дурго хIалтIи-пишаги тун, тIубараб къо диде йиссунги инабуна дуца.

– Щибго къварилъи гьечIо. Жакъа гьабичIого хутIараб метерги гьабизе бегьула. Метерги гIодокъо ккола. Къаси нижехъе йилълъуней гьечIелъул, дуе къасиквенги толеб буго, паракъат йикIа, – ян гьелдаги абун, дун рокъое тIадюссана.

Гьеб сордоялъ цо кинабалиго рахIатхвей букIана дир ракIалъе. Дида цееса уней йикIинчIо гьей гIаданги гьелъ бицанщинабги. МугIрул росулъ, гIумру гьабиялъе киналгIаги шартIалги гьечIого – тIабигIияб газил бакIалда рохьоса цIулги баччун, ракги къадада чIван, лъарахъа лъимги цIун, боцIуе ххарил нахърателги гьабун, колхозалдаги хIалтIун, тIадежоялъе анцIила цо бестIалалги тIаде ккун, кигIан къо бихьаниги, къвакIун гурони, екун гьечIо чIужугIадан… гьединал пикрабаз макьу нахъе гъолеб букIана дир бераздаса…

ЛъикIалан заман ана дир эбелги гьей ракIалдаго гьечIого ячIарай гьоболги кIиго яц гIадин цадахъ ругелдаса. Кидаго бицунаан гьез жидецаго нахъа тараб захIматаб гIумруялъул, бихьараб къоялъул. Гьедин бугониги, бищун цере тIадеги рахъун, рогьалилъго пастIанир ратулаан гьел, лъалъалаан бекьанщинаб нигIмат, лъухьулаан азбар, щиб гьабунги, гIиси-бикъинаб хIалтIи-пишаялда рукIунаан.

– ГIурай хIалтIанин, гIелин, гьанжегIаги хIухьбахъи гьабе, Шагьзада, – абун ягъулей йикIунаан дир эбел гьелде.

– ЩибгIаги ишалда йигони букIуна дие хIухьбахъи. Йиччай дун диего бокьулеб хIалтIи-пишаялда квалквазе, – абун, пастIаниб бижанщинаб гIурччинлъи лъимер гIадин, беэдулаан гьелъ. Дир лъимал аскIоре рачIиндал, «Аман, дир меседил маххал», диргиха ругел нужго гIадал «меседал», нуж гьезда релълъунеб куц», – иланги абун, каранде къалаан гьел.

Къалъуда, жиндирго ругьунаб заманалда кьижун кколаан дир эбел.

– Къад гьабураб макьу бищун цIакъабха кколеб! Мунги ега, Шагьзада, цодагьаб мехальниги! – ян абулаан эбелалъ.

– Къадни киса гурин, къасигицин кIоларо, дир яц, дида тIубанго кIотун кьижизе.

– ГIенеккея, яц, Шагьзада, дуца абунаха дур лъимал лъикIа-лъикIаб хъулухъ-ишалда ругилан, гIадамазулъ гьезул адаб –хIурматги бугилан. Гьеб дур баракатин кколеб! Дуца кьуна гьезие тIадегIанаб лъай, рахъинаруна гIадамалълъе. Гьеб эбелалъе кIудияб талихI ккола. Амма цIакъ захIматаб жо ккола, гьез мун – жидерго эбел рикIкIунгутIи. Телевизоралдасан дудаго бихьулагури, улбуз гьаруралъурго рехун тарал лъималаз, кIудиял гIедал, жидерго эбел-эмен ралагьулеб куц. Лъица гьезие гьединаб тарбия кьураб? Эбелалъул ургьирго биччанте лъимал эбел-эмен хириял, битIараб нухде кколелллъун лъугьине. Вай, дир яц, дагьалищха ругел, жидерго лъимал сабаблъун магIу тIезе ккарал эбел-эменги? Аллагьасе щукру гьабе, гьебщинаб гIакъуба-къарилъиялдаса хадубги дуе сахлъи кьун букIиналъухъ, жеги хIалтIи бажарулеб букIиналъухъ, – абун, гьелъие ракI-макI гьабизе лъугьунаан дир эбел. – Дихъ щай мун балагьуларей, гьорон ругел хIатIал, кверал, хIалица махIабиги рахъун гурони, йилъанхъизе кIоларей… Дир ясал рукIинчIелани, щибдай дица гьабилаан?.. ГурхIаха, Аллагь, щибав бусурманчиясда.

МоцIидасаги бана нижер дачаялда Шагьзадаца. Ахирисеб анкьида гьелъул беразулъ цо батIияб пашманлъи загьирлъана. ГIемер яккулей йикIана къотIноехун, лъихьалиго балагьун чIун йигей гIадин, сверухъе балагьулей, гьений лъалхъун йикIунаан.

– Пенсия босизе ине ккола дун, – илан абулаан гьелъ.

– КIи-кIи, лъаб-лъа моцIалъ цадахъгоги босизе бегьулелъул гьеб, гIедегIин щиб? – илан йикIунаан эбел. – Кваназе, гьекъезе бокьун батани, дида абе, дица кинабго чIезабила, – ян, щиб бицунги, гьелъул ракI батулеб рагIи балагьулей йикIунаан эбел. Гьелъул вац-яц рукIинчIелъул, Шагьзада жиндирго яцлъун йихьун, гьелде ругьунлъун йикIана эбел.

Цо къоялъ жиндирго таргьаги босун, ине хиял гьабуна Шагьзадаца.

– Рогьалилъго яхъун, киегIаги гIедегIарай? – илан гьикъулеб рагIулаан гьелда эбелалъ.

– Ина дун, Халун… Таманаб мех бана дица нужехъги. Ничги цIунизе кьураб жолъидал кколеб…

– Валлагь, биллагь, мун къватIие йиччани, дунги гIадан гуро, – абун, жиндаго аскIой гIодой чIезаюна эбелалъ гьей.

– Пенсия босизегIаги ине ккеларищха дун, яц Халун, – илан пашманго гьимана гьей.

– Шагьзада-баба, нижехъа дур ракIхвараб жониги кканищ? – абун дица гьикъидал, гьелъул гьумер хисун ана.

– Дуца бицунеб щиб, дир яс! Дида лъаларо сундалъун дуе баркала кьелебали, кинал рагIабаздалъун дуца гьабураб лъикIлъи бецIилебали, – абун, додинго риччана гьелъул, гьадинги пашманал берал.

– ЛъикI буго, дица мун йиччала рокъое щвезеги, ракIщваралъубе хIетI щвезабун ячIинеги. Амма къасиялде мун нахъюссинчIони, дунго ячIине йигейха дуда хадуй, – илан лъазабуна эбелалъ гьелда.

– Аман, дир яц, церегоялдаса рихьичIо дида дирго лъимал. Кутакалда ракIщун йиго дун… Дун гьезие йокьичIониги, дие гьел рокьулелъулха… КигIан гьезие къабулай гьечIониги, гьезул гьаракь рагIизе, гьезда берчIвазе гIащикъ йикIунелъулха дун.

– Лъала, дир яц, лъала, эбелалъул рекIел хIеренлъиги, гьелъул тIадегIанлъиги… А дурго… НухбитIаги. ЧIалгIиндал, ячIа нижехъего. Дие мун дирго яцгIанги йокьана, – абун, къочана гьелда эбел.

– Дун кватIиларо, ячIина, – янги абун, ана Шагьзада.

Риидалил лъабабго моцI ана. Амма Шагьзада тIокIалъ тIадюссинчIо.

– А, дир яс, щай нилъер Шагьзада ячIинчIеяли лъазабизе. Якке гьелъухъе, дунги цIакъ чIалгIун йигин, – гьарана эбелалъ дида, радалго яхъун.

Дун гъутаналде ине къачIана.

ЛъугIи гьечIеб, хъачIаб ва чIамучIаб авлахъалда цо чанго рукъ бугоан. Хъазалги гьабиги гьенир кигIанги ругоан. РухI бугев чиго вугодайилан ккелеб хIалалъ, рехун тун ругоан, чIвадназде сверулел ругел рукъзал. БатIияв чи тIаде вачIарав лъазабизе гIадин, ахIи балел рукIана гьадалго хъазалги гьабиги.

Аллагьасе рецц, машинаялда рекIунгIаги йикIиндал, лъелго арайани, гьедин щцидалго хIапдолел гьабзазги рахIатбахъун ахIтIолел хъазазги тIутIун язегицин бегьулаан.

Гьеб ахIи-хIуралъ къватIие ахIунищали, цо ригь арай гIадан, жиндирго азбаралъуса къватIиеги яккун, нижер машинаялда аскIоегIан ячIана.

– ЙорчIами, ясай!

– ЙорчIами, ада! Гьаб гъутаналда йикIине ккола Шагьзада абулей гIадан. Гьелъул рукъ бихьизабиларищ дида?

– Вай, дир яс, хванагури, жиндир мунагьал чураяй…

– ЩибгIаги гьелъие ккараб…хвелеб хIалалъ унтарай гIадинги йикIинчIин гьей? – абун, цIоро-гъорон хутIана дун.

– Гьанжени гIолохъаналги холел руго… Цо заманалъ гьаниса тIагIунги йикIана гьей пакъир. Хадуй тIадюссун ячIунги йихьана… Гьелъул кIудияй яс машинаялъ чIванилан рагIидал, гьей бусаде ккана. КIал-мацI, киналго лугби ккун ругилан абулеб букIана. Яс хун кIикъого къо иналде, гьейги къадаралде щвана. Жакъа микьгониги къо батула, гьей хваралдаса. Гьадале долъул гьитIинав васасул мина, – йилан, гьей гIаданалъ кIвербитIун бихьизабуна, дагъабго добегIан бугеб кIитIалаяб мина. ЛъикIалан мехалъ, ракьулъ лъурайгIанги ягъаризе кIвечIого балагьун хутIана дун гьеб минаялъухъ. Гьеб кIудияб рукъалъул хьолбохъго бугоан гIанкIуязул рукъ гIадинаб цо гьитIинабго хьощ гIадаб бакIги. «Гьеле гьеб букIун батизе ккола Шагьзадал рукъ» абун пикру гьабуна дица. ХIуруца бецI гьарурал гIисинал гордал рихьидал дида цере чIана Шагьзадал магIица хIабургъинарурал пашманал берал.

Цо щибалиго камурал гIадин руго ниж. КIочене кIолей гьечIо гьей, къокъабго заманалда нижее бищунго гIагарайлъун лъугьун йикIарай гIадан. Щибаб рузман сордоялъ нижеца гьелъул рухIалдаса садакъаги кьола, дугIа-алхIамги цIалула. Дие кидаго рахIат толеб гьечIо: «Унго, ругодай Дагъистаналда додинал, жидерго эбел-эмен рехун тарал лъимал?» абураб суалалъ.

***Буссинабуна***
***ГIайшат Малачиевалъ.***



## ЦIалдолезул пикраби

### *РЕКIЕЛ ХIАЛ РАГЬУЛЕБ ХАБАР*

*Ахирал соназда магIарулазул адабияталда гьоркьоре рачIарал гIолохъанаб гIелалъул хъвадарухъабазда гьоркьоб хасаб бакI ккола ЧIарада районалъул Улъухъ росулъа ПатIимат ГIабдурахIмановалъ. Гьелъул кучIдулги харбалги рахъана «Гъудуллъи» ва «ХIакъикъат» журналазда, гьединго цогидалги басмабазда. ЦIалдолезе лъикIаб асар гьабуна «ТIугьдул» абураб тIехьалда рахъарал ПатIиматил асараз. «Гъудуллъи» журналалда рахъарал ГIабдурахIмановалъул «Загьруги сабруги», «ХIалтIи балагьулаго», «БецIлъукье тIамураб гали» абурал харбазе мустакъикъаб къимат кьуна хъвадарухъабазги цогидалги литература бичIчIулезги.*

*Гьанже гIагар ПатIимат йосана Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъун. ГIабдурахIмановалда гьеб рохелги баркулаго, махщелчилъиялда гьелъие бергьенлъабиги гьарулаго, кьолеб буго нижеца ПатIиматил харбазул хIакъалъулъ пикраби загьир гьарун журналалъул редакциялде рачIарал макъалабазул цояб.*

* * *

Дие рокьула тIатIавуссун цIализе махщалида хъварал асарал: кучIдул, харбал, къисаби, романал ва гь.ц. Гьединаб, цIалун чIалгIунареб, махщалида хъвараб хабар батана «Гъудуллъиялъул» тIоцебесеб номералда (2017с.) ПатIимат ГIабдурахIмановалъул «БецIулъукье тIамураб гали». Хабар байбихьула махщалида рахъарал хаслихълъиялъул суратаздасан. Гьениб бицунеб буго шагьаралда гьитIинабго рукъги ккун гьитIинабго хъулухъалда вугев магIарулав МухIамадил ахIвал-хIалалъул. МухIамад вуго гьанжего гьанже институт лъугIарав гIолохъанчи: гьесул гIамалги хасиятги буго лъикIаб, лъиданиги гIайиб чIвазе кIолареб. Жинда бажарараб кумек цогидазе гьабизе бокьулев, унго-унгояв сахав чи вуго гьев. Гьале, хIалтIулеб бакIалда гьесда дандчIвала гIолохъанай, берцинай яс Дайгьанат. Гьелда берчIварабго «МухIамадида ракIалде ккана, циндаго бухIараб цIулал хIенехI ургьимесалъубе бортанилан. Гьелъул букIана алжаналдаса ячIарай хIурулгIиналъул гIадаб, хIеренлъиги нечейги жубараб, гIажаибго берцинаб гьумер. Гьелъул тIокIкIарал гIурччинал берал гIадамасухъ ралагьулел рукIана, космосалдаса рачIарал, тIоцере рихьулел чагIазухъ гIадин…» Гьедин, нилъеда – цIалдолездаги сурат цебе чIолеб, асар гьабулеб куцалъ ялагьулей йиго хабаралъул автор МухIамадил бераздалъун Дайгьанатихъ.

Дайгъанатида берчIвараб къоялдаса нахъе тIубан хисанин абизе бегъула гIолохъанчиясул гIумру. Цебе гьас жиндирго ретIа-къаялъул хIисабго гьабулеб букIинчIо, гьанжейин абуни, матIуялъуве гIемер валагьизе лъугьана – Дайгъанатил пикрабаз гьев сундего регIизе толев вукIинчIо. Цо къоялъ гьалмагъасухье арав чи, МухIамад дандчIвала гьесда цадахъ ратарал ясалгун: Мадинагун ва Дайгъанатгун. Гьел къо инегIан цадахъ тира-сверула ва гIемераб жо лъала цоцазул хIакъалъулъ. Лъала Дайгъанат абун йикIинги, гьелъул абурав Москваялда аспирантураялда цIалулев вукIинги. Гьеб дандчIваялда рекIее лъикIаб гуреб асар гьабулел баянал лъаниги, гьез МухIамадил рокьи тIаса камизабичIо – жеги цIикIкIинабуна.

«Унел рукIана къоял… Къойидаса къойиде цIикIкIунеб букIана МухIамадил рекIелъ гьелдехун цIай». «МухIамадида макьилъ бихьана кIудияб берцинаб мина. Гьеб минаялъул гордухъан яккун ячIана Дайгъанат, амма МухIамадида кинго гьелъухье нух бахъизе кIвечIо. ТIаде кIанцIун бачIараб лъадал карачелалъ МухIамад гъварилъуде цIан ана. Цинги гьев бакIаб макьидаса ворчIана…»

ПатIиматида кIун буго «Рокьул гIазаб цIикIкIун цIадулъе ккарасул» сурат бахъизе, гьесул пикраби тартибалда къватIире кьезе, цIалдолел жинца бицунеб жоялда божизаризе, рокьул бацIцIалъи бихьизабизе. Цо санагIатаб минутги батун, МухIамадица Дайгъанатида цIехола: «Дуе вокьулищ дурго абурав?» - илан. Гьелъ гIодое йиччан кьола МухIамадие жаваб: «Дир эбел-инсуца дун дуе кьоларо…»

МухIамадиде цо сахаб къо бачIунаро хадубккун: рукъалъул бетIергьан ячIун (Муслимат) гьесда лъазабула рукъ эркен гьабеян, хIалтIулеб бакIалъул начальник Мусаевасги лъазабула «сокращениялде» кколев вугилан, столалда телефоналда гъоркь лъун батула Дайгъанатица берталъе ахIараб кагъатги. МухIамад сабаб тIагIараб бакIалде ккола. Киналго къварилъаби хадур-цере рачIун гьесул чараго хвезабула.

Кидаго, санагIат гьечIеб хIалалде ккараб мехалъ, МухIамад магIарухъе эбелалъухье гIедегIулаанин бицунеб буго авторалъ. Гьелъухъа бажарун буго цIалдолев божиледухъ, ай, гIумруялда букIунеб куцалда кинабго бихьизабизе – ургъун бахъараб, божулареб жо гьечIо гьениб. Гьанжесалалъ МухIамад росулъе щола бакъанида. Йохарай эбелалъ абула, лъикI кканила мун вачIун, метер гIачиязул ирга нилъеде бугилан (магIарухъ вехь щвечIеб мехалъ жамагIаталъ ирга гьабула рохьдоде хьвадизе). МухIамад вохуца холаго рохьдоде уна, амма маркIачIуда тIадвуссиндал, гIака рокъобе бачIинчIей гIадамалъ цIакъ инжитги гьавула жиндир хIайван билизабун бугилан. Балеб цIадакь МухIамад тIадвуссун магIарде уна. Гьенив свердулаго, бецIаб сардилъ бецIлъиялде тIамураб галиялъул цIар кьун буго ПатIиматица жиндирго хабаралъе.

Дунги магIарухъ гIурав чи вуго. Дица чанго нухалъ пикруцин гьабуна гьаб лъугьа-бахъин нижер росулъ ккараб иш бугилан. Пикрабазги хиялазги, ургъалабзаги ракI бежулеб букIаниги, МухIамадица лъидениги ургъел бикьуларо – гьев ругьунлъун вуго кинабго жанибго хIехьон. МухIамад магIарухъе арал къояз лъугьараб ахIвал-хIалалъ нилъ (цIалдолел) гIажаиблъизарула: Дайгьанатил бертин биххула, абурав Москваялдаса чIужуги лъимерги бачун вачIуна. Иш гьедин ккеялдаса Дайгьанатги щибго пашманлъичIо. ХIалтIулеб бакIалъул (идараялъул) начальник Мусаевасги лъазабула лъикIав хIалтIухъан хIисабалда МухIамад «сокращениялде» ккечIого цIунизе кIванилан, вачIун гьудуласги бицуна жиндица гьесие цIияб рукъ балагьун бугилан.

Хабар лъугIула цIалдолев тIад ургъизе тIамулеб, цадахъго МухIамадидехун гIорхъи гьечIеб гурхIелги бижулеб хIасилалда. Цодагьалги къояз шагьаралда гьев кквезе, гьесие сабру кьезе аскIор нилъго рукIараланищан абураб рекIел бухIиялъул асар бижула. РакIалдеги ккола, авторалъ гьеб жеги халат гьабизе бегьилаанин. Кинабго буго берцинго, хасго махщалида бихьизабун буго МухIамадил рекIел хIал. Бигьаяб жо гьечIо литературияб асар – хасго хабар, кинабго рахъалъ гIадамал божуледухъ хъвазе – гьеб масъала авторалъ цIакъго лъикI тIубазабун буго.

МухIамад вукIараб рокъоса пашманго, гьевги ватичIого уна гIахьалчагIи нахъе. «Янгъизаб, пашманаб сихIкъотIиялда, хадуб балагьун хутIана МухIамад жанив вукIараб гьитIинабго рукъ. РакIалде ккolaaн тIокIалъ киданиги лъилниги хинлъиялъ кIеларин гьеб цIилъизабизеги  ва кидаго МухIамадихъ балагьун къваридго букIинин. Гьеб гьитIинабго рукъ хутIана гIолохъанчиясул анищазулги, ургъелазулги, пикрабазулги, макьу щоларел халатал сардазулги даимаб нугIлъун.

Сахлъиги тавпикъги кьеги ПатIимат ГIабдурахIмановалъе жеги лъикIа-лъикIал цIи-цIиял асарал хъвазе.

***СагIид ГIАЗИЗОВ,***
***Лаваша район,***
***Гъоркьияб ЧIугIли росу.***

# ГІакълуялъул дандерижи

### *ЩИВАС ЖИНДИР РЕКІЕЛЪ БУГЕБ КЬОЛА*

***ВукІанила къедцояв кІиго мадугьал. Гьезул цояв вукІанила къаси-къадги хІалтІун, лъикІалан магІишат данделъарав чи. БукІанила гьесул кьер-кьерал пихъил гъутІбуз берич гьабураб кІудияб ахги. Цогиясулин абуни бицинегІанасеб боцІи-рикъзи букІинчІила. Гьелъие гІиллаги, гьев хІалтІи-пишаялъе дагьав кІохІалав вукІин букІанила. Амма гьесда ракІалде кколаанила жиндир мискинлъиялъе мадугьал гІайибияв вугев гІадин. СанагІалъи ккарабго речІчІизе лъороб лъураб гамачІ гІадин бахчараб, тушманлъиялде свераpаб жахІда букІанила ракІ гІатІидав, хІажаталъе кумекалъул квер гІедерав мадугьаласдехун гьесул.***

***Цо сордоялъ, гІадан-чи кьижараб заманалда жахІдачияс дов мадугьаласул нуцІида кІалтІа лъунила хъураб гІиялъажоялъул ургьимесалда жанисан чІехьараб хъублъиялъул цІураб ведро. Мадугьаласин абуни, чурун бацІцІад гьабун, гІечул, генул, микьиралъулги цІезабун лъунила гьадабго ведро хадусеб сордоялъ гьелъул бетІергьанчиясул нуцІида кІалтІа.***

***Жинца гьабураб нахъегІанлъи мадугьалас бецІараб куцалда гІажаиблъанила гьадав чи. Гьев досухъе тІасалъугьаян гьаризе анилан. Амма мадугьалас абунила:***

***- ТІасалъугьине жо щиб гьениб бугеб? Щивас жинди-жиндир рекІелъ бугеб кьола чиясе. Дуца диеги, дица дуеги нилъе-нилъер рекІелъ бугеб кьуна цоцазе.***

### *БАЧІАНИЛА ГЬЕДИНАБ КЪО*

***Цо чиясул букІанила щунусгониги гІиялъажо. Гьудулзабазе гьабулеб гІаданлъи-хъатиралъеги барахщулароанила гьев, хъун кьарияб бихьун куйгун, цІакъ сахаватго гьабулаанила гьел тІаде рачІиндал гІаданлъи.***

***Цо къоялъ эбелалъ васасда абунила, гьевщинав гьудул вукІунарин, гьел гІолохъаби ругин, жакъа ресалда вугеб мехалда мун хІулулел чагІи. Заман щванин дуе гьезда гьоркьоса гьудулги, гьудул гуревги вичІчІизе, лъазейилан. БачІинин гьединаб, гьудулги гьудул гуревги лъалебги заманилан васасги хабар халат гьабичІила.***

***ГІемер кватІичІого, хІакъикъаталдаги бачІанила гьединаб къо.***

***Цо сордоялъ, бацІазул рехъенги гъорлъ речІчІун, чолониб букІараб щунусабго гІиялъажо чІван батанила гьесул.***

***ЦІакъ хехго тІибитІанила росулъ хабар гьадав чиясул гІиял бацІаз чІваялъул хІакъалъулъ. Киназго зигара балеб букІанила гьесда ккараб къварилъи гІахьал гьабун. Дол гьудулзабийилан гьас толел рукІарал гІолохъабазул цоял рачІанила цебе лъикІаланго кІдияб гІиял рехъенги къотІун, цогиял дагьалго гІиялги рачун. Цо-цоязин абуни, жидер къавулъ анцІго, микьго, анлъго, жеги дагьал гурони гІиял гьечІониги, гьезул ращадалги кьунила дов чиясе. Кканила «гьудулзабазул», жидер рокъоб***

*лъикIалан гIи-боцIи бугониги, кумекали гьесие киса гьабулеб, гьесулгун къварилъи гIахьал гьабизе рачIинчIелги. Гьезда ракIалде кканила гьанже гьесулгун гьудуллъиялъул жидее пайда гьечIилан.*

*Дов чиясул хадусеб соналдего гIиял цере рукIаралдасаги цIикIкIанила, амма гьудулзаби чанго нухалъ дагьъанила. ХутIанила унго-унгоял гьудулзаби.*

## *ДИЦА АЛЛАГЬАСЕ РЕЦЦ ГЬАБУЛА*

*ВукIанила цо ханги, ханасул вукIанила цIакъ гьесие мутIигIав, гIакъилав, кинабго лъикIабги квешабги гьес дандбалев, сундулго божилъи гьабулев вазирги. Ханас жидедаса гьев цеве гьавулев вукIиналъ, ханасул цогидал цересел гIадамазул гIорхъи гьечIеб жахIда бижанила гьесдехун. Гьез хабар биччанила вазирас мадугьалихъ бугеб вилаятальул хангунги рекьон, балъго къотIи гьабун рагIулин нилъер ханлъиги биххизабизе, ханги чIвазе, ракьалги мадугьалзабазул кверщаликье руссинаризе. Гьеб къотIи щула гьабизе, вазир щибаб сордоялъ гIадан-чи кьижараб мехалъ мадугьалихъ вугев ханасухъе унев вугилан.*

*Щванила гьеб хабар ханасухъеги. Гьес, лъидаго божичIого, балъго халккунила вазир сардилъ къватIиве унищали. Щаклъизесеб бихьичIелъул, гьев, цо сордоялъ сардилъ вазирасул рокъове анила. Вугилаха вазир тIутIуkhъухъурал чарухъалги бихъбихъараб гурдеги гурони щибгожо гьечIеб рокъов, гьезухъги балагьун, цIакъ рази-ракиго. Гьесда гIажаиблъарав ханас вазирасда гьикъанила дуца гьабулеб щибилан.*

*- Гьале гьаб ретIел-тIехалъулъ вачIана, хIурматив хан, дун духъе, - ян абунила вазирас. – Дуца дун дудего гIагар гьавуна, вазирлъунги тана, гьанже дие камураб жоги щибго гьечIо. Гьединлъидал, щибаб сордойил дица Аллагьасе рецц гьабула цебесеб къисмат хисун дие гьадинаб гIумру кьуралъухъ.*

*Ханасда кинабго бичIчIанила. Гьес вазирги жеги цIикIкIун жиндего гIагар гьавунила, гьесдаса мацIигъине рачIанщиназеги, тIаде суал кьечIого, кьварараб тамихI гьабунила.*

## *ГЬЕНИБ ГIАЖАИБЛЪИ ГЬАБИЗЕ ЖО ГЬЕЧIО*

*ЯчIанила цо гIакъиласухъе цIакъ пашманго, гIода-чIвадулаго кутакалда берцинай гIолохъанчIужу. Гьелъухъ балагьун гIажаиблъарав кIудияв чияс ккара-тараб щибилан гьикъанила гьелда.*

*- Дица гIадан ватIа вахъичIого киназего гьабула дидаса бажарараб кумек, ракI рагьун бицуна гьезие дирго бугеб лъикIаб-квешалъул, бикьула гьезде ургъел. Амма гIадамаз дун гIаданлъунцин рикIкIунаро. Гьез дун хIакъир гьаюла, гьел дида тIад рельанхъула. Дун лъикIлъанагIан гьел квешлъиялъе гIилла щиб? – илан гIек-гIекиялда гIоданила гьей.*

*- ЛъикI буго, - ян абунила гьелъул хIалги бичIчIун гIакъилас. – ТIаса кинабго ретIелги бахъун, гьабсагIат къватIахъ тира-сверизе ани киндай мун гIадамаз къабул гьайила.*

*- Гьеб мехалъ тIуянго гIадаллъун йигин абилаха дитIе гIадамаз, - ян гIажаиблъанила яс.*

*- Гьелеха, черхги рагьун къватIахъ свердизе бегьулареблъи лъалеб буго дуда, киналго гIадамазе ракI рагьизе бегьулареблъи лъалеб гьечIо. Гьеб кIиялъулго батIалъи щиб – цого гIадаллъи буго. ГIадан вичIчIичIого, лъачIого, гьесул дудехун бугеб балагьи мухIканлъичIого ракI рагьани, батIалъи гьечIого киназего лъикIлъи гьабизеян лъугьани, хIасил гьединаб ккола. ГIажаиблъи гьабизесеб жо гьениб гьечIо.*

## *КЪОКЪАБ ХIАСИЛ*

*ВукIанила цо улка-ракьалда халкъалъ гIакъилавлъун рикIкIунев чи. Цо къоялъ ханас ахIанила гьев жиндихъего ва абунила, гIадамасул гIумруялъул хIакъикъат баян гьабураб гIелму жиндие рагьеян. Рокъовеги ун, нусго тIехьги босун, вачIанила гьев. Гьебщинаб жо цIализе дир заман букIунарин, дагьаб къокъаб баян балагьеян витIанила гьес гIакъил. Анила анцIго сон. АнцIго тIехьги босун вачIанила гьев. Гьел цIализеги дир хIал гIоларин, дагьабги къокъаб хIасил балагьеян абунила ханас. Анила жеги анцIго сон. Цо тIехьги босун гIакъил щвелалде, хан херлъун, унтун, загIиплъун ватанила. Гьес абунила гьеб цо тIехь цIализецин гьанже жинда кIоларин. Дуца гьалгощинал соназ гьелщинал тIахьаздаса гIадамасул гIумруялъул хIакъикъат унго-унголъунги лъазабун батилин, дие чанго рагIиялдалъун гьеб рагьеян.*

*- БетIерчIахъаяв хаян, - ян абунила гIакъилас. – Къоябго соналъ дица цIакъ мухIканго, щибаб рагIиялъул магIна босун цIалана гьадаб нусабго тIехь. Гьезул гIаммаб хIасил батана гьадинаб: гIадан вижула, бихьула лъикIабги квешабги, хола.*



# Гьабги, добги, добцоябги

## МухIмад ПАТАХIОВ



### ЖАКЪАСЕБ МАРГЬУ

**МагIарулав вугевила,**
**МагIарул цо росулъила,**
**Росдал гIамал-гIадаталда**
**ГIумруялде ругьунлъарав.**

**Лъимер эсул – цо ясила,**
**Цоги рижи гьечIебила,**
**ЦохIо йигей эй ясалъулъ**
**Инсул талихI бугебила.**

**Ясгиха эй ракьалда тIад**
**ТIокIай гьечIей гIадайила,**
**РагIабаца борцунареб**
**Берцинлъиги элъулила.**

**ГIамалгиха, гIаламалъе**
**Мисал гIураб бугебила,**
**Махщел-гьунар халкъалъего**
**Къадру тIокIаб щварабила.**

**Элъухъ хIакъдон хIацIдарилел**
**ЦIер гIадинго васалила,**
**ХIалхъублъиялъ ракIал кванан,**
**Киналниги ясалила.**

**ГьарунчагIи гIемерлъиялъ**
**ГIакълу биххун эменила,**
**Эсул хIукму хIакълъизегIан**
**ХIохькъотIун чIун ясгийила.**

**Ругилаха энир рещтIун**
**Щват бугелъан гIолохъаби,**
**Эл васлги рачун щварал**
**Умумулгин вакилзаби.**

Щивас жиндир ирсиласул
Ассабщинаб беццулила,
Базаралда къайи гIадин,
КъватIибе бан, гьурщулила.

Палугьанги энивила,
Анкьгьунарин цIар рекIарав,
ЦIулал устар эзулъила
Ишан-накъищ варакъулав.

ГIакълу-лъаялъ лъалкIал тарав
Тавуш арав гIалимила,
ГIажаибаб пагьмуялъул
ПасихIатав шагIирила.

Суратчиги, чотIахъанги,
Чанахъанги щун ругила;
ЩагIихъанги, гIияхъанги
ГIадамалъ цIар аралила.

Абулезул сияхI кьезе
Сордо-къоцин гIеларила…
ГIаламалда цIар рагIарав
ЦIогьоргицин вугевила.

Эб кIудияб къапиладалъ
Къабулав дурц кин вищилев?
Ункъабго рахъ рекъарав вас
Ясалъе кин валагьилев?

Пикрабиги щущан инсул
АнцIгониги къо анила,
Ахир-къадги гIакълуялъе
ГIагарлъи эс ахIанила.

ЛъикIлъи-квешлъи, ками-тIокIлъи
ТIолазулго борцанила,
Бугеб-гьечIеб, щолеб-толеб
Тартибалда рехсанила.

Ригьнал суал бахIсалъе лъун
Саламатаб мех банила,
«МахIшаралъул цIадираби»
МоцIалъниги хIалтIанила.

НуцIикIалтIа гIолохъаби
ГIенккарилел рукIанила,
РакIал жанир, жалго къватIир –
Икъбал гьарун угьданила.

Анищални киназулго
Зобалазда тирулила,
ТалихIалъул горду къирун,
Бакъ цоясе гьимилила…

Мажлисалъул хIукму хIакълъун,
Къарал нуцIби рагьанила,
Ругьел босун эл васахъе
Эмен живго вакканила.

ЛъутIа-къотIун къабуллъараб
КъватIибе эс бахъанила,
Тухум-кьибил разилъараб
Лъазе эзда гьабунила:

«Гьунар-махщел инсанасе
Бичас кьолеб тIокIлъи буго,
Наслабазе расен толеб
ТалихIалъул хIуби буго.

Батаниги, нилъер къояз
ПарччахIлъуда гIарац буго,
Элъул чвархъи рагIарабго,
Чучулареб гьунар гьечIо.

ГIелму-лъайги гIадамасул
ГIакълуялъул аслу буго,
Эб босизе рес рекъарав
Икъбалалъул къвалакь вуго.

БукIаниги, бечелъиялъ
Бахчулареб щибго гьечIо,
Буголъиялъ къвал къачIони,
ГIакълу гьанже гьури буго».

Гьабин, добин, добцоябин
Далилал эс рачанила,
БоцIи-рикъзи гIемерасул
ГIумру-яшав беццанила.

ГIолохъаби эб хабаралъ
Хагазарун хутIанила,
Херас дурцлъун цIогьорасда
ЦIар чIвараблъи хIакълъанила.

Ясалъгиха, инсул рагIул
МагIна хехго босанила.
БукIинесеб цебе чIедал,
ЧIухIун, хвезе яхъанила.

Бертаде къо цIалевилан
ЦIогьор гьенив хутIанила,
ХутIанщинал долго нухаз
Нахъруссунги рачанила.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кицн, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве* ***«Гьудуллъи».***

